РЦИ-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД

**Маркина Маринæ, Шашлова Валентинæ**

# МАТЕМАТИКÆЙЫ ХУЫМÆТÆГ ÆМБАРЫНÆДТЫ РАЙРÆЗТ

РÆВДАУÆНДÆТТЫ ХИСТÆР КЪОРД
(5–6-АЗДЗЫД)

МЕТОДИКОН ÆХХУЫСЫ ЧИНЫГ
(АХУЫРТЫ КОНСПЕКТТÆ)

*Уагъд æрцыдис Уæрæсейы Федерацийы*
*Ахуырад æмæ наукæйы министрады барлæвæрдæй*

Дзæуджыхъæу

2012

Учебно-методический комплекс подготовлен на кафедре ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института в рамках проекта Федеральной целевой программы развития образования «Развитие учебно-методической и кадровой базы по формированию российской гражданской идентичности в условиях поликультурного образования».

*Авторы проекта* – Р. С. Бзаров, Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева, А. А. Левитская
*Руководители проекта* – Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**74.268.1**

**Маркина М. В., Шашлова В. Ю.**
Развитие элементарных математических представлений: методическое пособие (конспекты занятий). – Владикавказ: СОГПИ, 2012 – 172 с.

**74.268.1**

© СОГПИ, 2012
© Маркина М. В., Шашлова В. Ю., 2012

Ацы методикон æрмæг арæзт æрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрæйы кусджыты хъаруйæ. Методикон æрмæг дзуапп дæтты «Ирон националон ахуырады концепцийы» принципты домæнтæн. Конспекттæ арæзт сты Л. А. Парамоновайы бæрнон редакцигонд «Рæвдауæндæтты сывæллæтты хъомылады, ахуырады æмæ райрæзынады иумæйаг ахуырады дæнцæгон программæ»-йы бындурыл. Уыцы программæ æвдисы рæвдауæндæтты ахуырадон процессы бындурон мидис æмæ бар дæтты, йæ реализацигæнгæйæ, варианттæ æвзарынæн.

Йæ равзæрст баст у, дыууæ æвзагæй цы рæвдауæндæтты пайда кæнынц, уыдоны архайды хатдзæгтæ дзы æвдыст кæй сты, уымæ гæсгæ. Программæ арæзт цыд куыд регионалон æмæ хицæн авторты методикон куыстыты бындур æмæ уымæ гæсгæ хуыйны «Дæнцæгон». Лæвæрд конспектты националон-регионалон компонент рæвдауæндæтты ахуырадон тыгъдады ахсы æххæст бæрнон бынат сывæллоны ахуыры æмæ райрæзынады.

Рæвдауæндæтты иумæйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххæй арæзт æрцыд иумæйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бæрæг дары ахуырты æппæт хуызты дæр æмæ æндæр режимон процессты дæр. Æппæт ахуырты организацион формæ дæр у дæлкъордон – сывæллоны сæрибар архайды бындурыл арæзт.

Сабиты ахуыр кæныны сæйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темæйыл куыст дæр райдайы, къуырийы райдиан арæзт чи цæуы, алфамбылай дунеимæ зонгæ кæныны уыцы ахуыртæй. Уый фæстæ, иннæ ахуырадон æмæ хъомыладон куысты хуызты фæлгæты, арфдæр æмæ уæрæхдæргонд цæуынц темæмæ хауæг æмбарынæдтæ.

Авторты ис ныфс сæ коллегæтимæ коллективон æмгуыстадæй æмæ курæг у, цæмæй ацы методикон æрмæджы тыххæй сæ фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ

ærвитой ахæм адрисыл: 362003, Дзæуджыхъæу, К. Марксы уынг, 36 ЦИППИ, ЮНЕСКО-йы кафедрæ.
Телефон: (8672) 53-89-73

## Хистæр къорды ахуырты бæлвырд архайды пълан

| № | Ахуыры сæр | I вариант (ах./къ.) | II вариант (ах./къ.) |
|---|---|---|---|
| 1 | Хуымæтæг математикон æмбарынæдты фæдыл куыст | 1 | 1 |
| 2 | Ирон ныхасы рæзт | 3 | 1 |
| 3 | Уырыссаг ныхасы рæзт | 2 | 1 |
| 4 | Алфамбылай дунеимæ базонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 5 | Музыкалон аивад | 2 | 2 |
| 6 | Ныв кæныны аивад | 2 | 2 |
| | **Æдæппæтæй** | **11** | **9** |

## Хистæр къорды ахуырты темæтæ

| п/п | Темæйы сæр | Ахуырты нымæц |
|---|---|---|
| 1 | Мæ бинонтæ | 1 |
| 2 | Фæнды мæ алцы зонын | 1 |
| 3 | Мæ райгуырæн бæстыхай | 1 |
| 4 | Мæ бæстæ | 1 |
| 5−6 | Фæззæг | 2 |
| 7 | Зайæгойты дуне | 1 |
| 8 | Цæрæгойты дуне | 1 |
| 9 | Доны бын дуне | 1 |
| 10 | Æрдз − нæ хæдзар | 1 |
| 11 | Æз æмæ мæ буар | 1 |
| 12 | Фынджы уæлхъус хи дарыны æгъдау | 1 |
| 13 | Хæрзад æмæ пайда хæринаг | 1 |
| 14−15 | Зымæг | 1 |
| 16 | Националон костюм | 1 |
| 17 | Транспорт | 2 |
| 18 | Дæсныйæдты дуне | 1 |
| 19 | Спорт | 1 |
| 20 | Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ | 1 |
| 21−22 | Уалдзæг | 2 |
| 23 | Дæхи хъахъхъæн − фыдбылыз! | 1 |
| 24 | Зондджын машинæтæ | 1 |
| 25 | Космос | 1 |
| 26 | Мæргътæ | 1 |
| 27 | Сасчытæ | 1 |
| 28 | Уæлахизы Бон | 1 |
| 29−30 | Сæрд | 1 |

## ХИСТÆР КЪОРДЫ МАТЕМАТИКÆЙЫ АХУЫРТЫ ПЕРСПЕКТИВОН-ТЕМАТИКОН ПЪЛАН

| I ӕрдӕгазон | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Мæй** | **Иумæйаг темæ** | **Ахуырты нымæц** | **Темæ** | **Ахуыры номыр** | **Нысан** |
| **Сентябрь** | Мæ бинонтæ | 1 | Рацыд ӕрмæг зæрдыл ӕрлæууын кæнын. | № 1 | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын предметы иудзинад æмæ хицæндзинæдтæ иртасын; предметтæ равæрын кæнæ фæкъордтæ кæнын зонын.<br>Ныффидар кæнын æмбарынад «хæрх», «хæрхы элемент».<br>Ныффидар кæнын нымад æмæ радон нымад 10-ы онг.<br>Суткæйы афонты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын, пайда кæнын дзырдтæй «знон», «райсом».<br>Адæмы сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарын зонын.<br>Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын: *зиллакк, дæргъдымбыл, ӕртæкъуымон, квадрат, растъкъуымон.*<br>Тыгъдад æмæ фæзы ориентаци кæнын. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Фæнды мæалцы зонын | 1 | Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. | № 2 | Сабиты дарддæр зонгæ кæнын нымæцонтимæ, 10-ы онг нымадимæ; ныффидар кæнын ахæм æмбарынад: предметты нымæц, се 'хсæн цы дæрддзæг ис, уымæй аразгæ нæу; тыгъдадон ахастытæ: *рахизæрдыгæй, галиуæрдыгæй, уæллаг, бинаг, астæуккаг.* Ахуыр сæ кæнын уыци-уыцитæ зонын. |
| **Октябрь** | Мæ райгуырæн бæсты хай | 1 | Æнæхъæн – хай (рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын). | № 3 | Зæрдыл æрлæууын кæнын æмбарынæдтæ «æнæхъæн» æмæ «хай».<br>Хæйттæй æнæхъæн æмбырд кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. Сабиты зонды ныффидар кæнын, æнæхъæн кæдфæнды дæр хайæ стырдæр кæй у, хай та – æнæхъæнæй къаддæр. Дарддæр сæ ахуыр кæнын предметтæ сæ характерон миниуджытæм гæсгæ хæрхытыл къордтæ кæнын. Ахуыр сæ кæнын хæрхы элементты бæрц сбæрæг кæнын; хæрхытæ сæ нымæцмæ гæсгæ абарын – *æмбæрц, иу фылдæр, иу къаддæр.* Предметты æндæрхуызон равæрдæй сæ нымæц кæй нæ ивы, уый сабиты зонды ныффидар кæнын.<br>Сабиты ахуыр кæнын предметтæ бæрæг миниуæг – дæргъмæ гæсгæ систематизаци кæнын. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Мæ бæстæ | 1 | Тыгъдадон ахастытæ | № 4 | Рæзын кæнын тыгъдадон ахастыты æмбарынад, сбæлвырд кæнын ахæм ахастытæ: *рахизæрдыгæй, галиуæрдыгæй, размæ, фæстæмæ, сæрмæ, бынмæ, сæр, бын, фæсте, разæй.* Сабиты ахуыр кæнын предметтæ сæ нымæцмæ гæсгæ къæйттæ аразыны руаджы абарын, модельтæ кæнын сæ ахуыр кæнын. |
| **Октябрь** | Фæззæг | 1 | Цифрæтæ 0, 1, 2, 3-имæ зонгæ кæнын | № 5 | Сабиты зæрдыл æрлæууын кæнын нымæцонтæ 2 æмæ 3-йы арæзт. Предметты нымæц сбæрæг кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. Нымæцонтæ абарын зонын: 1 фылдæр, 1 къаддæр, æмбæрц.<br>Сабиты базонгæ кæнын цифрæтæ 0, 1, 2, 3-имæ. Бацæттæ сæ кæнын нымæцон рæнхъимæ базонгæ уæвынмæ.<br>Ахуыр сæ кæнын предметты нымæц цифрæимæ æмахаст кæнын. Предметты æндæрхуызон равæрдæй сæ нымæц кæй нæ ивы, уый сабиты зонды ныффидар кæнын. Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Фæззæджы тыххæй зонындзинæдтæ сбæлвырд кæнын. Ныффидар кæнын æмбарынад «уæззау – рог».<br>Тыгъдады ориентаци кæныны арæхстдзинадыл куыст. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Фæззæг Дзæуджыхъæуы | 1 | Нымæцонтæ «дыууæ» æмæ «æртæ»-йы амад иуæгтæй | № 6 | Предметты нымæц нымæцонтæ *ноль, иу, дыууæ* æмæ *æртæ*-йæ бæрæг кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. Ныффидар кæнын нымæцтæ абарыны арæхстдзинæдтæ: *иу фылдæр, иу къаддæр, æмбæрц.* Цифрæтæ 0, 1, 2, 3 ныффидар кæнын. Ахуыр кæнын сабиты нымæцонтæ радыгай дзурын. Нымæцон рæнхъимæ базонгæ кæнынмæ сæ бацæттæ кæнын. Ныффидар кæнын радон нымад 3-йы онг. Сабиты базонгæ кæнын нымæцонтæ 2 æмæ 3-йы амадимæ (иуæгтæй). Ахуыр сæ кæнын цифрæ предметты нымæцимæ æмахаст кæнын. Афæдзы афон фæззæджы тыххæй зонындзинæдтæ сбæлвырд кæнын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын предметтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарын æмæ уыцы абарстæн хатдзæгтæ скæнын. |
| **Ноябрь** | Зайæгойты дуне | 1 | Хæххытимæ зонгæ кæнын | № 7 | Сабиты базонгæ кæнын *раст, зылын æмæ саст хæххытимæ.* Ныффидар кæнын нымæцонтæ 2 æмæ 3-йы иуæгтæй амад. Ахуыр кæнын цифрæ предметты нымæцимæ æмахаст кæнын.<br>Ныффидар кæнын радон нымад 3-йы онг. Предметтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарыны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын æмæ æмбарынæдтæ «бæрзонд», «ныллæг», «рæстæмбис»-ы руаджы хатдзæгтæ кæнын. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Ныффидар кæнын хæххытæ сæ дæргъмæ гæсгæ абарыны арæхстдзинæдтæ: «даргъдæр – цыбырдæр». Тыгъдады (уыимæ – пъланмæ гæсгæ) ориентаци кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. |
| | Цæрæгойты дуне | 1 | Лыггагимæ зонгæ кæнын | № 8 | Сабиты базонгæ кæнын лыггагимæ. Ныффидар кæнын *раст, зылын* æмæ *саст хæххыты* æмбарынад. «Ænæхъæн» алкæддæр «хай»-æ стырдæр кæй у, уый ныффидар кæнын. Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Тыгъдады ориентаци кæныны зонындзинæдтæ ныффидар кæнын; предметтæ, сæ асмæ гæсгæ бæрзонддæргæнгæ æмæ ныллæгдæргæнгæ сæ бон равæрын куыд уа. Суткæйы афонты æмбарынад ныффидар кæнын. Ныффидар кæнын 5-ы онг нымад, цифрæтæ 1 æмæ 2-йы зонындзинад. Сабиты ахуыр кæнын хи хъуыдытæ æмæ уынаффæтæм гæсгæ хатдзæгтæ кæнын.<br>Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, хæдхъомдзинад æмæ ныхас.<br>Хъомыл кæнын уарзондзинад æмæ аудгæ ахаст æрдзмæ. Хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ сæ кæрæдзийæн æххуыс кæнын куыд фæнда, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Доны бын дуне | 1 | Хæрхыты абарст, æмиасад æмæ æнæмиасады нысантимæ зонгæ кæнын. | № 9 | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын хæрхытæ аразын æмæ сæ, къæйттæ аразгæйæ, абарын. Базонгæ сæ кæнын æмиасады (« = ») æмæ æнæмиасады (« ≠ ») нысантимæ. Тыгъдады æмæ фæзы ориентаци кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. Геометрион фигурæтæ æмæ хæххыты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. 10-ы онг нымад æмæ цифрæтæ 1, 2, 3-йы зонындзинад ныффидар кæнын. |
| | Нæ хæдзар – æрдз | 1 | Æмбарынад «тын»-имæ зонгæ кæнын. | № 10 | Сабиты базонгæ кæнын æмбарынад «тын»-имæ æмæ «тыны здæхт»-имæ. Ныффидар кæнын 10-ы онг нымад æмæ цифрæтæ 1, 2, 3-йы зонындзинад. Дыууæ хæрхы сæ элементты бæрцмæ гæсгæ абарын зонын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын тыгъдады ориентаци кæнын: р*ахизæрдыгæй, галиуæрдыгæй, уæлæмæ, дæлæмæ.* Ахуыр сæ кæнын модельтæ аразын. |
| | Æз æмæ мæ буар | 1 | Нымæцон тын | № 11 | Дарддæр сабиты зонгæ кæнын «тын» æмæ йæ миниуджытимæ. Базонгæ сæ кæнын æмбарынад «нымæцон тын»-имæ. Бамбарын сын кæнын, нымæц æрмæст предметты бæрц кæй нæ бæрæг кæны, фæлæ ма дæргъбарæн дæр кæй у. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Ныффидар кæнын нымад æмæ цифрæтæ 0, 1, 2, 3-йы зонындзинад; къахдзæфты нымæцимæ цифрæ æмахаст кæнын зонын. Дарддæр сын амонын тыгъдадон æмбарынæдтæ: *рахизæрдæм, галиуæрдæм, уæлæмæ, дæлæмæ;* ахуыр сæ кæнын символты руаджы фæзы ориентаци кæнын. |
| **Декабрь** | Фынджы уæлхъус хи дарыны æгъдау | 1 | Барæнимæ зонгæ кæнын | № 12 | Ахуыр кæнын сабиты барæнæй пайда кæнын. Бамбарын сын кæнын: барæн цавæр у, уымæ гæсгæ уыдзæн барсты фæстиуæг дæр. Базонгæ сæ кæнын æрдзон дæргъбарæнтимæ. 10-ы онг нымад ныффидар кæнын. Барæны руаджы квадрат æмæ расткъуымон раиртасын.<br>Дарддæр сæ зонгæ кæнын хуымætæг сериациимæ: ахуыр сæ кæнын нывтæ кæрæдзийы фæдыл, сюжетмæ гæсгæ, раст равæрын. |
| | Хæрзад æмæ пайда хæринаг | 1 | Цифрæ 4-имæ зонгæ кæнын | № 13 | Нымæцон 4 куыд арæзт у, уый ныффидар кæнын. Базонгæ кæнын цифрæ 4-имæ. Сабиты ахуыр кæнын цифрæ предметты бæрцимæ æмахаст кæнын. Хæрхытæ алыхуызон миниуджытæм гæсгæ дæлхæрхытыл дих кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын: *æртæкъуымон* æмæ *цыппаркъуымон*. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Сабиты ахуыр кæнын, нымæцон тынæй пайда кæнгæйæ, нымæцон рæнхъмæ гæсгæ нымæцонтæ абарын. |
| | Зымæг | 2 | Нымæц 3 æмæ нымæц 4-ы арæзт дыууæ сæхи-цæй къаддæр нымæц-тæй. | № 14 | Сабиты базонгæ кæнын нымæц 3 æмæ нымæц 4-ы къаддæр нымæцтæй арæзтимæ. Бамбарын сын кæнын, ранымад предметтæ куыдфæнды куы равæрæм, уæд дæр сæ нымæц кæй уыдзæни иухуызон. Ахуыр сæ кæнын геометрион фигурæты сæйраг миниуджытæ бæрæг кæнын: *хуыз, конд* æмæ *ас*; лæвæрд миниуджытæм гæсгæ предмет ссарын. Дарддæр сæм рæзын кæнын тыгъдадон ахастытæ: предметæн йæ рахиз фарс, предметæн йæ галиу фарс. |
| **II æрдæгазон** | | | | | |
| **Мæй** | **Иумæйаг темæ** | **Ахуырты нымæц** | **Ахуыры номыр, темæ** | | **Нысан** |
| **Январь** | Зымæг | **1** | № 15. Цифрæ 5-имæ зонгæ | | Ныффидар кæнын нымæц 5-ы арæзт. Сывæллæтты базонгæ кæнын нымæцон 5-имæ æмæ нымæц 5-ы иуæгтæй арæзтимæ. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Сабиты ахуыр кæнын нымæцон предметты бæрцимæ æмахаст кæнын. Ныффидар кæнын алыхуызон миниуджытæм гæсгæ хæрхытæ аразыны арæхстдзинæдтæ. Ныффидар кæнын геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ: *æртæкъумонтæ* æмæ *цыппаркъуымонтæ*. Амонын сывæллæттæн, нымæцонты рæнхъы фæткæвæрдыл æнцойгæнгæйæ æмæ нымæ-цон тынæй пайда кæнгæйæ, нымæцтæ абарын. |
| | Националон костюм | **1** | № 16. Нымæц 5-ы арæзт дыууæ йæхицæй къаддæр нымæцæй. | Сабиты базонгæ кæнын нымæц 5-ы арæзтимæ дыууæ йæхицæй къаддæр нымæцæй. Ныффидар кæнын 1– 5 цифрæты зонынад; цифрæ предметы бæрцимæ æмахаст кæнын. Ныффидар кæнын тыныл раст æмæ иннæрдæм нымад 5-ы онг. Дарддæр сабитæн æмбарын кæнын, нымайгæйæ предметтæ куыдфæнды куы лæууой, уæд дæр нымады фæстиуæг кæй нæ ивы. |
| | Транспорт | **1** | № 17. Цифрæ 6-имæ зонгæ, нымæц 6-ы арæзт иуæгтæй. | Ныффидар кæнын нымæц 5-ы арæзт. Базонгæ кæнын цифрæ 6-имæ, базонгæ кæнын сабиты 6-ы арæзтимæ иуæгтæй. Ныффидар кæнын 6-ы онг раст æмæ фæстæмæ нымад. Сабиты ахуыр кæнын предметты нымæц цифрæимæ æмахаст кæнын. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Ныффидар кæнын практикон æгъдауæй предметтæ, иу иннæуыл æрæвæргæйæ, дæргъмæ абарыны арæхстдзинæдтæ. Дарддæр сабиты ахуыр кæнын нымæцон тынимæ архайын. |
| | Дæсныйæдты дуне | 1 | № 18. Трапеци æмæ ромбимæ зонгæ кæнын. | Сабиты практикон æгъдауæй базонгæ кæнын трапеци æмæ ромбимæ. Ахуыр сæ кæнын фигурæтæ геометрион фигурæты ‘хсæнæй рахицæн кæнын зонын. Нымæцон уадздзæгтæй (тынтæй) пайда кæнгæйæ сæ дарддæр зонгæ кæнын 6-ы онг алы нымæцоны арæзтимæ. |
| | Спорт | 1 | № 19. Цифрæ 7-имæ зонгæ, нымæц 7-ы арæзт иуæгтæй. | Ныффидар кæнын нымæц 7-ы арæзт. Базонгæ сæ кæнын цифрæ 7-имæ. Нымæц 7-ы иуæгтæй арæзтимæ сæ базонгæ кæнын. Сабиты ахуыр кæнын, барæнæй (мерка) пайда кæнгæйæ практикон æгъдауæй дæргъ барын. Ахуыр сæ кæнын барæнты бæрц æмæ цифрæ æмахаст кæнын. Нымæцон тынæй пайда кæнгæйæ сæ ахуыр кæнын нымæцон рæнхъмæ гæсгæ нымæцтæ абарын. |
| | Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ | 1 | № 20. Æмбарынад «къуыри»-имæ зонгæ кæнын. | Сабиты базонгæ кæнын æмбарынад «къуыри»-имæ. Ахуыр сæ кæнын къуырийы бонтæ кæрæдзийы фæдыл дзурын. Ныффидар кæнын авды онг радон нымад, 1-æй 7-ы онг цифрæты зонынад. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Ахуыр сæ кæнын нымæц бæрцимæ æмахаст кæнын. |
| | Уалдзæг | 2 | № 21. Цифрæ 8-имæ зонгæ, нымæц 8-ы арæзт иуæгтæй. | Сабиты базонгæ кæнын цифрæ 8-имæ. Ныффидар кæнын нымæц 8-ы арæзт. Нымæц 8-ы иуæгтæй арæзтимæ сæ базонгæ кæнын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын къуырийы бонтæ дзурын. Ныффидар кæнын радон нымад 8-ы онг. |
| | | 1 | № 22. Æмбарынад «бæрцуат» (гуырахст). | Сабитæн бацамонын бæрцуаты (гуырахсты) тыххæй æмбарынад; мигæнæнтæ сæ бæрцуатмæ гæсгæ, иуæй иннæмæ æвгæнгæйæ, абарын. Ахуыр сæ кæнын бæрцуат барæнæй сбарын; барсты фæстиуæг барæны хуызимæ баст кæй у, уый сын бамбарын кæнын. 8-ы онг нымад ныффидар кæнын, хæйттæ æмæ æнæхъæны бастдзинад амонын. |
| | Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз! | 1 | № 24. Цифрæ 9-имæ зонгæ, нымæц 9-ы амад иуæгтæй. | Базонгæ кæнын цифрæ 9-имæ æмæ нымæц 9-ы иуæгтæй бæрцон арæзтимæ. 1-æй 9-ы онг нымад. «Хæрх»-ы тыххæй зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын. Сабитæн бамбарын кæнын, предметты бæрц нымады арæзтимæ баст кæй нæу, ома кæцырдæм фæнды нымайгæйæ дæр предметты бæрц кæй нæ ивы; нымæц бирæкъуымоны къуымты бæрцимæ æмахаст кæнын. Ахуыр сæ кæнын æнæ искæй æххуысæй нымæцон тынимæ архайын. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Космос | 1 | № 25. Конусимæ зонгæ кæнын. | Сабиты базонгæ кæнын конус æмæ йæ миниуджытимæ. Куб æмæ тымбылæджы (шары) тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Сабиты базонгæ кæнын хахнывы (чертеж) æмбарынадимæ. |
| | Мæргътæ | 1 | № 26. Цифрæ 10-имæ зонгæ кæнын, нымæц 10-ы арæзт иуæгтæй. | Ныффидар кæнын нымæц 10-ы арæзт. Сабиты базонгæ кæнын нымæц 10-ы нысанимæ, 10-ы иуæгтæй арæзтимæ. Ахуыр сæ кæнын, нымæцон тынæй пайда кæнгæйæ, нымайын 1-æй 10-ы онг æмæ фæстæмæ; лæвæрд нымæцæй фылдæр кæнæ къаддæр нымæцтæ арын. Ныффидар кæнын гуырахстон фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ. Мигæнæны цы ис, уымæн йæ бæрц мигæнæны формæйæ аразгæ кæй нæу, уый сын бамбарын кæнын. |
| | Сасчытæ | 1 | | Дарддæр сабиты ахуыр кæнын абарсттæй пайда кæнын: «фылдæр», «къаддæр», «æмбæрц»; базонгæ сæ кæнын абарсты нысæнттимæ: « > », « < ». Ныффидар кæнын нымайыны фæлтæрддзинад; геометрион фигурæтæй аразын «змæлгæ модельтæ», тыгъдад æмæ рæстæджы ориентаци кæнын *(рахиз, галиу)*, æмбарынæдтæ «знон», «абон», «райсом». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Уæлахизы Бон | 1 | №28. Цилиндримæ зонгæ кæнын. | Сабиты базонгæ кæнын гуырахстджын фигурæ «цилиндр»-имæ. Дарддæр сæ ахуыр кæнын абарсты терминтæй пайда кæнын: «фылдæр», «къаддæр», «æмбæрц» («æмиасад»). 10-ы онг раст æмæ фæстæмæ нымад ныффидар кæнын. Предметтæ сæ асмæ гæсгæ стырдæр кæнæ къаддæргæнгæ раст равæрыны арæхстдзинадтæ ныффидар кæнын. |
| | | 2 | № 29. Иу æнæхъæн цалдæр хайыл дих кæнын. | Сабиты ахуыр кæнын æнæхъæн нымæц 2, 4, 8 æмхуызон хайыл дих кæнын; ахуыр сæ кæнын хæйттæн сæ ас æмæ сæ бæрцы ’хсæн бастдзинад бæлвырд кæнын. Дарддæр фидар кæнын: къуырийы бонты нæмттæ; тыгъдадон ахастытæ *(рахиз, галиу)*; лæвæрд хæслæвæрдмæ гæсгæ хæрхытæ æмбырд кæныны æмæ предметты дæргъ барæнæй абарыны арæхстдзинæдтæ. |
| | Сæрд | 2 | № 30. Хатдзæгтæ кæныны ахуыры сахат. | Хæрхытæм гæсгæ алфамбылай дунейы тыххæй сабиты зонындзинæдтæ уæрæхдæр æмæ фидардæр кæнын. Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ геометрион фигурæтæ æмæ хæххыты, ас, бæрц æмæ рæстæджы ахастыты тыххæй. Ныффидар кæнын 10-ы онг нымад, 10-ы онг нымæцты амад иуæгтæй æмæ 5-ы онг нымæцты арæзт дыгай къаддæр нымæцтæй. |

**Иумæйаг темæ: «Мæ бинонтæ».**
**Темæ: «Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын».**
**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын предметы иудзинад æмæ хицæндзинæдтæ иртасын.

– Предметтæ равæрын кæнæ фæкъордтæ кæнын зонын. Ныффидар кæнын æмбарынад «хæрх», «хæрхы элемент».

– Ныффидар кæнын нымад æмæ радон нымад дæсы онг.

– Суткæйы афонты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын, пайда кæнын дзырдтæй «знон», «райсом».

– Адæмы сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарын зонын.

– Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын, пайда кæнын дзырдтæй «знон», «райсом».

– Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын: зиллакк, дæргъдымбыл, æртæкъуымон, квадрат, расткъуымон.

– Тыгъдад æмæ быдыры (на плоскости) ориентаци кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад; предметты миниуджытæ абарыны бындурыл хатдзæгтæ кæнын зонын; рæзын кæнын сабиты хъусдард, хæдхъомад æмæ комбинаторон арæхстдзинæдтæ.

– Фидар кæнын сабиты æхсæн зæрдæхæлар ахастытæ, кæрæдзийæн сæ æххуыс кæнын куыд фæнда.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Суткæйы афонтæ æвдисæг нывтæ – сæумæрайсом, бон, изæр, æхсæв.

**Райуаринаг.** Нывтæ (уæлæдарæс, мигæнæнтæ, хæдзары дзауматæ, геометрион фигурæтæ æмæ æнд. ах.

предметтæ). Геометрион конструктор.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Фæцис афæдзы уарзондæр афон − сæрд. Адæм сæрды фæцæуынц денджызы былмæ, хохмæ, ацæуынц балцы, иу дзырдæй, сæрд у улæфты рæстæг. Сымах та кæм уыдыстут сæрды? Кæимæ?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Куысты рæстæг дæр æмæ улæфты рæстæг дæр мах фидар хæцæм фæткæвæрдыл.

**Д/хъазт «Хъуыдыйад кæронмæ ахæццæ кæн».**

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй хъуыдыйад кæронмæ ахæццæ кæной æмæ нывты хæрхæй хъæугæ ныв равзарой.*

**Хъ.** Мах райхъал вæййæм…

**С.** Райсомæй.

*Сабитæй иу ссары хъæугæ ныв («сæумæрайсом») æмæ йæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры. Дарддæр уыцы хуызы равæрынц «бон», «изæр» æмæ «æхсæв»-ы нывтæ дæр.*

**Хъ.** Райсомæй хæрæм аходæн, сихор та хæрæм…

**С.** Бонæй.

**Хъ.** Сабитæ бонæй тезгъо кæнынц, хистæртæ та кусгæ кæнынц. Æмæ куыстæй та кæд æрбацæуынц?

**С.** Изæрæй.

**Хъ.** Изæрæй мах улæфгæ кæнæм, æхсæвæр бахæрæм, фæлæ фынæй та кæд фæкæнæм?

**С.** Æхсæвы.

**Хъ.** Раст загътат. Ныр та æркæсут нывтæм. Райсомæй ма цы фæкусæм?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Æхсæвы хъазæн ис? Зарæн æмæ кафæн та? Цæуылнæ?

**С.** Уымæн æмæ æхсæвы адæм иууылдæр фынæй фæкæнынц æмæ мах бахъыгдардзыстæм нæ хионты, нæ сыхæгты.

**Хъ.** Бинонтæ хъуамæ кæрæдзиуыл аудой, боны фæтк æххæст кæной, æмæ уæд сабитæ уыдзысты æнæниз, хъæддых æмæ тыхджын. Æмæ сымах боны фæтк æххæст кæнут?
**С.** О!
**Хъ.** Сымах сæрды дæргъы тынг сырæзтыстут, æмæ уæ чи бæрзонддæр у, уый нал зонын. Сбæрæг æй кæнæм?
**Д/хъазт «Асмæ гæсгæ æрлæууæм».**

*Сабиты зæрдыл æрлæууын кæнын 10-ы онг радон нымад.*

*Хъомылгæнæг зæгъы, цæмæй сабитæ асмæ гæсгæ æрлæууой æмæ зæгъой сæ радон номыртæ. Кæд сабитæй исчи къуылымпы кæна, уæд ын иннæтæ æххуыс кæнынц. Хъомылгæнæг сбæрæг кæны фæстаг сабийы номыр æмæ зæгъы: «Æдæппæтæй 10 сывæллоны». Дарддæр хъомылгæнæгæн йæ бон у уæлæмхасæн фæрстытæ раттын. Зæгъæм: «Дæ рахиз фарс чи лæууы, уый дæуæй бæрзонддæр у æви ныллæгдæр? Зарæ, уæ бинонты 'хсæн дæуæй ныллæгдæр чи у?*
**Хъ.** Ныр та, æфснайын куыд зонут, уый сбæрæг кæнæм.
**Д/хъазт «Фæтк скæнын».**
*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй, гауызыл цы нывтæ ис, уыдонмæ æркæсой. Нывты – алыхуызон предметтæ.*
**Хъ.** Ацы нывтæн хъæуы фæтк скæнын. Хъуамæ нывтæй хæрхытæ саразæм æмæ стæй зæгъæм, цавæр хæрх у æмæ дзы цал элементы ис, уый.

*(Алы саби дæр æмбырд кæны хæрх: уæлæдарæс, хæдзары дзауматæ, мигæнæнтæ, хъазæнтæ æмæ а. д. Алы хæрхы дæр – 5–6 элементы. Зæгъæм, хæдзары дзауматы хæрхы ис: бандон, стъол, скъапп æ. а. д.).*
**Хъ.** Сæ хæрхыты кæмæнты ис æмбæрц элементтæ? Сæ хæрхыты нæмттæ æмхуызон кæмæнты сты? Æппæты фылдæр элементтæ кæй хæрхы ис? Æппæты къаддæр элементтæ та кæй хæрхы ис? Сергей æви Элинæйы хæрхы

ис фылдæр элементтæ? Цал элементы фылдæр?
*Кæд сабитæй исчи, йæ хæрх æмбырд кæнгæйæ, фæрæдийа, уæд ын йе 'мбæлттæ феххуыс кæнæнт – хъуамæ сабитæ кæрæдзийæн æххуыс кæной.*
*Цы хæрхытæ æрæмбырд кодтой, уыдонæй иу у геометрион фигурæты хæрх. Хъомылгæнæг сæ фæрсы, фигурæтæ куыд хуыйнынц, уымæй, кæнæ, цы фигурæйы ном зæгъа, уый хъуамæ сабитæ равдисой.*
**Д/хъазт «Геометрион конструктор».**
*Дарддæр хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй геометрион фигурæтæй равæрой нывтæ. Уыцы нывтæ сæ бон балæвар кæнын уыдзæн сæ ныййарджытæн кæнæ хæстæджытæн. Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус æмæ, хъæугæ фигурæтæ æвзаргæйæ, алчи йæхи ныв равæры. Хъомылгæнæг 2–3 сывæллоны фæрсы, сæ нывтæ цавæр фигурæтæй арæзт сты, уымæй.*
**Хъ.** Уæ къухты геометрион фигурæты хæрхæй рауадис ног хæрх – нывты хæрх.
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Уæ ныййарджытæн æхсызгон уыдзæнис сымахæй лæвæрттæ райсын?
**С.** О! Тынг æхсызгон сын уыдзæн.
**Хъ.** Равдисут-ма, сæ мидбылты куыд бахуддзысты, уый. Сымахæн та æхсызгон уыдзæн лæвæрттæ кæнын? Цæмæн?
*Сабиты дзуæппытæ.*

*2 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Фæнды мæ алцы зонын».**
**Темæ: «Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын».**
**Нысантæ:**

– Сабиты дарддæр зонгæ кæнын нымæцонтимæ, 10-ы онг нымадимæ; ныффидар кæнын ахæм æмбарынад: предметы нымæц, се 'хсæн цы дæрддзæг (расстояние) ис, уыимæ баст нæу; тыгъдадон ахастытæ:

рахизæрдыгæй, галиуæрдыгæй, уæллаг, бинаг, астæуккаг. Ахуыр сæ кæнын уыци-уыцитæ базонын.

– Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад, сæ бон куыд уа геометрион фигурæтæн анализ æмæ синтез скæнын, абарын; рæзын сын кæнын сæ хъусдард æмæ мысæнуат.

– Хъомыл сæм кæнын зæрдæхæлар ахастытæ иумæйаг куысты руаджы.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Тæрхæджыты нывгæ (кæнæ макет):

– 1 тæрхæг – чашкæтæ: 3 стыртæ, 2 гыццылтæ;

– 2 тæрхæг – аргъау «Булкъ»-ы архайджытæ;

– 3 тæрхæг – пирамидæ, пуртитæ: 2 стыртæ, 3 гыццылтæ;

– кубиктæ: 10 сырхытæ æмæ 10 æрвхуызтæ;

– геометрион фигурæтимæ дзæкъул.

**Райуаринаг.** Хъазт «Геометрион конструктор»-æн геометрион фигурæтæ.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ хъомылгæнæджы раз лæуууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах уыдыстут гыццылтæ, ныр та стут…

**С.** Стыртæ.

**Хъ.** Стæй та суыдзыстут…

**С.** Ноджы стырдæртæ.

**Хъ.** Уыдыстут æдых, ныр та стут…

**С.** Тыхджын.

**Хъ.** Стæй та суыдзыстут…

**С.** Ноджы тыхджындæр.

**Хъ.** Уыдыстут зонджын, фæлæ ма дарддæр дæр куы ахуыр кæнат, кæсын, фыссын æмæ нымайын куы базонат, уæд та цавæртæ суыдзыстут?

**С.** Ноджы зонддджындæр.
**Хъ.** Зонддджындæр суæвынæн уын баххуыс кæндзæн математикæ. Математикæ нæ цæуыл ахуыр кæны, уый чи зоны?
**С.** Нымайын, хынцинаг райхалын, абарын æмæ а. д.
**Хъ.** Æмæ нæ, цымæ, кæм бахъæудзæн нымайын? Уынджы? Рæвдауæндоны?
*(Сабиты дзуæппытæ)*
**Хъ.** Дуканийы нæ нымайын бахъæуы? Кæд нæ бахъæуы нымайын?

*(Сабиты дзуæппытæ. Хъомылгæнæг æвдисы дуканийы ныв: уæллаг тæрхæгыл – чашкæтæ: 3 стыртæ, 2 гыццылтæ; астæуккаг тæрхæгыл – аргъау «Булкъ»-ы архайджытæ; бинаг тæрхæгыл – 2 стыр пуртийы, пирамидæ, 3 гыццыл пуртийы.)*
**Хъ.** Цал чашкæйы ис уæллаг тæрхæгыл? Цы ис бинаг тæрхæгыл? Уæллагыл? Астæуккагыл? Цал сты стыр (гыццыл) чашкæтæ? Кæцы тæрхæгыл сты? Цал сты æдæппæтæй пуртитæ? Цал сты стыр (гыццыл) пуртитæ? Кæцытæ сты фылдæр? Къаддæр? Цал пуртийы къаддæр сты? Куыд æй сбæрæг кæнæм? Пирамидæйы рахизæрдыгæй цы ис? Галиуæрдыгæй та? Банымайут-ма, булкъ цалæй тыдтой? Чи уыдис фыццаг? Дыккаг? *(Æмæ а. д.)* Нымайгæйæ кæцы ныв у?
Банымайут, цал цæрæгойы тыдта булкъ? Адæймæгтæ та цал уыдысты?
Дуканийы ма уæй кæнынц сырх æмæ æрвхуыз кубиктæ. Банымайут, сырхытæ цал сты?
**Д/хъазт «Геометрион конструктор».**
*Алы сабимæ дæр – геометрион фигурæтæ. Сабитæ хуызæгмæ гæсгæ равæрынц нывтæ.*
**Хъ.** Ныр та хъазгæ акæнæм, фæлæ хъазгæйæ дæр хъуамæ нымайын зонæм.
**Хъазт «Банымай».**

**Хъ.** Цы бонтæ зæгъон, уыдон банымайут:
– абон, райсом, иннæбон;
– знон, абон, райсом, иннæбон.
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Ранымайут афæдзы афонтæ. Цал сты, уый банымайут.
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Æдæппæтæй цал хуызы халсартæ сты, уый банымайут:

Нана базарæй æрбацыд,
Æмæ кодта тынг уæззау цыд.
Уыд йæ хызыны картоф,
Къабуска 'мæ цæхæра.
Ноджы уырыдзы, хъæдур,
Æмæ иу баст хъонтхора.

**Хатдзæг.**
**Хъ.** Тынг хорз зонут нымайын! Фæлæ ма хъуамæ тынг бирæ базонат. Æмæ уын уæд алкæд æмæ алкæм дæр математикæ æххуыс кæндзæн.

*3 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Мæ райгуырæн бæстыхай».**
**Темæ: «Æнæхъæн – хай». Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**
**Нысантæ:**

– Сабиты зæрдыл æрлæууын кæнын æмбарынæдтæ «æнæхъæн» æмæ «хай».
– Хæйттæй æнæхъæн æмбырд кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын.
– Сабиты зонды ныффидар кæнын, æнæхъæн кæдфæнды дæр хайæ стырдæр кæй у, хай та – æнæхъæнæй къаддæр.
– Дарддæр сæ ахуыр кæнын предметтæ сæ характерон миниуджытæм гæсгæ фæкъордтæ кæнын хæрхытыл.

– Ахуыр сæ кæнын хæрхы элементты бæрц сбæрæг кæнын; хæрхытæ сæ нымæцмæ гæсгæ абарын – *æмбæрц, иу фылдæр, иу къаддæр.*

– Предметты æндæрхуызон равæрдæй сæ нымæц кæй нæ ивы, уый сабиты зонды ныффидар кæнын.

– Сабиты ахуыр кæнын предметтæ бæрæг миниуæг – дæргъмæ гæсгæ систематизаци кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, мысæнуат, комбинаторон арæхстдзинæдтæ; геометрион фигурæтæй нывтæ равæрыны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын.

– Фидар кæнын сабиты æхсæн зæрдæхæлар ахастытæ, кæрæдзийæн сæ æххуыс кæнын куыд фæнда.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Нывтæ – хохаг цæугæдон, хид, хæхтæ, хæдзæрттæ; Дзæуджыхъæуы ныв.

**Райуаринаг.** Цæугæдоны схематикон ныв (йæ нарæг хайæ фæтæн хайы онг) дыууæ хайыл лыггондæй; стъæлфытимæ (1–10) карточкæтæ; гæххæтты уадздзæгтæ – хидтæ – сæ дæргъ алыхуызон, сæ уæрх – æмхуызон. Æдзард æмæ цардæгас æрдзы нывты хæрх. Геометрион конструктор.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Мах цæрæм тынг рæсугъд республикæйы. Цымæ куыд хуыйны?

**С.** Цæгат Ирыстон-Алани.

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй æркæсой æрдзы нывтæм æмæ дзы, нæ райгуырæн бæстыхаймæ кæцытæ нæ хауынц, уыдон сæвзарой. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ.** Цы нывтæ нæм баззад, уыдон нын æвдисынц нæ бæстæ – уæлдай нывтæ айстам. Цал нывы ма дзы баззад?

**С.** Фондз.

*Хъомылгæнæг нывтæ равæры ахæм хуызы: цæугæдон, хид, хæхтæ, хæдзар, горæт (зæгъæм, Дзæуджыхъæу) æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй ацы нывтæм гæсгæ ацæуой экскурсийы.*

**Хъ.** Кæд хъуамæ араст уæм, райсомæй, бонæй æви изæрæй?

**С.** Райсомæй.

**Хъ.** Цæмæн?

**С.** Цæмæй фæстæмæ афойнадыл æрбаздæхæм.

**Хъ.** Æхсæвыгон балцы цæуæн ис?

**С.** Ис, фæлæ æхсæв талынг вæййы, фæндаг нæ фæзыны, тæссаг у фæдзæгъæл уæвынæй, дзыхъхъы ныххауынæй кæнæ былæй ахауынæй.

**Хъ.** Нæ республикæйы ис бирæ цæугæдæттæ. *(Æвдисы цæугæдоны ныв.)* Къорды уаты ссарут иннæ ахæм ныв – уым уыдзæн хæслæвæрд. *(Сабитæ ссарынц цæугæдоны ныв.)* Хъуамæ базонат уыци-уыци. Цæугæдон у хæйттыл лыггонд, цæмæй фæстæмæ æнæхъæн суа, уый тыххæй цы бакæнын хъæуы?

*(Сабитæ архайынц цæугæдон хæйттæй æрæмбырд кæныныл. Кæд къуылымпы кæной, уæд сын хъомылгæнæг фæрстыты руаджы æххуыс кæны.)*

**Хъ.** Цæугæдонæн йæ райдайæн кæм ис?

**С.** Хæхты.

**Хъ.** Куыд фæзыны цæугæдон, ома цæмæй райдайы?

**С.** Цæугæдон райдайы лыстæг нарæг къанауæй.

**Хъ.** Уыйфæстæ баиу вæййы æндæр къанæуттимæ æмæ дзы рауайы гуылфгæнгæ цæугæдон, фæтæндæргæнгæ цæуы.

*Сабитæ иумæйагæй архайынц. Алы сабимæ дæр – цæугæдоны «хай». Сабитæ «цæугæдон» æмбырд кæнынц пъолыл (пирамидæйы хуызы), æппæты нарæгдæр хайæ райдайгæйæ, фæстагмæ – фæтæндæр хæйттæ. Сабитæ ахуыр кæнынц иумæйаг архайдыл.*

*Фæстагмæ цæугæдон æмбырдгонд æрцыд (хуызджын*

*гæххæттæй). Цæугæдоны дæргъ сабиты нымæцæй аразгæ у. Хъомылгæнæг сбæлвырд кæны сабитимæ, 1 æнæхъæн 1 хайæ стырдæр кæй у, уый.*
**Хъ.** Уæдæ нæ разы ис цæугæдон. Фæлæ йæ сæрты та куыд ахизæм?

*(Сабиты дзуæппытæ: нарæгдæр кæм у, уыцы ран; йæ сæрты агæпп кæнæм; хидыл ахизæм.)*
**Хъ.** Æмæ хид нæй, уæд куыд кæнæм?
**С.** Саразæм хид.
**Хъ.** *(æвдисы хиды ныв).* Ссарут та нæ къорды уаты æндæр ахæм ныв. Уый та уын баххуыс кæндзæн.

*(Сабитæ ссарынц ныв. Нывимæ – хæслæвæрд, стъæлфытимæ карточкæтæ.)*
**Хъ.** Цæмæй хид саразæм, уый тыххæй уал хъуамæ фæкъæйттæ уæм (разбиться по парам).
**Д/хъазт «Ссар дæ къай».**

*Сабитæ райсынц карточкæтæ. Алы карточкæйыл дæр стъæлфыты (1–10) хæрх. Сабитæ къорды уаты тезгъо кæнынц (гæнæн ис – музыкæимæ) æмæ ссарынц сæ къæйттæ, ома йæ карточкæйыл уал стъæлфы кæмæн ис, ахæм сывæллон, фæлæ стъæлфытæн се 'вæрд æндæрхуызон у.*
**Хъ.** Ныр уæ алкæмæн дæр ис къай – æмбал, алчи уæ йе 'мбалимæ араздзæн хид. *(Æвдисы сабитæм хуызджын гæххæтты уадздзæгтæ, сæ уæрх у иухуызон, сæ дæргъ та – алыхуызон.)*
**Д/хъазт «Сараз хид».**
**Хъ.** Мæнæ уын хид аразынæн хъæдтæ. Æмхуызон сты æви алыхуызон?
**С.** Сæ дæргъ алыхуызон у.
**Хъ.** Раст загътат. Уый ууыл дзурæг у, æмæ ахæм хид цæугæдоны сæрты кæмфæнды нæ авæрдзынæ. Кæм æй авæрын хъæуы, уый та хъуамæ сымах базонат.

*Алы къай дæр райсы иу хъæд æмæ йæ хъæугæ ран æрæвæры. Зæгъæм: цыбыр хид æрæвæрын хъæуы, цæугæдон нарæгдæр кæм у, уыцы ран. Уый фæстæ хъомылгæнæг æвдисы хæхты ныв.*

**Хъ.** Ссарут къорды уаты иннæ ахæм ныв.

*Сабитæ ссарынц хæхты ныв. Нывимæ – иннæ хæслæвæрд (нывты хæрх): æдзард æрдз, цардæгас æрдз.*

**Хъ.** Æркæсут æмæ зæгъут, цæй нывтæ сты?

**С.** Æнæуд æмæ цардæгас æрдзы нывтæ.

**Хъ.** Раст загътат. Æрдз æнæхъæнæй дæр дих кæны дыууæ хайыл: æдзард æмæ цардæгас æрдзыл. Рахицæн кæнут ацы дыууæ хæрхы.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хъомылгæнæг айсы æдзард æрдзы нывтæ æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй цардæгас æрдзы хæрх адих кæной æндæр хæрхытыл. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Уый фæстæ 3 сабийы радыгай радзурынц сæ хæрхыты тыххæй: цавæр хæрх у æмæ дзы цы цал элементы ис. Хъомылгæнæг иннæ сабитæм ратты алыхуызон фæрстытæ.)*

**Хъ.** Нæ хæрхытæн сæ нæмттæ æмхуызон сты? Кæй хæрхы ис фылдæр элементтæ? Кæмæ ис фылдæр нывтæ, Катямæ æви Зарæмæ? Цал фылдæр сты? Къаддæр та кæмæ ис, Аланмæ æви Стасмæ? Цал къаддæр сты? *(Хъомылгæнæг хъуамæ ахæм хæрхытæй фæрса, кæрæдзийæ 1 элемент фылдæр кæнæ къаддæр кæцытæ сты. Кæд сабитæй исчи, йæ хæрх æмбырд кæнгæйæ, фæрæдыд, уæд ын иннæтæ æххуыс кæнынц – сабитæ хъуамæ зæрдæхæлар уой æмæ кæрæдзийæн æххуыс кæной.)* Диссаджы рæсугъд у нæ æрдз. Алкæмæн дæр дзы ис бынат æмæ хæдзар. Цымæ адæймагæн дæр æрдз æрцæттæ кодта хæдзар?

**С.** Нæ.

**Хъ.** Уæдæ иннæтæй уæлдай адæймаг æнæ хæдзарæй цæры?

**С.** Нæ, адæймаг йæхæдæг саразы хæдзар йæхицæн.

*Хъомылгæнæг æвдисы хæдзары ныв æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй та ссарой ахæм ныв дæр. Сабитæ ссарынц ныв, нывимæ – иннæ хæслæвæрд: геометрион фигурæты хæрх.*

**Хъ.** Цы сты адон?

**С.** Геометрион фигурæтæ.

*Хъомылгæнæг амоны радыгай фигурæтæм, сабитæ та дзурынц фигурæты нæмттæ.*

**Хъ.** Адон хуымæтæг геометрион фигурæтæ не сты. Адон сты æнæхъæн хæдзары хæйттæ, хъуамæ сæ сымах æрæмбырд кæнат.

*Сабитæ геометрион фигурæтæй цæугæдоны былгæрæттыл «хæдзæрттæ» «амайынц». Хæдзæрттæ хъуамæ алыхуызон рауайой.*

**Хъ.** Æнæхъæн хæдзар самайынæн цавæр хæйттæй спайда кодтай?

**С.** Къултæ, хæдзары сæр, рудзгуытæ, дуар.

**Хъ.** Дуарæн йæ конд цавæр у?

**С.** Растkъуымоны хуызæн.

**Хъ.** Хæдзары сæрæн та?

**С.** Уымæн дæр расткъуымоны хуызæн.

*Хъомылгæнæг сабитимæ сбæлвырд кæны, æнæхъæн хæдзар йæ кæцыфæнды хайæ дæр стырдæр кæй у, хай та кæдфæнды дæр æнæхъæнæй къаддæр у. Уыйфæстæ хатдзæг скæнынц: хай у æнæхъæнæй къаддæр, æнæхъæн та – хайæ стырдæр.*

**Хъ.** Диссаджы хæдзæрттæ самадтат. Æнæхъæн горæт дзы рауадис цæугæдоны был. Уый не ’ппæты уарзондæр горæты хуызæн нæу? Зæгъут-ма йын йæ ном.

**С.** Дзæуджыхъæу.

**Хъ.** Хорз. Æмæ цæмæн у Дзæуджыхъæуы хуызæн?

**С.** Уымæн æмæ Дзæуджыхъæу Терчы былтыл арæзт æрцыд.

*Хъомылгæнæг æвдисы фæстаг ныв – Дзæуджыхъæу.*



ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**Хъ.** Афтæмæй мах æрбаздæхтыстæм на горæтмæ. Нæ диссаджы балц кæронмæ æрхæццæ.
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Мах абон тынг бирæ базыдтам æмæ бамбæрстам. Иумæ куы уæм, уæд цыфæнды куыстмæ дæр сарæхсдзыстæм. Уæ зæрдæмæ фæцыдис нæ экскурси?
**С.** О! Тынг!

*4 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бæстæ».**
**Темæ: «Тыгъдадон ахастытæ».**
**Нысантæ:**

– Рæзын кæнын тыгъдадон ахастытæ, сбæлвырд кæнын ахæм ахастытæ: рахизæрдыгæй, галиуæрдыгæй, размæ, фæстæмæ, сæрмæ, бынмæ, сæр, бын, фæсте, разæй.

– 10-ы онг нымад ныффидар кæнын, къæйттæ аразгæйæ сабиты ахуыр кæнын предметтæ сæ нымæцмæ гæсгæ абарын, модельтæ кæнын сæ ахуыр кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, мысæнуат, хъусдард æмæ фæлгæнæн.

– Рæзын кæнын сабиты уарзондзинад райгуырæн зæхмæ, нæ бæстæмæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Уæрæсейы картæ, Дзæуджыхъæу æмæ йыл Мæскуы бæрæггонд. Фыстæг, хъазынæн – «Динамикон нывтæ». Фæйнæг, мел.

**Райуаринаг.** Алы сабийæн дæр – дыууæ хайыл дихгонд карточкæ; 10 æртæкъуымоны, 10 квадраты. Игровизортæ лабиринтимæ, фломастер.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ гауызыл быдынц, сæ разы – Уæрæсейы картæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах ныртæккæ кæм стæм?

**С.** Нæ къорды уаты.

**Хъ.** Нæ къорды уат та кæм ис?

**С.** Рæвдауæндоны.

**Хъ.** Къорды уат у рæвдауæндоны хай. Рæвдауæндон та кæм ис?

**С.** Дзæуджыхъæуы.

*(Хъомылгæнæг картæйыл æвдисы горæт, уый бæрæг дары Ирыстоны тырысайæ.)*

**Хъ.** Рæвдауæндон у нæ горæты хай. Уæд Дзæуджыхъæу та кæм ис?

**С.** Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы.

**Хъ.** Уæдæ нæ горæт у…

**С.** Республикæйы хай.

**Хъ.** Æмæ нæ республикæ кæм ис, уый дæр зонут?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Нæ республикæ ис Уæрæсейы, уый у стыр бæстæйæн йæ иу хай. *(Æвдисы картæйыл Уæрæсейы арæнтæ.)* Абон мах араст уыдзыстæм балцы нæ бæстæйыл. Цы фенæм, уый та-иу ныффысдзыстæм (сныв кæндзыстæм) фæйнæгыл. Иу хатт-ма картæйыл равдисут, Дзæуджыхъæу кæм ис, уый. *(Сабитæй, кæй фæнды, уый рацæуы æмæ картæйыл æвдисы объекттæ. Фæйнæгыл та зиллакк кæнæ тырысайæ фæбæрæг кæны нæ горæт.)*

**Хъ.** Йæ дыууæ фарсы дæр ис денджызтæ: Сау денджыз æмæ Хъаспы денджыз, уыдон бæрæг сты æрвхуызæй. Уæдæ кæцы ран ис нæ горæт?

**С.** Дыууæ денджызы астæу.

*(Сабитæ фæйнæгыл ныв кæнынц денджыз.)*

**Хъ.** Æрбакæсут-ма, ахæм горæттæ картæйыл тынг бирæ ис. *(Хъомылгæнæг сæ æвдисы.)* Нæ бæстæйы, Уæрæсейы

сæйраг горæт цы хуыйны, уый чи зоны?
**С.** Мæскуы.
**Хъ.** Картæйыл уыцы горæт бæрæг дары Уæрæсейы тырысайæ. Равдисут-ма, кæцы ран ис Мæскуы? Адæм кæрæдзимæ фыстæджытæ фыссынц, открыткæтæ æрвитынц, фæлæ сæ хæсгæ та чи æрбакæны?
**С.** Постхæссæг.
**Д⁄хъазт «Постхæссæг».**

*Зæлы музыкæ, сабитæ апырх вæййынц къорды уаты. Музыкæ фæхъус вæййы æмæ сабитæ дæр æрлæууынц. Хъомылгæнæг сабитæй иумæ ратты къонверт – уый уыдзæн постхæссæг. Хъомылгæнæджы командæтæм гæсгæ сабитæ кæрæдзимæ адæттынц къонверт.*
**Хъ.** Игорь, райс къонверт, ныр ды уыдзынæ постхæссæг. Азил рахизæрдæм, скæн 3 санчъехы размæ. Чи лæууы дæ цуры?
**С.** Алинæ.
**Хъ.** Ратт къонверт Алинæмæ. Ныр та Алинæ – постхæссæг. Скæн 2 санчъехы размæ, 3 санчъехы галиуæрдæм *(æмæ а. д.)*
*(Афтæмæй фыстæг сабиты æхсæн иуæй иннæмæ ахизы.)*
**Хъ.** Горæттæ кæрæдзийæ дард сты, се ’хсæн ис цæугæдæттæ, денджызтæ, цадтæ (озера). *(Сабиты хъус æрдары картæмæ).* Картæйыл цæугæдæттæ бæрæггонд сты лыстæг æрвхуыз хæххытæй. Равдисут сæ. *(Сабитæ картæйыл æвдисынц цæугæдæттæ.)* Цæугæдæтты æмæ денджызты та чи цæры?
**С.** Кæсæгтæ.

*Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл хъомылгæнæг равæры кæсæгты нывтæ. Кæсæгтæй иутæ рахизæрдæм ленк кæнынц, иннæтæ та – галиуæрдæм. Сабитæ бадынц стъолты уæлхъус, алкæмæ дæр – карточкæ æмæ геометрион фигурæтæ: 10 æртæкъуымоны, 10 квадраты.*

**Хъ.** Банымайут-ма, галиуæрдæм цал кæсаджы ленк кæны? Карточкæйы уæллаг уадздзагыл уал квадраты æрæвæрут. Ныр та банымайут, рахизæрдæм цал кæсаджы ленк кæны, уый. Æрæвæрут бинаг уадздзагыл уал æртæкъуымоны. Абарут фигурæтæ, кæцытæ сты фылдæр, къаддæр та кæцытæ сты?

Куыд æрæвæрын хъæуы фигурæтæ, цæмæй сæ æнцонæй абарæм кæрæдзиуыл?

*Сабитæ фигурæтæ æрæвæрынц иу иннæйы бын (къæйттæй) æмæ скæнынц хатдзæг: æртæкъуымонтæ æмæ квадраттæ сты æмбæрц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, нæ бæстæйы ис бирæ уæрæх æмæ арф цæугæдæттæ (Волгæ, Дон, Ленæ æмæ а. д.). Уым ленк кæнынц теплоходтæ, уæзласæн наутæ, катертæ.

*(Сабитæ фæйнæгыл ныв кæнынц цæугæдæттæ.)*

**Хъ.** Махæн дæр нæ горæты ис цæугæдон? Куыд хуыйны, уый чи зоны?

**С.** Терк.

**Хъ.** Терчы наутæ фенæн ис? Цæуылнæ?

*(Сабиты дзуæппытæ хатдзæгтимæ.)*

**Д/хъазт «Лабиринт».**

Алы сабимæ дæр − лабиринтимæ игровизор, зæгъæм:

1) Адæмы цавæр бæлæгъ (лодкæ) аласдзæн иннæ былмæ, уый фæбæрæг кæнут фломастерæй.

2) Кæцы нау тагъддæр бахæццæ уыдзæн иннæ былмæ, уый фæбæрæг кæнут.

**Хъ.** Æркæсут-ма картæмæ, Уæрæсейы картæйыл фылдæр цавæр хуыз фенæн ис?

**С.** Кæрдæгхуыз.

**Хъ.** Кæрдæгхуызæй бæрæггонд сты быдыртæ, хъæдтæ, сæр-вæттæ.

*(Сабитæ фæйнæгыл ныв кæнынц хъæдтæ.)*

**Хъ.** Морæхуызæй картæйыл бæрæг сты хæхтæ. Морæхуыз

тардæр кæм у, уыцы ран хæхтæ бæрзонддæр сты. Равдисутма нæ бæстæйы хæхтæ картæйыл.

*Сабитæ картæйыл ссарынц хæхтæ æмæ скæнынц хатдзæг: нæ горæт (республикæ) ис хæхты астæу, уыдон хуыйнынц Кавказы хæхтæ. Сабитæ фæйнæгыл ныв кæнынц хæхтæ.*

**Хъ.** Цæугæдæттæ æмæ цадты былтыл, хæхты æмæ хъæдты ис тынг бирæ цæрæгойтæ, зайæгойтæ æмæ мæргътæ.

**Д/хъазт «Динамикон нывтæ».**

*Хъомылгæнæг равæры нывтæ, сабитæй алчидæр райсы иу ныв: бæрз бæлас, наз, зокъо, тæрхъус, къутæр, æхсæрсæттæг, рувас, халон, хæдзар…*

**Хъ.** *(сабитæн æмбарын кæны хæслæвæрд).* Ныртæккæ сымахæй алчидæр уыдзæн нывгæнæг æмæ иууылдæр иумæ скæндзыстæм ныв. *(Хъомылгæнæг дзуры, сабитæ та сæхæдæг сæ нывтæн ссарынц бынæттæ.)*

Бæрз бæлас ис назæн йæ галиу фарс,
Тæрхъус – назæн йæ рахиз фарс,
Къутæр – назы разæй,
Æхсæрсæттæг – назыл,
Халон – назы бын.
Рувас фæцæуы назмæ,
Уызын та фæцæуы назы цурæй.
Хæдзар лæууы назы фæстæ *(æмæ а. д.).*

*(Афтæмæй сабитæ иумæйаг ныв саразынц.)*

**Хъ.** Бахæссæм чысыл ивддзинæдтæ: æхсæрсæттæг ныр уыдзæн бæрз бæласæн йæ галиу фарс, къутæр та – йæ галиу фарс æмæ а. д.

*(Сабитæ фæйнæгыл кæнынц цæрæгойтæ æмæ мæргъты нывтæ.)*

**Хъ.** Диссаджы цымыдисаг балцы уыдыстæм. Уæ зæрдæмæ фæцыдис? Цы уæм фæкастис зын? Иу хатт-ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, нæ бæстæйы цытæ ис, уый. Баххуыс

нын кæндзысты, нæ фæйнæгыл цы нывтæ ис, уыдон.

*5 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг».**
**Темæ: «Цифрæтæ 0, 1, 2, 3-имæ зонгæ кæнын».**
**Нысантæ:**

– Сабиты зæрдыл æрлæууын кæнын нымæцон 3-йы арæзт. Предметты нымæц сбæрæг кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. Нымæцонтæ абарын зонын: 1 фылдæр, 1 къаддæр, æмбæрц.

– Сабиты базонгæ кæнын цифрæтæ 0, 1, 2, 3-имæ. Базонгæ сæ кæнын нымæцон 2-йы скондимæ.

Ахуыр сæ кæнын предметы нымæц цифрæимæ æмахаст кæнын.

– Предметы æндæрхуызон равæрдæй сæ нымæц кæй нæ ивы, уый сабиты зонды ныффидар кæнын. Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Фæззæджы тыххæй зонындзинæдтæ сбæлвырд кæнын. Ныффидар кæнын æмбарынад «уæззау – рог».

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, мысæнуат, иртасæг куысты бындуртæ.

– Хъомыл кæнын сабитæм зæрдæхæлар ахастытæ, сæ алыварс чи ис, уыдонмæ, æххуысхъуаг чи у, уыдонæн сæ æххуыс кæнын куыд фæнда.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Чыргъæд, къабуска, 2 кабачкийы, 3 джитърийы. Цифрæтæ 0, 1, 2, 3. Геометрион фигурæтæ: сырх æмæ бур стыр зиллаччытæ; æрвхуыз, сырх æмæ кæрдæгхуыз гыццыл æртæкъуымонтæ.

**Райуаринаг.** Карточкæтæ: цифрæтимæ (0, 1, 2, 3); алыхуызон дыргътæ кæнæ халсартимæ (1–3); ноль бæрæг кæнæн афтид карточкæ; геометрион фигурæтæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Мæнæ та ралæууыд тыллæг æфснайыны афон. Æмæ кæд вæййы уыцы рæстæг? Кæцы афæдзы афон?
**С.** Фæззæджы.
**Хъ.** Уæдæ цавæр афæдзы афон у ныртæккæ?
**С.** Фæззæг.
**Хъ.** Раст загътат. Æмæ цымæ тыллæг хорз у æви æвзæр?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Мæн фæнды сымахæн иу сабийы тыххæй радзурын. Иу хъæуы цардис гыццыл лæппу Алан. Иуахæмы Алан бамбæрста, байрæзын афон ын кæй у, цæмæй хистæртæн æххуысхъом уа. Сфæнд кодта алыхуызон зайæгойты мыггæгтæ ныссадзын, байтауын. Цымæ уый цавæр рæстæг, афон уыдис?
**С.** Уалдзæджы.
**Хъ.** Раст загътат. Æнæхъæн уалдзæг æмæ сæрддæргъы Алан зылдис, кастис йæ зайæгойтæм æмæ, фæззæг куы ралæууыд, уæд райста афтид чыргъæд *(хъомылгæнæг дзырд «афтид» бахахх кæны, ома хъæрдæрæй йæ зæгъы)* æмæ æрæмбырд кодта йæ тыллæг. Уæд Алан сфæнд кодта йæ æнтыстдзинæдты тыххæй йæ хистæр æфсымæрмæ ныффыссын, фæлæ нæ зыдта, куыд фысгæ у, уый. Куыд баххуыс кæнæм Аланæн?
**С.** Хъуамæ йын сныв кæнæм йæ тыллæг.
**Хъ.** О, фæлæ Аланы тынг фæнды, цæмæй йе 'фсымæр бамбара, Алан сывæллон кæй нал у, кæй фестырдæр æмæ фæзондджындæр ис, уый.
**С.** Уый тыххæй хъæуы тыллæг банымайын æмæ йæ цифрæтæй ныффыссын.
**Хъ.** Уæдæ йын баххуыс кæнæм?
**С.** О.
*(Хъомылгæнæг сабиты раз æрæвæры халсартимæ*

*чыргъæд. (Кæд æцæг халсартæ нæ уа, уæд та – муляжтæ.)*
Хъомылгæнæг радыгай исы халсартæ æмæ дзуры.
**Хъ.** Мæнæ ацы чыргъæды ис Аланы тыллæг æнæхъæнæй дæр. Алан фыццаг стъолыл æрæвæрдта къабуска. Цал къабускайы сты?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цавæр цифрæйæ йæ фæнысан кæндзыстæм?
**С.** Цифрæ 1-æй.
**Хъ.** Куыд фысгæ у, уый чи зоны? Рацæут æмæ йæ ныффыссут æрмæгæвдисæн фæйнæгыл.
*(Сабитæ иу-дыууæйæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хъомылгæнæг къабускайы фарсмæ æрæвæры цифрæ, стæй стъолыл æрæвæры кабачкитæ.)*
**Хъ.** Алан стъолыл æрæвæрдта кабачкитæ. Фыццаг – иу, уыйфæстæ ма ноджыдæр иу. Цал сты æдæппæтæй?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Цавæр цифрæйæ сæ фæнысан кæндзыстæм?
**С.** Цифрæ 2-йæ.
**Хъ.** Цифрæ 2 куыд фысгæ у, уый чи зоны, – рацæуæд æмæ йæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл ныффыссæд.
*(Сабитæ иу-дыууæйæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хъомылгæнæг кабачкиты фарсмæ æрæвæры цифрæ 2.)*
**Хъ.** Иу къабуска æмæ дыууæ кабачкийы. Кæцытæ сты фылдæр?
**С.** Кабачкитæ.
**Хъ.** Цал фылдæр сты?
**С.** 1 фылдæр.
**Хъ.** Уыйфæстæ Алан стъолыл æрæвæрдта джитъритæ æмæ куы æркаст, уæд федта, джитъритæ кабачкитæй 1 фылдæр кæй сты. Æмæ, цымæ, цал уыдысты джитъритæ?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Сбæрæг сæ кæнæм.
*Хъомылгæнæг стъолыл æвæры джитъритæ, сабитæ та*

*сæ иумæ нымайынц.*

**С.** Иу, дыууæ, æртæ.

**Хъ.** Æдæппæтæй – æртæ джитъриййы. Цавæр цифрæйæ сæ фæнысан кæндзыстæм?

**С.** Цифрæ 3-йæ.

**Хъ.** Куыд фысгæ у, уый чи зоны, – рацæуæд æмæ йæ ныффыссæд æрмæгæвдисæн фæйнæгыл.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хъомылгæнæг джитъриты фарсмæ æрæвæры цифрæ 3.)*

**Хъ.** Аланы тыллæг иууылдæр иумæ куыд хуыйны: къабускатæ дæр, кабачкитæ дæр æмæ джитъритæ дæр?

**С.** Халсартæ.

**Хъ.** Алан ныккасти йæ чыргъæдмæ æмæ федта, чыргъæд афтид кæй у, уый. *(Æвдисы сабитæм афтид чыргъæд.)* Цал халсары ма баззад чыргъæды?

**С.** Иу дæр нæ, чыргъæд у афтид.

**Хъ.** Æмæ уый та куыд фæнысан кæнæм?

**С.** Цифрæ 0-æй.

**Хъ.** Кæд исчи зоны, куыд фысгæ у, уæд рацæуæд æмæ йæ ныффыссæд æрмæгæвдисæн фæйнæгыл.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, хъомылгæнæг та афтид чыргъæды фарсмæ æрæвæры цифрæ 0. Кæд цифрæтимæ хæслæвæрдтæ сабитæм зын фæкæсой, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг æххуыс кæны сабитæн: дзуры æмæ æвдисы хъæугæ цифрæтæ. Фæлæ уал сабитæн хъæуы бар раттын, цы зонынц, уый равдисынæн.*

**Хъ.** Ныр Аланæн йæ бон бауыдзæн йе 'фсымæрмæ фыстæг ныффыссын?

**С.** О, бауыдзæн.

**Хъ.** Цифрæтæ зоныны сæр ма кæм бахъæудзæн?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Нæ мадæлтæ цæмæй ма ферох кæной, зымæгмæ цытæ æрцæттæ кæнынц, уыдоны рецепттæ, ома, куыд кæнгæ сты,

уый, уый тыххæй сæ ныффыссынц: вареннæ сфыцынæн цæйбæрц хъæуы дыргътæ, кæнæ цæхджынтæн цæйбæрц хъæуы халсартæ. Цифрæтæ куы зонат, уæд сымахæн уæ бон уыдзæн рецепттæм гæсгæ уæ мадæлтæн баххуыс кæнын.

**3/д/хъазт «Зымæгмæ цæттæ кæнæм».**

Сабитæ райсынц карточкæтæ. Карточкæтæй иутыл – 0-æй 3-йы онг цифрæтæ, иннæтыл та – 1-æй 3-йы онг дыргътæ кæнæ халсартæ, ис дзы афтид карточкæтæ дæр.

*Зæгъæм:*

| | |
|---|---|
| 0 | |
| 1 | джитъри |
| 2 | фæткъуы, кæрдо |
| 3 | уырыдзы, пъамидор |

*Сабитæ къорды уаты апырх вæййынц, æмæ алчи йæхицæн къай ссары (ома, йæ карточкæйыл цал халсары кæнæ дыргъы ис, уыдоны бæрц æвдисæг цифрæимæ карточкæ кæмæ ис, уыцы сывæллоны) æмæ йын йæ къухыл æрхæцы.*

**Хъ.** Ныр та уæ карточкæтæ уыдзысты чыргъæдтæ. Иутæн сæ чыргъæдтæ сты афтид, иннæтæн та – йедзаг. Равдисут-ма, дзаг чыргъæд кæнæ афтид чыргъæд куыд хæсгæ у, уый. Æз та йæ хъуамæ базонон, дзаг кæмæн у æмæ афтид кæмæн у йæ чыргъæд.

*(Сабитæ тезгъо кæнынц къорды уаты къæйттæй сæ «уæззау» æмæ «рог» чыргъæдтимæ.)*

**Хъ.** Зæринæ æмæ Сосланæн сæ чыргъæдтæ тынг уæззау сты, цымæ цы ис уæ чыргъæдты: халсартæ æви дыргътæ? Æмæ цалгæйттæ сты? *(Уыцы хуызы бафæрсы 2 – 3 къайы.)* Тынг хорз банымадтат, уæ чыргъæдты цы халсартæ æмæ дыргътæ ис, уыдон. Цытæ ма ис банымайæн?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Банымайæн ис геометрион фигурæтæ. Цавæр геометрион фигурæты хуызæн сты халсартæ æмæ дыргътæ.

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Д/хъазт «Ахъуыды кæн».**

*Сабиты раз æрмæгæвдисæн – фæйнæгыл 0-æй 3-йы онг цифрæтæ æмæ дыууæ рæнхъæй геометрион фигурæтæ. Уæллаг рæнхъыл кæрæдзийæ дардгомау – дыууæ стыр зиллаччы (иу – сырх, иннæ – бур), бинаг рæнхъыл – æртæ гыццыл æртæкъуымоны (æрвхуыз, сырх, кæрдæгхуыз), кæрæдзимæ хæстæг æвæрд.*




**Хъ.** Зиллæччытæ кæцы рæнхъыл ис фылдæр, кæцы рæнхъыл – къаддæр, кæд, мыййаг, æмбæрц сты?

*Сабитæ сæхæдæг архайынц. Хъомылгæнæг сæ æрхæстæг кæны ахæм хъуыдымæ – геометрион фигурæтæ равæрын хъæуы къæйттæй, ома алы зиллакмæ дæр æрбавæрын хъæуы æртæкъуымонтæ. Уæд сбæрæг уыдзæн æртæкъуымон 1 фылдæр кæй сты, уымæн æмæ æртæкъуымонæн нæй къай. Кæд æртæкъуымонтæ гыццылтæ сты æмæ рæнхъыл къаддæр бынат ахстой, уæддæр сæ нымæцмæ гæсгæ сты фылдæр.*

**Хъ.** Цал сты зиллæччытæ?

**С.** Дыууæ: иу сырх æмæ иу бур.

**Хъ.** Зиллæччыты фарсмæ æрæвæрут хъæугæ цифрæ.

Сабитæ ссарынц цифрæ 2 æмæ йæ зиллæччыты фарсмæ æрæвæрынц.

**Хъ.** Цал сты æртæкъуымонтæ?

**С.** Ærtæ: иу æрвхуыз, иу сырх æмæ иу кæрдæгхуыз.
**Хъ.** Ærtækъуымонты фарсмæ æрæвæрут хъæугæ цифрæ.

*Сабитæ ссарынц цифрæ 3 æмæ йæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æртæкъуымонты фарсмæ æрæвæрынц.*

**Хъ.** Кæцы нымæцон фылдæр у, 3 æви 2? Цал фылдæр у?
**С.** 3 фылдæр у 2-йæ, иу фылдæр.
**Хъ.** Кæцы нымæцон  къаддæр у, 3 æви 2? Цал къаддæр у?
**С.** 2 къаддæр у 3-йæ, иу къаддæр.
**Хъ.** Тынг хорз зонут нымайын.
**Д/хъазт «Æræмбырд кæн нымæцон».**

*Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Сабитæй алкæй раз дæр цифрæ: 1, 2 кæнæ 3. Хъомылгæнæг зæгъы, цæмæй геометрион фигурæты хæрхæй равзарой фигурæты хъæугæ нымæц æмæ сæ равæрой сæ разы, уыимæ – фигурæтæ хъуамæ æмхуызон ма уой.*

*Зæгъæм: цифрæ 3 : 1, 1 дæргъдымбыл æмæ 1 квадрат æмæ 1 æртæкъуымæг*
*кæнæ цифрæ 2 : 1 стыр дæргъдымбыл æмæ*
*1 гыццыл дæргъдымбыл.*

*Хъомылгæнæгæн йæ бон у ахæм фæрстытæ раттын:*
*«Цæйбæрц фигурæтæ æрæмбырд кодтай?»*
*«Цавæр фигурæтæ сты?»*
*«Цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ?»*

**Хатдзæг.**
**Хъ.** Сымах тынг бирæ зонут. Æмæ уæ уæ зонындзинæдтæ алкæм дæр бахъæудзысты. Кæмæн æмæ куыд баххуыс кодтат абон? Цы базыдтат ногæй?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг Дзæуджыхъæуы».**
**Темæ: «Нымæцонтæ «дыууæ» æмæ «æртæ»-йы амад иуæгтæй».**
**Нысантæ:**

– Предметты нымæц нымæцонтæ ноль, иу, дыууæ æмæ æртæ-йæ бæрæг кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын. Ныффидар кæнын нымæцтæ абарыны арæхстдзинæдтæ: иу фылдæр, иу къаддæр, æмбæрц. Цифрæтæ 0, 1, 2, 3 ныффидар кæнын.
Ахуыр кæнын сабиты нымæцонтæ радыгай дзурын. Нымæцон рæнхъимæ базонгæ кæнынмæ сæ бацæттæ кæнын. Сабиты базонгæ кæнын нымæцонтæ 2 æмæ 3-йы амадимæ (иуæгтæй). Ахуыр сæ кæнын цифрæ предметты нымæцимæ æмахаст кæнын. Афæдзы афон фæззæджы тыххæй зонындзинæдтæ сбæлвырд кæнын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын предметтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарын æмæ уыцы абарстæн хатдзæгтæ скæнын.
– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ хъусдард, символтимæ архайыны арæхстдзинад.
– Сæ ныхас кæрæдзиуыл куыд бада æмæ æхсызгонæй æмархайд куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Æртæ хуызы фæззыгон сыфтæртæ: сырх, бур, кæрдæгхуыз; æртæ зиллаччы: сырх, бур, кæрдæгхуыз. Кубиктæ: æртæ сырхы, дыууæ æрвхуызы, иу кæрдæгхуыз; сырх цифрæтимæ (0, 1, 2, 3) карточкæтæ; æрвхуыз æмæ кæрдæгхуыз цифрæтимæ (0, 1, 2, 3) карточкæтæ.
**Райуаринаг.** Æртæ хуызы фæззыгон сыфтæртæ (сырхытæ, буртæ, кæрдæгхуызтæ); кубиктæ (алы сабийæн дæр): 3 сырхы, 2 æрвхуызы, 1 кæрдæгхуыз; цифрæтимæ (0, 1, 2, 3)

карточкæтæ; картæ; æххуысгæнæг фыстæг.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Абон уын цавæр зæрдæйы  уаг ис? Цæмæн?

*Сабиты æрхæстæг кæнын ахæм дзуапмæ: нæ зæрдæйы уаг баст у боны-хъæдимæ; у фæззыгон: боныхъæд хорз у, æвзæр у, уый уæлдай нæу.*

**Д/хъазт «Хорз – æвзæр».**

**Хъ.** Фæззæг кæй ралæууыд, уый цæмæй хорз у? Æвзæр та цæмæй у? *(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Искуы фæззыгон парчы кæнæ фæззыгон хъæды тезгъо кодтат? *(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Нæ цæстытыл ауайын кæнæм, цыма фæззыгон парчы тезгъо кæнæм. *(Сабиты хъус æрдары, гауызыл кæнæ пъолыл цы алыхуызон сыфтæртæ ис, уыдонмæ.)* Тынг рæсугъд сты фæззыгон сыфтæртæ. Скæнæн сæ ис æцæг букеттæ. Скæнут ахæм букет, æртæ алыхуызон сыфтæры дзы куыд уа.

*(Сабитæ æртыгай алыхуызон сыфтæртæй букеттæ аразынц. Хъомылгæнæг æвдисы йæхи букет, уый дæр арæзт у æртæ алыхуызон сыфтæрæй: иу сырх, иу бур æмæ иу кæрдæгхуыз. Сабитæ æрмæгæвдисæн фæйнæджы раз гауызыл бадынц.)*

**Хъ.** Æз цы букет сарæзтон, ууыл цал сыфтæры ис? Сæ хуызмæ гæсгæ цавæртæ сты?

**С.** Æртæ сыфтæры: иу сырх, иу бур æмæ иу кæрдæгхуыз.

**Хъ.** Кæмæ ма ис ахæм букет?

*(Сабиты дзуæппытæ: сабитæй алкæмæ дæр ис ахæм букет.)*

**Хъ.** Уæ сыфтæртæ чыргъæды сæвæрут.

*(Сабитæ сыфтæртæ чыргъæды сæвæрынц æмæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Стъолыл  – сырх, бур, кæрдæгхуыз зиллæччытæ æмæ цифрæтæ.)*

**Хъ.** Сыфтæртæ фæбæрæг кæндзыстæм зиллæччытæй.
*(Равæрынц, хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ та – стъолтыл, 3-гай зиллæччытæ: иу сырх, иу бур æмæ иу кæрдæгхуыз.)*
**Хъ.** Цал сты зиллæччытæ? Цавæртæ сты хуызмæ гæсгæ?
**С.** Æртæ зиллаччы: иу сырх, иу бур, иу кæрдæгхуыз.
**Хъ.** *(æрмæгæвдисæн фæйнæгыл алы зиллаччы сæрмæ дæр æрæвæры нымæцон 1).* Æрæвæрут алы зиллаччы сæрмæ дæр нымæцон 1.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Алкæцы хуызæй дæр – фæйнæ иу зиллаччы. Цал сты æдæппæтæй зиллæччытæ?
**С.** Æртæ зиллаччы: иу сырх, иу бур æмæ иу кæрдæгхуыз.
**Хъ.** Цал иуæджы (единицы) сты æдæппæтæй?
**С.** Æртæ иуæджы.
**Хъ.** Уæдæ 3 – уый у 1, 1 æмæ 1. Цавæр цифрæйæ фæбæрæг кæндзыстæм нымæцон 3?
**С.** Цифрæ 3-йæ.
**Хъ.** Мах сбæрæг кодтам, алкæй букеты дæр кæй уыдис æртæ алыхуызон сыфтæры: иу сырх, иу бур æмæ иу кæрдæгхуыз.
**Хъ.** Тынг рæсугъд букеттæ æрæмбырд кодтат сыфтæртæй. Уыдон нын нæ зæрдыл лæууын кæндзысты фæззæджы ахорæнтæ. Фæззæджы фæстæ та цавæр афæдзы афон ралæудзæн?
**С.** Зымæг.
**Хъ.** Æрæгвæззæджы æмæ зымæджы тынг уазал вæййы. Адæм уазалæй сæхи куыд хъахъхъæнынц?
*(Сабиты æрхæстæг кæнын ахæм дзуапмæ: хæдзар самайынц).*
**Хъ.** Адæмæн сæ хæдзæрттæ æмхуызон сты æви алыхуызон?
**С.** Алыхуызон: стыртæ æмæ гыццылтæ, бæрзæндтæ æмæ ныллæджытæ.

**Хъ.** Хæдзæрттæ алыхуызон цæмæн вæййынц?
**С.** Стыр хæдзар хъæуы стыр бинонтæн, гыццыл хæдзар та – гыццыл бинонтæн.
**Хъ.** Бирæ хæдзæрттæ – уый у æнæхъæн уынг, бирæ уынгтæ – уый та у…
**С.** Уый та у æнæхъæн горæт.
**Хъ.** Æмæ чи самайы хæдзæрттæ та?
**С.** Амайджытæ.
**Хъ.** Цæмæй амайæг суай, уый тыххæй та цы хъæуы?
**С.** Хæдзар куыд амайгæ у, уый базонын хъæуы.
**Физминуткæ «Хæдзар амайæм».**
*(Сабитæ музыкæмæ гæсгæ хъомылгæнæджы змæлдтытæ фæлхат кæнынц – цыма хæдзар амайынц, афтæ змæлынц.)*
**Хъ.** Махæн та ам, нæ къорды уаты, хæдзар амайын æнцондæр цæмæй уыдзæн?
**С.** Кубиктæй, уыдон ис сæ кæрæдзиуыл æрæвæрæн.
**Хъ.** Шартæй дæр хæдзар самайæн ис?
**С.** Нæ, шартæ тулгæ кæнынц, уымæн æмæ сын тигътæ, къуымтæ нæй æмæ сæ нæй кæрæдзиуыл æрæвæрæн.
*(Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй стъолты уæлхъус æрбадой. Стъолтыл – алыхуызон кубиктæ æмæ 1 – 3-йы онг цифрæтæ. Кубиктæ баивæн ис хуызджын квадраттæй. Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй фыццаг хæдзар самайой, уый тыххæй стъолыл æрæвæрын хъæуы иу кубик – сырх. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Ацы хæдзар самайынæн цал кубичы райстат?
**С.** Иу кубик.
**Хъ.** Цавæр цифрæйæ йæ фæбæрæг кæндзыстæм?
**С.** Цифрæ 1-æй.
*(Æрæвæрынц, хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ – стъолтыл, «хæдзары» фарсмæ цифрæ 1.)*
**Хъ.** Иу кубик – уый у иу уæладзыг (этаж). Хæдзарæн ма йæ рахизфарс самайут иу ахæм хæдзар.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Хæдзæрттæй кæцы у бæрзонддæр?
**С.** Сæ бæрзæндмæ гæсгæ æмхуызон сты.
**Хъ.** Цы бакæнын хъæуы, цæмæй хæдзæрттæй иу иннæмæй 1 уæладзыг фæбæрзонддæр уа?
**С.** Дыккаг хæдзарыл ма æрæвæрын хъæуы иу кубик.
**Хъ.** Æрæвæрут ыл æрвхуыз кубик.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Ацы хæдзары та цал кубичы – уæладзыджы ис?
**С.** Дыууæ кубичы – дыууæ уæладзыджы.
**Хъ.** Цавæр цифрæйæ фæбæрæг кæндзыстæм кубикты нымæц?
**С.** Цифрæ 2-йæ.
*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ дыууæ кубикæй арæзт хæдзары фарсмæ æрæвæрынц цифрæ 2.)*
**Хъ.** Куыдæй нæм рауад дыууæ кубичы?
**С.** Уыдис нæм иу сырх кубик, бафтыдтам æм иу æрвхуыз кубик æмæ нæм рауад дыууæ кубичы.
**Хъ.** Раст загътат: иу æмæ иу – дыууæ кубичы. Дыккаг хæдзарæн йæ рахиз фарс нодждæр иу ахæм хæдзар самайут – æртыккаг хæдзар.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Æрæвæрут ма йыл кæрдæгхуыз кубик.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цал сты ныр кубиктæ?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Цавæр цифрæйæ йæ фæбæрæг кæндзыстæм?
**С.** Цифрæ 3-йæ.
*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ хæдзары фарсмæ æрæвæрынц цифрæ 3.)*
**Хъ.** Ацы хæдзар самайынæн цавæр кубиктæ райстам?
**С.** Мах райстам иу сырх кубик, иу æрвхуыз кубик æмæ иу кæрдæгхуыз кубик – æдæппæтæй 3 кубичы.

**Хъ.** Раст загътат, ӕдӕппӕтӕй 3 кубичы. Ныр фестӕм хӕдзӕрттӕ амад. Хӕдзӕрттӕ сӕ бӕрзӕндмӕ гӕсгӕ ӕмхуызон сты ӕви алыхуызон?
**С.** Алыхуызон: иу ныллӕг, иу рӕстӕмбис, иу бӕрзонд.
**Хъ.** Ӕппӕты ныллӕгдӕр хӕдзары цал уӕладзыджы ис?
**С.** Иу уӕладзыг.
**Хъ.** Цифрӕ 1.
**Хъ.** Йӕ бӕрзӕндмӕ гӕсгӕ рӕстӕмбис хӕдзары та цал уӕладзыджы ис?
**С.** Дыууӕ уӕладзыджы – цифрӕ 2.
**Хъ.** Уӕд ӕппӕты бӕрзонддӕр хӕдзары та цал уӕладзыджы ис?
**С.** Ӕртӕ уӕладзыджы – цифрӕ 3.
**Хъ.** Хӕдзӕрттӕ амад сты кӕрӕдзийы фӕдыл: ныллӕгдӕрӕй бӕрзонддӕрмӕ. Нымӕцонтӕ дӕр лӕууынц кӕрӕдзийы фӕдыл: къаддӕрӕй бӕрзонддӕрмӕ – иу, дыууӕ, ӕртӕ. Фӕлӕ амайын куы нӕма райдыдтам, уӕд нӕ разы иунӕг хӕдзар дӕр нӕ уыдис. Уый та цавӕр цифрӕйӕ фӕбӕрӕг кӕндзыстӕм?
**С.** Цифрӕ 0-ӕй.
**Хъ.** Уӕдӕ-иу алы хатт дӕр 0-ӕй райдайдзыстӕм нымайын.
**С.** Ноль, иу, дыууӕ, ӕртӕ.
**Хъ.** Алчидӕр уӕ цал хӕдзары самадта?
**С.** Ӕртӕ хӕдзары.
**Хъ.** Ӕртӕ хӕдзары – уый у гыццыл уынг. Иумӕ та сарӕзтат бирӕ уынгтӕ ӕмӕ дзы рауадис ӕцӕг…
**С.** Горӕт.
**Хъ.** Горӕты мидӕг цӕмӕй ма фӕдзӕгъӕл уай, уый тыххӕй та цы хъӕуы? Кӕцы хӕдзар нӕ хъӕуы, уый куыд базонӕм?
*(Сабиты ӕрхӕстӕг кӕнын ахӕм дзуапмӕ: уынгтӕн ратын хъӕуы нӕмттӕ, хӕдзӕрттыл та бафидар кӕнын номыртӕ – цифрӕтӕ.)*
**Хъ.** Уый тыххӕй хъуамӕ раст нымайат ӕмӕ зонат цифрӕтӕ.

Уæдæ, куыд нымайут, уый сбæрæг кæнæм.

**Д/хъазт «Ссар дæ бынат».**

(Сабиты раз – кæрдæгхуыз, æрвхуыз æмæ сырх цифрæтимæ карточкæтæ. Карточкæтæ – дæлгоммæ фæлдæхт. Сабитæ исынц карточкæтæ æмæ карточкæтæм гæсгæ дих кæнынц 3 командæйыл: кæрдæгхуызтæ, сырхытæ æмæ æрвхуызтæ. Сабитæ фæд-фæдыл, карточкæты цифрæтæм гæсгæ, æрлæууынц. Кæцы командæ раздæр æрлæууа, уый рамбылдта. Уыйфæстæ алы сывæллон дæр зæгъы йæ радон номыр – раст æрлæууыдисты æви нæ, уый сбæрæг кæнынц: 0, 1, 2, 3.

**Д/хъазт «Балц горæты уынгты».**

**Хъ.** Ныр та нæ горæты уынгты абалц кæнæм.

*Алы сабийæн дæр «игровизорыл» лæвæрд цæуы горæты картæ. Зæгъæм, мæнæ ахæм:*



*Картæйыл æвдыст цæуынц хæдзæрттæ номыртимæ (1, 2, 3). Сабитæн ма лæвæрд цæуы æхсызгæнæг фыстæг, уыцы фыстæгмæ гæсгæ базонынц, кæцы хæдзармæ сын цæугæ у, уый. Фыстæгмæ гæсгæ ссарынц хъæугæ хæдзар, цавæр у, уый зæгъынц æмæ йæ кърандасæй фæнысан кæнынц.*

**Хатдзæг.**

**Хъ.** Цы базыдтат ногæй? Уæ зæрдæмæ цы фæцыдис? Цы уæм фæкаст зын?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

*7 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Зайæгойты дуне».**

**Темæ: «Раст, зылын æмæ саст хæххытимæ зонгæ кæнын».**

**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын раст, зылын æмæ саст хæххытимæ. Ныффидар кæнын нымæцонтæ 2 æмæ 3-йы иуæгтæй амад (состав числа).

Ахуыр кæнын цифрæ предметты нымæцимæ æмахаст кæнын. Ныффидар кæнын цифрæ предметты нымæцимæ æмахаст кæнын. Ныффидар кæнын радон нымад 3-йы онг. Предметтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарыны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын æмæ æмбарынæдтæ «бæрзонд», «ныллæг», «рæстæмбис»-ы руаджы хатдзæгтæ кæнын. Ныффидар кæнын хæххытæ сæ дæргъмæ гæсгæ абарыны арæхстдзинæдтæ: «даргъдæр – цыбырдæр». Тыгъдады æмæ пъланмæ гæсгæ ориентаци кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, логикон хъуыдыкæнынад, эксперименттæ кæныны зонындзинæдтæ, хи хъуыдытæ дзурыны æмæ хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинæдтæ.

– Кæрæдзимæ сын зæрдæхæлар ахастытæ куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Ватман, хихджын бæласы æмæ сыфтæрджын бæласы нывтæ; хихджын æмæ сыфтæрджын бæлæсты макеттæ (символтæ); æртæ алыхуызон даргъ бæттæны; карточкæтыл цифрæтæ 1, 2, 3; раст, зылын æмæ саст хæххытимæ карточкæтæ.

**Райуаринаг.** Каштантæ, цифрæтæ 2 æмæ 3 æмæ геометрион фигурæтæ, картæ, фыстæг-æххуысгæнæг, кърандæстæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Балцы цæуын уарзут? Балцы кæцы рæстæг хъæуы цæуын: райсомæй, бонæй æви изæрæй?
**С.** Райсомæй, цæмæй нын фылдæр рæстæг уа.
**Хъ.** Ныр та суткæйы кæцы афон у?
**С.** Сæумæрайсом.
**Хъ.** Уæдæ нæ бон у балцы ацæуын?
**С.** О!
**Хъ.** Фæлæ нæ, балцы цæугæйæ, æнæмæнг хъæуы хæлар-зæрдæ, иузæрдион æмбал. Нæ армытъæпæнтæ кæрæдзийыл асæрфæм, нæ хъарутæ æрæмбырд кæнæм æмæ кæрæдзи къухтыл æрхæцæм. Уе 'мбæлтты хъару æмæ æнгомдзинад банкъарут. Афтæ кæрæдзиуыл æнгом куы хæцат, уæд уыдзыстут зонджындæр æмæ тыхджындæр. Уыци-уыци базондзыстут?
**С.** О!
**Хъ.** Æгас нæу, фæлæ цæуы, не змæлы, фæлæ мах хоны. Цы у уый?
**С.** Фæндаг.
**Хъ.** Фæндæгтæ цавæртæ вæййынц?

**С.** Уæрæх æмæ нарæг, даргъ æмæ цыбыр, лæгъз æмæ къуыбыртæ, раст, зылын, къæдз-мæдзытæ.
*(Пъолыл – каштантæ æвæрд.)*
**Хъ.** Мæнæ фæндагыл фæцæуæм æмæ цы уынæм зæххыл?
**С.** Каштантæ.
**Д/хъазт «Фæндæгтæ».**
**Хъ.** Саразæм каштантæй фæндаг.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: иууылдæр иумæ каштантæй аразынц иу фæндаг.)*
**Хъ.** Уæ фæндаг раст рауадис æви зылын?
**С.** Зылын.
**Хъ.** Æмæ уæ бон раст фæндаг саразын у?
**С.** О.
**Хъ.** Саразут уæдæ раст фæндаг.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Ацы фæндæгтæ ноджы даргъдæр скæнæн ис?
**С.** О, каштантæ ма сæм бафтауын хъæуы.
**Хъ.** Кæцырдыгæй сæм бафтауын хъæуы каштантæ?
**С.** Дыууæрдыгæй дæр.
**Хъ.** Бафтаут сæм уæдæ.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Фæндæгтæ даргъдæр фесты æви цыбырдæр?
**С.** Даргъдæр.
**Хъ.** Раст загътат. Каштантæ сæм куы æфтауæм, уæд фæндæгтæ даргъдæр кæндзысты?
**С.** О.
**Хъ.** Хорз. Цас фылдæр æфтаугæ цæуæм каштантæ, афтæ даргъдæрæй-даргъдæргæнгæ цæудзæнис фæндаг дæр æмæ йын нæдæр райдайæн уыдзæнис, нæдæр кæрон. Фæндæгтæ сты хæххыты хуызæн, каштантæ та – стъæлфыты.

*Уыцы хуызы хъомылгæнæг сабиты æрхæстæг кæны ахæм хатдзæгмæ: хаххæн нæдæр райдайæн ис, нæдæр кæрон, æмæ арæзт у стъæлфыты хæрхæй.*

**Д/хъазт «Стъæлфытæ æмæ хæххытæ».**

*(Хъомылгæнæг, æрмæгæвдисæн фæйнæгыл цы ватман фидаргонд ис, ууыл алы рæтты сныв кæны стъæлфытæ.)*

**Хъ.** Адон цы сты?

**С.** Стъæлфытæ.

**Хъ.** Стъæлфытæ каштанты хуызæн кæрæдзимæ хæстæг куы æрæвæрæм, уæд дзы цы рауайдзæн?

**С.** Рауайдзæн дзы раст кæнæ зылын хахх.

*(Хъомылгæнæг ватманыл сныв кæны алыхуызон хæххытæ, уыцы хæххытыл фæбæрæг кæны цалдæр стъæлфы кæрæдзийы фарсмæ. Уыцы хуызы сабитæн бамбарын кæны æмæ равдисы, каштантæй арæзт фæндаджы хуызæн цавæрфæнды хахх дæр кæй у стъæлфытæй арæзт.)*

**Хъ.** Ацы хæххытæн дæр, фæндæгтау, нæй нæдæр райдайæн, нæдæр кæрон. Згъоры фæндаг иу горæтæй иннæмæ, стæй та дарддæр, иу хъæдæй – иннæ хъæдмæ, æмæ йын нæй фæуæн.

**Д/хъазт «Хъæдæй – хъæдмæ».**

*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгæй айсы ватман æмæ йыл кæрæдзимæ дардгомау æрæвæры хихджын бæласы æмæ сыфтæрджын бæласы нывтæ.)*

**Хъ.** Ацы наз бæласæй фæбæрæг кæндзыстæм хихджын хъæд (хвойный лес), ацы бурсыфтæр бæласæй та фæбæрæг кæндзыстæм сыфтæрджын хъæд (лиственный лес). Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл иу хъæдæй иннæмæ снывкæнут алыхуызон фæндæгтæ: раст æмæ зылынтæ, цыбыр æмæ дæргътæ.

*(Сабитæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл мелтæй нывкæнынц алыхуызон хæххытæ – фæндæгтæ æмæ сбæлвырд кæнынц: иу хъæдæй – иннæ хъæдмæ скæнæн ис æрмæстдæр иунæг раст фæндаг, зылын фæндæгтæ та – бирæ.)*

**Хъ.** Кæм ис раст фæндаг? Равдисут æй. Иу хъæдæй иннæмæ цал раст фæндаджы ис?

**С.** Иу.
**Хъ.** Дыууæ хъæды комкоммæ кæцы ххх баиу кодта?
**С.** Раст ххх.
**Хъ.** Адон та цавæр хæххытæ сты?
**С.** Адон сты къæдз-мæдзытæ, зылын хæххытæ.
**Хъ.** Раст загътат. Адон сты зылын хæххытæ. Цæй хуызæн сты?
**С.** Цæугæдоны, фæндаджы, æндахы, бæттæны, ленты хуызæн.
**Хъ.** Цал сты зылын хæххытæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Цал сты раст хæххытæ?
**С.** Иунæг.
**Хъ.** Цымæ, иу хъæдæй иннæмæ цæугæйæ, цыбырдæр фæндаг кæцы у?
**С.** Раст фæндаг.
**Хъ.** Уæдæ æй сбæрæг кæнæм, афтæ у æви нæ.
*(Кæд сабитæн сæ бон бæлвырдæй зæгъын нæу, кæцы фæндаг цыбырдæр у, уый, уæд эксперименты хуызы сбæрæг кæнынц æмæ раст хатдзæгмæ æрцæуынц.)*
**Д/хъазт «Равзар фæндаг».**

*Дыууæ фæззыгон бæласы – хихджын æмæ сыфтæрджын – макеттæ (символтæ) – къорды уаты фæйнæ къуымы æвæрд. Сабитæ алыхуызон бæттæнты руаджы иу бæласæй иннæ бæласмæ аразынц дыууæ фæндаджы: иу фæндаг – раст, иннæ та – зылын-мылынтæ (зылын фæндаг раст фæндагæй хъуамæ бирæ даргъдæр уа). Сабитæ, дыууæ къордыл адих уæвгæйæ, «паровозы» цыд кæнынц: иу къорд – раст фæндагыл, иннæ – зылын-мылын фæндагыл. Раст фæндагыл цы «паровоз» цæуы, уый раздæр бахæццæ. Уымæ гæсгæ, сабитæ сбæрæг кæнынц, иу бæласæй иннæ бæласмæ цыбырдæр фæндаг кæй у раст фæндаг.*

**Хъ.** Ӕдæппæтæй уæ разы цал фæндаджы ис?
**С.** Дыууæ фæндаджы.
**Хъ.** Кæцы фæндаг у цыбыр?
**С.** Раст фæндаг.
**Хъ.** Цал сты раст фæндæгтæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Уæдæ йæ ныффыссæм, цæмæй нæ ма ферох уа: раст фæндаг у цыбырдæр фæндаг. Цавæр хаххæй фæбæрæг кæндзыстæм раст фæндаг?
**С.** Раст хаххæй.
*(Хъомылгæнæг æрæвæры цифрæ 1 æмæ раст фæндаг нысангæнæг символ: раст хаххимæ карточкæ.)*
**Хъ.** Даргъ фæндаг та кæцы у?
С. Зылын фæндаг.
**Хъ.** Цал сты зылын фæндæгтæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цæмæй нæ ма ферох уа, уый тыххæй та йæ ныффыссæм: даргъ фæндаг у зылын фæндаг. Цавæр хаххæй фæбæрæг кæндзыстæм зылын фæндаг?
**С.** Зылын хаххæй.
*(Хъомылгæнæг æрæвæры цифрæ 1 æмæ зылын фæндаг нысангæнæг символ: зылын хаххимæ карточкæ.)*
**Хъ.** Раст хæххытæ цал сты?
**С.** Иу.
**Хъ.** Зылын хæххытæ та цал сты?
**С.** Иу.
**Хъ.** Ӕдæппæтæй та цал хаххы сты?
**С.** Дыууæ хаххы.
*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æрæвæры цифрæ 2.)*
**Хъ.** Уæдæ 2 – у иу æмæ иу. Сывæллæттæ, сымах зонут, хæххытæй æрмæст фæндæгтæ нæ, фæлæ æндæр предметтæ дæр фæбæрæг кæнæн ис, уый? Мæнæ ацы бæттæны руа-

джы уæ бон хæхтæ равдисын суыдзæн?
**С.** О, суыдзæн.
**Хъ.** Цæй руаджы ма ис хæхтæ равдисæн?
*(Сабиты дзуæппытæ. Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй тухгæ хахгæнæны моделæй равдисой хæхтæ. Хахгæнæн арæзт у тухгæ метры хуызы. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: аразынц хæхтæ, ома тухгæ хахгæнæны моделæй хæхтæ аразынц. Цалынмæ уыдон хæслæвæрдыл архайынц, уæдмæ хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгæй айсы цифрæ 2.)*
**Хъ.** Цавæр хаххæй æвдыст цæуынц хæхтæ? Куыд схонæн ис, цымæ, уыцы хахх?
*(Сабиты алыхуызон дзуæппытæ. Кæд нæ зæгъой «саст хахх», уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны фæрстыты руаджы.)*
**Хъ.** Сымах, хæхтæ аразгæйæ, цыма раст хахх асæстытæ кодтат, афтæ равдыстат, фæлæ уыцы хахх скъуынгæ нæ акодтат. Æмæ уæдæ куыд схонæн ис ацы хахх?
**С.** Саст хахх.
**Хъ.** Цал саст хаххы ис уæ разы?
**С.** Иу.
**Хъ.** *(æрæвæры цифрæ 1 æмæ саст хахх нысангæнæг символ: саст хаххимæ карточкæ).* Раст хæххытæ цал сты?
**С.** Иу.
**Хъ.** Зылын хæххытæ цал сты?
**С.** Иу.
**Хъ.** Саст хæххытæ та цал сты?
**С.** Иу.
**Хъ.** Æдæппæтæй хæххытæ цал сты?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** *(æрмæгæвдисæн фæйнæгыл иуæгты фарсмæ æрæвæры цифрæ 3).* Уæдæ 3 у: иу, иу æмæ иу. Ранымайæм хæххытæ радыгай.

**С.** Фыццаг – раст хахх, дыккаг – зылын хахх, æртыккаг та – саст хахх.

**Хъ.** Хæххытæ сты иугæйттæ, фæлæ нын тынг баххуыс кодтой балцы цæуынæн æцæг картæ саразынæн. Ныр ацы картæ уыдзæн уæ хуыздæр æмбал. Картæтыл ма нодждæр вæййы тынг бирæ алыхуызон нысæнттæ æмæ цифрæтæ. Уыдоны руаджы ссарæн ис фæндаг.

**Д/хъазт «Ссар фæндаг».**

*Алы сывæллонæн дæр игровизорыл лæвæрд цæуы картæ. Зæгъæм, мæнæ ахæм:*




*Картæйыл æвдыст цæуы хæдзæрттæ – геометрион фигурæтæ номыртимæ: 1, 2, 3. Хæдзæрттæ сты 3 хуызы: 3 буры, 3 кæрдæгхуызы æмæ 3 æрвхуызы. Сабитæн ма лæвæрд цæуы æххуысгæнæг фыстæг; фыстæгмæ гæсгæ базонынц, уазæгуаты кæцы хæдзармæ цæудзысты, уый. Зæгъæм: сывæллон хъуамæ ссара расткъуымон æрвхуыз*

*хæдзар цифрæ 1-имæ. Уымæн лæвæрд цæуы мæнæ ахæм æххуысгæнæг фыстæг:*

бур 2



*Ахæм фыстæгмæ гæсгæ сабитæ ориентаци кæнынц, ссарынц хъæугæ хæдзар, цавæр у, уый зæгъынц (кæнæ йæ кърандасæй фæнысан кæнынц), уыйфæстæ йæм сæйраг хæдзарæй ныв кæнынц фæндаг – хахх (раст, зылын кæнæ саст). Хъомылгæнæг сабитæм ратты фæрстытæ.*

**Хъ.** Дæ хæдзар цавæр у? Йæ хуыз та? Цавæр цифрæ ис дæ хæдзарыл? Дæ хæдзармæ цавæр фæндаг – хахх − цæуы: раст, зылын æви саст?

*(Сабитæ сæ картæтæ айсынц.)*

**Д/хъазт «Радыгай æрæвæр».**

*(Сабитæн лæвæд цæуы сæ бæрзæндмæ гæсгæ алыхуызон æртæ хæдзары 1–3-йы онг номыртимæ.)*

**Хъ.** Нæ фæндæгтæ нæ æрбакодтой горæтмæ. Мах хъуамæ горæты цæрджытæн баххуыс кæнæм æмæ сын сæ хæдзæрттæ кæрæдзийы фæдыл раст æрæвæрæм: 1-æй 3-йы онг.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: сабитæй иутæн сæ хæдзæрттæ бæрзонддæргæнгæ цæуынц, иннæтæн та – ныллæгдæргæнгæ.)*

**Хъ.** Кæм цæрыс, уыцы уынджы хæдзæрттæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ æмхуызон сты æви алыхуызон?

**С.** Алыхуызон.

**Хъ.** Фыццаг хæдзар цавæр у?

**С.** Æппæты ныллæгдæр.

**Хъ.** Æртыккаг та?

**С.** Æппæты бæрзонддæр.

**Хъ.** Дыккаг хæдзар та цавæр у?

**С.** Рæстæмбис.

**Хъ.** Æппæты бæрзонддæр хæдзарыл цавæр номыр ис?
**С.** Фыццаг.
**Хъ.** Цавæр номыр ис æппæты ныллæгдæр хæдзарыл?
**С.** Æртыккаг.
**Хъ.** Æмæ рæстæмбис хæдзарыл та цавæр номыр ис?
**С.** Дыккаг.
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Абон алыхуызон хæххыты руаджы (раст, зылын æмæ саст) мах уыдыстæм цымыдисаг балцы. Уæ зæрдæмæ фæцыдис? Цы уæм фæкасти зын? Цы базыдтат ногæй?

*8 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Цæрæгойты дуне».**
**Темæ: «Лыггагимæ зонгæ кæнын».**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын лыггагимæ. Дарддæр сабиты зонгæ кæнын *раст*, *зылын* æмæ *саст хæххытимæ*. «Æнæхъæн» алкæддæр «хайæ» стырдæр кæй у, уый ныффидар кæнын. Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Тыгъдады ориентаци кæныны зонындзинæдтæ ныффидар кæнын; предметтæ, сæ асмæ гæсгæ бæрзонддæргæнгæ æмæ ныллæгдæргæнгæ сæ бон равæрын куыд уа. Суткæйы афонтæ ныффидар кæнын. Ныффидар кæнын 5-ы онг нымады цифрæтæ, 1 æмæ 2-йы зонындзинад.

– Сабиты ахуыр кæнын хи хъуыдытæ æмæ уынаффæтæм гæсгæ хатдзæгтæ кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, хæдхъомдзинад æмæ сæ ныхас.

– Хъомыл кæнын уарзондзинад æмæ аудгæ ахаст æрдзмæ. Хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ сабиты сæ кæрæдзийæн æххуыс кæнын куыд фæнда, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Альбомы сыф, кърандас, хахгæнæн, хæсгард, мел.

**Райуаринаг.** Альбомы сыфтæ, кърандæстæ, хахгæнæнтæ; уæрхмæ æмхуызон, дæргъмæ алыхуызон уадздзæгтæ (алы сабийæн дæр – иу уадздзаг); нымайæн къæцæлтæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, æппæтæй фылдæр цы уарзут?
**С.** Хъазын.
**Хъ.** Æмæ кæимæ уарзут хъазын?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Уыци-уыци куы базонат, уæд бамбардзыстут, æз кæимæ уарзын хъазын, уый:

*Хъарм, фæлмæн, хæмпус – йæ хъуын.*
*У цæрæгойы лæппын.*
*Мыст ахсын нæма зоны,*
*Цæй лæппын у, чи зоны?*

**С.** Гæдыйы лæппын.
*(Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй, гæдыйы лæппын цавæр у, уый равдисой.)*
**Хъ.** Гæдыйы лæппынтæ уарзут? Æмæ сæм куыд зилын хъæуы, уый зонут?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Цафон хъæуы гæдыйы лæппынæн хæринаг дæттын?
**С.** Райсомæй, бонæй æмæ изæрæй.
**Хъ.** Æхсæвы дæр ын хъæуы хæринаг дæттын?
**С.** Æхсæвы йын нæ хъæуы, уымæн æмæ уæд фынæй фæкæны.
**Хъ.** Хæргæ цы фæкæны?
**С.** Æхсыр, дзидза, къалбас (æмæ а. д.).

**Хъ.** *Æ*нæхъæн къалбас ын йæ разы куы æрæвæрæм, уæд æй æнцонæй бахæрдзæн?
**С.** Нæ, хъæуы йын дзы хай ралыг кæнын.
**Хъ.** Уæдæ нæ, зæгъæм, къалбасы, дзулы кæнæ цыхты хай хъæуы, уæд цы ми кæндзыстæм?
**С.** Ралыг дзы кæндзыстæм.
**Хъ.** Сымахмæ гæсгæ ма ноджыдæр цы ис алыг кæнæн?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Д/хъазт «Хахныв кæнын базондзыстæм».**
*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй стъолты уæлхъус æрбадой. Стъолтыл – альбомы сыфтæ, къæрандæстæ æмæ хахгæнæнтæ (линейкæтæ).*
**Хъ.** Гæххæтты сыфыл цы сныв кæнæн ис? *(Æрхæстæг сæ кæнын ахæм дзуапмæ: хæххытæ.)* Сымах зонут алыхуызон хæххытæ. Цавæртæ сты? Сныв сæ кæнут æмæ, куыд хуыйнынц, уый зæгъут.
*(Сабитæй иу архайы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, иннæтæ та – стъолы уæлхъус. Сбæлвырд кæнынц, къухæй раст хахх скæнын зын кæй у, уый.)*
**Хъ.** Раст хахх тагъддæр æмæ растдæр скæнæн ис линейкæйæ. Цы у «линейкæ»?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** «Линейкæ» – хахгæнæн, ома дзырд «хахх»-æй. Хахгæнæнæй кæндзыстæм раст хæххытæ.
*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл фидаргонд гæххæтты сыфыл хахгæнæны æххуысæй ныв кæны раст хахх, хахгæнæн æмæ къæрандасыл раст куыд хæцын хъæуы, уый сын амоны. Сабитæ альбомы сыфтыл хахх кæнынц, хæслæвæрд сæххæст кæныныл архайынц.)*
**Хъ.** Ацы хахх дарддæр ис ахæццæ кæнæн?
**С.** О.
*(Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй раст хахх гæххæттыл кæронмæ ахæццæ кæной, уыйфæстæ къух-*

*ты змæлдæй амоны, цæмæй раст хахх гæххæттæй дарддæр ахæццæ кæной (стъолыл, пъолыл, рахизæрдæм, галиуæрдæм). Сабитæ сæхи архайдмæ гæсгæ сбæрæг кæнынц: раст хаххæн нæдæр райдайæн ис, нæдæр кæрон æмæ йæ кæдфæнды дæр ис дарддæр ахæццæ кæнæн.)*

**Хъ.** Фæлæ мах ахæм даргъ хахх нæ хъæуы, хъæуы нæ хаххæн йæ хай. Æмæ уæд цы ми бакæнæм?

**С.** Хахх алыг кæнæм.

**Хъ.** *(хæсгардæй ралыг кæны хаххæй хай)*. Цы нæм рауадис?

**С.** Хаххы хай, лыггаг.

**Хъ.** Раст загътат. Лыггаг – уый у раст хаххы хай. Цæмæй хицæн кæны раст хахх лыггагæй? *(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сæм дæтты фæрстытæ.)* Хахх æмæ лыггагæн сæ дæргъ иу у? Лыггагæн дæр нæй райдайæн æмæ кæрон?

**С.** Мах хаххæй æрмæстдæр хай ралыг кодтам, уымæ гæсгæ лыггагæн ис райдайæн дæр æмæ кæрон дæр.

**Хъ.** Раст загътат. Лыггаг у раст хаххы хай. Ис ын райдайæн дæр æмæ кæрон дæр. Раст хахх алыг кæнæн ис хæсгардæй нæ, фæлæ стъæлфытæй кæнæ цыбыр хæххытæй. Иу дзырдæй, раст хаххыл стъæлфытæй кæнæ цыбыр хæххытæй фæбæрæг кæнæн ис лыггаджы райдайæн æмæ кæрон. *(Хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ – сæ альбомы сыфтыл раст хаххыл фæбæрæг кæнынц лыггаг.)*

**С.** *(архайгæйæ дзурынц)*. Ай у лыггагæн йæ райдайæн, мæнæ ай та – йæ кæрон.

---

**Хъ.** Раст фæбæрæг кодтат хаххыл лыггаг. Куыд хъуыды кæнут, лыггаг æндæр мадзалæй равдисæн ис?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Гæххæтты сыфыл стъæлф сæвæрут æмæ йæ цифрæ 1-æй фæбæрæг кæнут.

*(Хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл фидаргонд гæххæттыл, сабитæ та – альбомы сыфтыл, афтæмæй*

*æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Ныр та стъæлф 1-æй чысыл фалдæр сæвæрут стъæлф æмæ йæ цифрæ 2-йæ фæнысан кæнут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Дыууæ стъæлфы баиу кæнут хахгæнæнæй. Цы дзы рауад?

**С.** Лыггаг.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Уе 'ппæтæн дæр уæ лыггæгтæ æмхуызон сты æви алыхуызон?

**С.** Алыхуызон: иутæ – дæргътæ, иннæтæ – цыбыртæ.

**Д/хъазт «Кафæг æмбал ссар».**

*Пъолыл, гауызыл – уадздзæгты дыууæ æмбырды (сæ уæрх – æмхуызон, сæ дæргъ – алыхуызон). Хъазгæ чи кæны, уыцы сабитæ цæйбæрц сты, уадздзæгтæ дæр уыйбæрц. Хъуысы ирон симды цагъд, сабитæй алчи дæр райсы иу уадздзаг (лыггаг – отрезок) æмæ апырх вæййынц къорды уаты. Хъуамæ алчи дæр ссара йæхицæн къай – йæ уадздзаг дæргъмæ æмиас кæй уадздзагимæ уа, уый. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты архайдмæ, цæмæй раст барой сæ уадздзæгтæ. Сабитæ къæйттæй кафынц.*

**Хъ.** Сымах базыдтат лыггæгтæ раст абарын, сæ дæргъмæ гæсгæ æмхуызон лыггæгтæ ссарын æмæ ныр æндæр хъазтмæ рахизæм.

**Д/хъазт «Диссаджы къæцæлтæ».**

**Хъ.** Лыггаг скæнæн ис нымайæн къæцæлтæй дæр. Гауызыл нымайæн къæцæлтæй лыггæгтæ равæрут.

*(Гауызыл – нымайæн къæцæлтæ. Уыдонæй сабитæ лыггæгтæ равæрынц. Сæ лыггæгтæ дæргъмæ гæсгæ рауайынц алыхуызон).*

**Хъ.** Цал къæцæлæй спайда кодтай? Кæй ма бахъуыдис уал къæцæлы? Къæцæлтæ фылдæр чи райста? Къаддæр та?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Кæй лыггаг у æппæты къаддæр? Куыд æй сбæрæг код-тат? Кæй лыггаг у æппæты даргъдæр? Куыд æй сбæрæг кодтат?

**С.** Бирæ куы нæ райсай къæцæлтæй, уæд дзы рауайдзæн цыбыр лыггаг. Къæцæлтæй фылдæр куы райсай, уæд та даргъдæр уыдзæн лыггаг.

*(Сабитæ скæнынц хатдзæг: цас фылдæр къæцæлтæй спайда кæнæм, уыйбæрц даргъдæр уыдзæн лыггаг.)*

**Хъ.** Нымайæн къæцæлтæй саст хахх равæрæн ис?

**С.** О.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд æмæ хъомылгæнæ-джы æххуысæй скæнынц хатдзæг: саст хахх у лыггæгтæй конд.)*

**Хъ.** Æмæ нымайæн къæцæлтæй геометрион фигурæтæ равæрæн ис?

*(Сабитæ къæцæлтæй равæрынц геометрион фигурæтæ æмæ скæнынц хатдзæг: геометрион фигурæты фæрстæ сты лыггæгтæ.)*

**Хъ.** Нымайæн къæцæл æндахыл куы бабæттæм, уæд гæдыйы лæппынимæ ис хъазæн. Мæ гæды та æндахы къуыбылойæ уарзы хъазын. Къуыбылой куы райхæла, уæд æндах цавæр хаххы хуызæн уыдзæн?

**С.** Зылын хаххы хуызæн.

**Хъ.** Цавæр хæххытæ ма зонут ноджыдæр?

**С.** Раст æмæ саст хæххытæ.

**Хъ.** Гæдыйы лæппынæн хъазгæ-хъазын æндæхтæ йæ къæх-тыл стыхстысты. Куыд æй суæгъд кæнæм æндæхтæй?

**С.** Райхалæм æндæхтæ, алыг сæ кæнæм.

**Хъ.** Æндæхтæ куы алыг кæнæм æмæ сæ раст куы равæрæм, уæд цæй хуызæн уыдзысты?

**С.** Лыггæгты хуызæн.

**Хъ.** Куыд хъуыды кæнут, зылын хаххы хай, мæнæ ахæм

, уый лыггаг у?

**С.** Нæу. Лыггаг у раст хаххы хай, зылын хаххы хай нæу.
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Цы базыдтат абон ногæй? Цы уæм фæкаст зын? Раст хахх цæй руаджы кæнгæ у?

*9 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Доны бын дуне».**
**Темæ: «Хæрхыты абарст, æмиасад æмæ æнæмиасады нысантимæ зонгæ кæнын».**
**Нысантæ:**

– Сабиты дарддæр ахуыр кæнын хæрхытæ аразын æмæ сæ, къæйттæ аразгæйæ, абарын. Базонгæ сæ кæнын æмиасады («=») æмæ æнæмиасады («≠») нысантимæ. ныффидар кæнын: тыгъдады æмæ фæзуаты ориентаци кæныны арæхстдзинæдтæ; геометрион фигурæтæ æмæ хæххыты тыххæй зонындзинæдтæ; 10-ы онг нымад æмæ цифрæтæ 1, 2, 3-йы зонындзинад.

– Рæзын кæнын сабиты цымыдис æмæ тырнындзинад ног зонындзинæдтæм, сæ логикон хъуыдыкæнынад. Кърандасæй архайыны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын.

– Сабиты, аудгæ ахаст куыд дарой æрдзмæ, æрдзы хъæздыгдзинæдтæ хъахъхъæнын сæ куыд фæнда, кæрæдзиимæ дæр сын зæрдæхæлар ахастдзинæдтæ куыд уа, афтæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Кæсаг куыд рæзы, уый нывтæ (4 нывы). Алыхуызон кæсæгтимæ аквариумты 2 нывы; 9 хайыл дихгонд хъазæн фæз.
**Райуаринаг.** Алыхуызон кæсæгтимæ аквариумты 2 нывы; кърандæстæ; 9 хайыл дихгонд хъазæн фæз; алы сабийæн дæр – геометрион фигурæты хæрх.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цавæр республикæйы цæрæм?
**С.** Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани.
**Хъ.** Нæ республикæйы цæугæдæттæ ис?
**С.** О.
**Хъ.** Равдисут уæ къухты змæлдæй, цæугæдон куыд уайы, уый. Сымах равдыстат гыццыл цæугæдæттæ, стыр цæугæдон та куыд равдисын хъæуы?
*(Сабитæ кæрæдзийы къухтыл æрхæцынц æмæ сæ къухты сабыр змæлдæй иумæ æвдисынц иу цæугæдон.)*
**Хъ.** Нæ республикæйы сабыр цæугæдæттæ ис æви гуылфгæнгæ?
**С.** Гуылфгæнгæ.
**Хъ.** Æмæ, бæрзонд хæхтæй чи райдайы, ахæм цæугæдон та куыд равдисын хъæуы?
*Сабитæй иутæ дзуццæджы æрбадынц, иннæтæ та бандæттæм схизынц. Уыцы хуызы равдисæн ис, цæугæдон бæрзонд хæхтæй куыд згъоры, уый.*
**Хъ.** Ирыстоны цæугæдæтты кæсæгтæ ис?
**С.** О.
**Хъ.** Цæмæй нæ цæугæдæтты æмæ цадты фылдæр уа кæсæгтæ, уый тыххæй адæм стыр аквариумты еугæфæй (икра) сбирæ кæнынц кæсæгты æмæ куы фестырдæр вæййынц, уæд сæ ауадзынц цæугæдæтты æмæ цадты.
**Д/хъазт «Фыццаг цы, фæстæдæр та – цы».**
*Сабиты раз æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – 4 нывы: фыццаг нывы – еугæф, дыккаг нывы – цъынгуыр («малек»), æртыккаг нывы – гыццыл кæсаг, цыппæрæм нывы – стыр кæсаг. Нывтæ – хæццæйæ æвæрд. Хъуамæ сабитæ нывтæ раст равæрой æмæ сæ архайд бамбарын кæной.*
**Д/хъазт «Абар дыууæ хæрхы».**

*Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Стъолтыл сæ разы дæр æмæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл дæр – аквариумты нывтæ (2). Сæ иуы дæр – 7 алыхуызон кæсаджы, иннæйы дæр – 7 алыхуызон кæсаджы.*

**Хъ.** Адæм кæсæгты сбирæ кæнынц мæнæ ахæм стыр аквариумты. Иу аквариумы дæр − кæсæгты хæрх æмæ иннæ аквариумы дæр − кæсæгты хæрх. Хæрхытæ æмхуызон сты æви алыхуызон, уый куыд базонæн ис?

**С.** Хæрхытæ сты æмхуызон, уымæн æмæ кæсæгтæ æмбæрц сты.

**Хъ.** Кæсæгтæ æмбæрц сты, фæлæ, зæгъæм, æмбæрц сты æви нæ, уый нæ зонæм, уæд сæ куыд хъуамæ сбæрæг кæнæм? *(Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Цæмæй сæ сбæрæг кæнæм, уый тыххæй фыццаг аквариумы кæсæгтæй алкæцыйы дæр хæххытæй баиу кæнын хъæуы дыккаг аквариумы кæсæгтимæ.

*(Сабитæй иу архайы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, иннæтæ та – стъолты уæлхъус.)*

**Хъ.** Радзурут: цавæр кæсæгтæ баиу кодтат æмæ цавæр хæххытæй спайда кодтат?

**С.** Мах иу аквариумы сырх кæсаджы раст хаххæй баиу кодтам иннæ аквариумы сырх кæсагимæ. Зылын хаххæй та баиу кодтам бур кæсæгтæ æмæ а. д.

**Хъ.** Кæсæгтæй искæцы æнæ къайæ баззад?

**С.** Нæ баззади.

**Хъ.** Уæдæ кæсæгты хæрхытæ æмхуызон сты æви нæ?

**С.** Æмхуызон сты.

**Хъ.** Нæ бон у зæгъын, æмбæрц сты, уый?

**С.** О.

**Хъ.** Æмбæрц кæй сты, уый фæнысан кæнæн ис мæнæ ахæм нысанæй: « = ». Аквариумты æхсæн снырв кæнут æмиасады нысан: « = ».

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Ныр та ӕндӕр нывмӕ ӕркӕсӕм. Ӕнӕнымайгӕйӕ уӕ бон зӕгъын у, кӕсӕгты хӕрхытӕ ӕмбӕрц сты ӕви нӕ, уый?
**С.** Нӕу.
**Хъ.** Уӕдӕ йӕ куыд сбӕрӕг кӕнӕм?
**С.** Иу аквариумы кӕсӕгтӕ иугай баиу кӕнын хъӕуы иннӕ аквариумы кӕсӕгтимӕ.
*(Сабитӕ ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд.)*
**Хъ.** Алы кӕсагӕн дӕр ис къай?
**С.** Нӕй.
*Сабитӕ ӕрцӕуынц ахӕм хатдзӕгмӕ: аквариумты кӕсӕгты нымӕц кӕд ӕмхуызон у, уӕддӕр хуызӕй ӕмхуызон не сты.*
**Хъ.** Уӕдӕ хӕрхытӕ ӕмиас не сты (не равны). Ӕмӕ уый куыд фӕнысан кӕнӕм?
*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*
**Хъ.** Фӕнысан ӕй кӕнын хъӕуы мӕнӕ афтӕ: « ≠ », кӕсгӕ та у «ӕнӕмиасад». Снысан кӕнут ацы нысан (« ≠ » аквариумты ӕхсӕн.
**Физминуткӕ «Кӕсӕгтӕ».**

*Хъарм, сыгъдӕг доны цӕрынц,*
*Алырдӕм цъыввытт кӕнынц.*
*Ацъынд вӕййынц, ракӕсынц,*
*Куы та змисы амбӕхсынц.*

*(Сабитӕ тексты ныхӕстӕм гӕсгӕ змӕлынц.)*
**Д/хъазт «Кӕм бамбӕхстис кӕсаг?»**

*Ӕрмӕгӕвдисӕн фӕйнӕгыл ӕмӕ алы сывӕллоны раз дӕр – «хъазӕн фӕз» – 9 хайыл дихгонд квадрат. Уӕллаг чырӕгтӕ (сырхытӕ) цифрӕтимӕ: 1, 2, 3. Астӕуккаг чырӕгтӕ (ӕрвхуызтӕ) цифрӕтимӕ: 1, 2, 3. Бинаг чырӕгтӕ (буртӕ) цифрӕтимӕ: 1, 2, 3.*

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | сырхытæ |
| 1 | 2 | 3 | æрвхуызтæ |
| 1 | 2 | 3 | буртæ |

*Астæуæй (æрвхуыз квадраты цифрæ 2-имæ) – кæсаг (цавæрфæнды геометрион фигурæ). Кæсагæн йæ бон у æрмæстдæр иу чырæг фалдæр цæуын рахизæрдæм, галиуæрдæм, хæрдмæ æмæ дæлæмæ. Хъомылгæнæг зæгъы хæслæвæрд. Сабитæй иу архайы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, иннæтæ та – алчи йæхи хъазæн фæзыл.*

**Хъ.** Кæсаг бамбæхстис æрвхуыз квадраты (цифрæ 2-имæ), уыйфæстæ рахизæрдæм аленк кодта, уæлæмæ фæзылдис Кæм бамбæхстис ныр кæсаг?

**С.** Кæсаг бамбæхстис сырх квадраты (цифрæ 3-имæ).

*(Дарддæр хъомылгæнæг уыцы хуызы хæслæвæрдтæ ратты сабитæн, æмæ уыдон радыгай архайынц æрмæгæвдисæн фæйнæгыл. Иннæтæ сбæрæг кæнынц хæслæвæрд сæхи хъазæн фæзтыл.)*

**Д/хъазт «Æрæмбырд кæн дыууæ хæрхы».**

*Сабитæ гауызыл æрбадынц. Сæ разы – геометрион фигурæты хæрх. Алы саби дæр æмбырд кæны геометрион фигурæтæй дыууæ хæрхы (æмхуызон кæнæ алыхуызон) æмæ се 'хсæн æрæвæры нысан « = » кæнæ « ≠ ». Дарддæр сæ архайд æмбарын кæнынц.*

**С.** Мæ хæрхыты ис фæйнæ 5 геометрион фигурæйы, фæлæ сын се 'хсæн нысан « = » æрæвæрæн нæй, уымæн æмæ иу хæрхы стыр квадраттæ ис, иннæйы та – гыццылтæ. Уымæ гæсгæ æз æрæвæрдтон нысан « ≠ ». (Кæнæ: Æз æрæмбырд кодтон 2 хæрхы. Фыццаг хæрхы алы фигурæйæн дæр ис къай – ахæм фигурæ иннæ хæрхы. Уымæ гæсгæ æз æрæвæрдтон нысан « = ».)

*(Сабиты дзуæппытæ æмæ хатдзæгтæ уыдзысты алыхуызон.)*

**Хатдзæг.**
**Хъ.** Цы базыдтат абон ногæй? Цавæр нысантимæ (знаки) базонгæ стут? Равдисут сæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл. Цымыдисаг уæм цы фæкастис?

*10 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Æрдз – нæ хæдзар».**
**Темæ: «Æмбарынад «тын»-имæ зонгæ кæнын».**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын æмбарынад «тын»-имæ æмæ «тыны здæхт»-имæ (направление луча). Ныффидар кæнын 10-ы онг нымад æмæ цифрæтæ 1, 2, 3-йы зонындзинад. Дыууæ хæрхы сæ элементты бæрцмæ гæсгæ абарын зонын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын тыгъдады ориентации кæнын: *рахизæрдыгæй, галиуæрдыгæй, уæлæмæ, дæлæмæ.* Ахуыр сæ кæнын модельтæ аразын.

– Рæзын кæнын сабиты конструктивон арæхстдзинæдтæ, логикон хъуыдыкæнынад, практикон арæхстдзинад, кърандас æмæ хахгæнæнæй архайыны фæлтæрддзинад.

– Рæзын сæм кæнын æрдзмæ зæрдæхæлар æмæ аудгæ ахаст; ахуыр сæ кæнын, æрдзы хъæздыгдзинæдтæй пайда кæнгæйæ, æрдз хъахъхъæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ.** Каштантæ, рухсгæнæнтæ (фанартæ).
**Райуаринаг.** Каштантæ, альбомы сыфтæ, кърандæстæ, хахгæнæнтæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Тезгъо кæнын уарзут?
**С.** О.

**Хъ.** Ӕрхӕцӕм кӕрӕдзийы къухтыл, бацъынд кӕнӕм нӕ цӕстытӕ ӕмӕ нӕ цӕстытыл ауайын кӕнӕм, цыма нӕ горӕты парчы тезгъо кӕнӕм. Байгом кӕнут уӕ цӕстытӕ. Парчы нӕ алыварс цы ис?
**С.** Бӕлӕстӕ, кӕрдӕг, къутӕртӕ, цъиутӕ, арв, хур ӕмӕ а. д.
**Хъ.** Ӕмӕ сӕ иу дзырдӕй куыд схонӕн ис?
**С.** Ӕрдз.
**Хъ.** Ӕнӕ хур, ӕнӕ бӕлӕстӕ, иудзырдӕй, ӕнӕ ӕрдз адӕймагӕн цӕрӕн ис?
**С.** Нӕй.
**Хъ.** Ӕрдз у нӕ иумӕйаг хӕдзар. Ӕмӕ уӕд нӕ хӕдзармӕ хъуамӕ цавӕр цӕстӕй кӕсӕм?
**С.** Аудӕг цӕстӕй: нӕ хъӕуы бӕлӕстӕ ӕмӕ къутӕртӕ сӕттын, бырон кӕнын; цӕрӕгойтӕ ӕмӕ мӕргъты хъӕуы хъахъхъӕнын *(ӕмӕ а. д.).*
**Хъ.** Ӕмӕ нын уӕд ӕрдз балӕвар кӕндзӕн йӕ сыгъдӕг уӕлдӕф, хосгӕнӕн кӕрдӕджытӕ, хъӕздыг тыллӕг *(ӕмӕ а. д.). (Ӕвдисы каштантӕ.)*
**Хъ.** Адон та цы сты? Куыд хуыйнынц?
**С.** Каштантӕ.
**Хъ.** Каштантӕй аразынц алыхуызон хостӕ. Ис сӕ хъазӕн дӕр. Саразут каштантӕй иу раст хахх.
*(Сабитӕ ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд.)*
**Хъ.** Каштантӕй иу у цымыдис, сфӕнд кодта раст хаххыл дыууӕрдӕм рауай-бауай акӕнын ӕмӕ фенын хаххӕн йӕ райдайӕн ӕмӕ йӕ кӕрон. *(Каштан раст хаххы сӕрты ахӕссы.)* Ӕрлӕууыдис каштан, акаст галиуӕрдӕм, акаст рахизӕрдӕм – хаххӕн нӕдӕр йӕ райдайӕн ссардта, нӕдӕр йӕ кӕрон. «Ӕз уӕдӕ ацы ран цӕрдзынӕн» – загъта каштан. Уый кӕцӕй зыдта, раст хахх дыууӕ хайыл кӕй адих кодта – раст хаххы дыууӕ ӕмбисы. Раст хаххы ӕмбис – уый у «тын» (луч). Уӕдӕ каштан у ног хаххы райдайӕн ӕмӕ хуыйны «тын». Раст хаххыл иу тын рауадис ӕви дыууӕ?

**С.** Дыууæ тыны.
**Хъ.** Равдисут-ма сæ.
*(Сабитæ æвдисынц дыууæ тыны: сæ иу каштанæй рахизæрдæм, иннæ та – каштанæй галиуæрдæм.)*
**Хъ.** Тынтæн сæ райдайæн радисут.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Æрдзы цы тынтæ ис, уыдон та куыд хуыйнынц?
**С.** Хуры тынтæ.
**Хъ.** Æхсæвыгон та нæ фæндаг цæмæй хъуамæ рухс кæнæм.
**С.** Рухсгæнæнтæй.
**Хъ.** Раст загътат. Рухсгæнæны тын срухс кæны фæндаг. Тынæн йæ бон у алырдæм дæр фездæхын: уæлæмæ кæнæ дæлæмæ, рахизæрдæм кæнæ галиуæрдæм – кæцырдæм нæ бафæнда, уыцырдæм.
*(Сабитæ ссудзынц рухсгæнæнтæ æмæ сæхæдæг сбæлвырд кæнынц уыцы хъуыды. Дарддæр хъомылгæнæджы æххуысæй сабитæ экспериментæн скæнынц хатдзæг: тынæн ис райдайæн, фæлæ йын кæрон нæй, ома тын у æнæкæрон).*
**Д/хъазт «Дыууæ къорды».**
*Хъомылгæнаг зæгъы сабитæн, цæмæй дыууæ къордыл адих уой – чызджытыл æмæ лæппутыл. Хъомылгæнæджы сигналмæ гæсгæ сабитæ хъуамæ, хæххытæ куыд амонынц, афтæ кæрæдзийы фæдыл æрлæууой (хæххытæ бæттæнтæй дæр ис фæбæрæг кæнæн). Уыйфæстæ сабитæ банымайынц хицæнæй лæппуты дæр æмæ чызджыты дæр.*
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: лæппутæ æви чызджытæ?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Æмæ йæ куыд сбæрæг кæнæм?
*(Сабитæ хъуамæ сæхæдæг къæйттæй æрлæууой, уæд бæрæг уыдзæн, кæцытæ фылдæр сты, уый.)*
**Д/хъазт «Тæрхъусæн баххуыс кæн».**

*(Сабитæ æрбадынц гауызыл.)*

**Хъ.** Тæрхъусы тыххæй иу цаумæ байхъусут. Уыди сæумæрайсом. Тæрхъус рацыдис атезгъо кæнынмæ æмæ фæдзæгъæл. Фæцыдис æнæхъæн бон, æмæ хæдзармæ цæуын афон æрхæццæ. Цымæ, уый суткæйы кæцы рæстæг уыдис?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Уæ цæстытыл ауайын кæнут, цыма, уæ разы цы хъазæн фæз ис, уый у хъæд.

*(Æркæс, 9-æм ахуыры сахаты цы хъазæн фæз лæвæрд цæуы, «Кæм бамбæхст кæсаг», уымæ).* Тæрхъусы геометрион фигурæйæ фæбæрæг кæнæм, зæгъæм, дæргъдымбыл (овал). Райсут фигурæ æмæ йæ æрæвæрут бур квадраты цифрæ 1-имæ. Тæрхъус хъæды тезгъо кодта æмæ фæдзæгъæл. Тæрхъусы хæдзар ис сырх квадраты цифрæ 3-имæ. Баххуыс ын кæнут, цæмæй йæ хæдзар ссара.

*(Сабитæ сæ хъазæн фæзтыл, дзырдтæ «рахизæрдæм», «галиуæрдæм», «уæлæмæ»-йæ пайда кæнгæйæ, дæргъдымбыл ассонынц иу квадратæй иннæмæ. Сабитæй иу архайы, æрмæгæвдисæн фæйнæгыл цы хъазæн фæз фидаргонд ис, ууыл.)*

**Хъ.** Ныр та геометрион фигурæтæй ахъазæм æндæр хъазтæй.

**Д/хъазт «Нымæц æрæмбырд кæн».**

*Алы сабийы разы дæр – геометрион фигурæты хæрх; цифрæ 2 (кæнæ 3) æмæ цалдæр иуæджы (единицы).*

**Хъ.** Уæ разы цы цифрæ ис, уый бæрæг кæны, цал геометрион фигурæйы æрæвæрын хъæуы, уый. Равзарут хъæугæ фигурæтæ.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

*(Зæгъæм: цифрæ 3 : 1* △ *æмæ 1* ◯ *æмæ 1* □

*кæнæ цифрæ 2 : 1 стыр дæргъдымбыл æмæ 1 гыццыл дæргъдымбыл.)*

**Хъ.** Цавæр цифрæ ис дæ разы? Цал фигурæйы æрæмбырд кодтай? Цавæр фигурæтæ сты?
**Хъ.** Мæ разы ис цифрæ 3. Æз æрæмбырд кодтон æртæ алыхуызон фигурæйы: иу æртæкъуымон, иу зиллакк æмæ иу квадрат.
**Хъ.** Уæдæ, æртæ – уый у иу, иу æмæ иу. Фæнысан сæ кæнæм цифрæтæй.
*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ та стъолтыл цифрæ 3-йы фарсмæ æрæвæрынц цифрæтæ: 1, 1 æмæ 1.)*
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут хæслæвæрдтимæ. Кæмæн баххуыс кодтат? Зын уæм цы фæкаст? Цымыдисаг уæм цы фæкаст? Уæ зæрдæмæ цы фæцыдис?

*11 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Æз æмæ мæ буар».**
**Темæ: «Нымæцон тын» (Числовой луч).**
**Нысантæ:**

– Дарддæр сабиты зонгæ кæнын «тын» æмæ йæ миниуджытимæ. Базонгæ сæ кæнын æмбарынад «нымæцон тын»-имæ. Бамбарын сын кæнын, нымæц æрмæст предметты бæрц кæй нæ бæрæг кæны, фæлæ ма дæргъбарæн (мера длины) дæр кæй у. Ахуыр сæ кæнын барæны (мерка) руаджы дæрддзæгтæ (расстояния) сбарын.

– Ныффидар кæнын нымад æмæ цифрæтæ 0, 1, 2, 3-йы зонындзинад; къахдзæфты нымæцимæ цифрæ æмахаст кæнын зонын. Дарддæр сын амонын тыгъдадон æмбарынæдтæ: *рахизæрдæм, галиуæрдæм, уæлæмæ, дæлæмæ;* ахуыр сæ кæнын символты руаджы фæзуаты ориентаци кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты ныхас, цæстуынгæ æнкъарынад, хъуыдыкæнынад.

– Хъомыл сæм кæнын хæдхъомад æмæ сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** «Тын»-ы ныв, санчъехтæгæнæг адæймаг (гæххæттæй лыггонд); хъазæн фæз; геометрион уыциуыцитæ.

**Райуаринаг.** Тын нывгонд кæм ис, ахæм альбомы сыфтæ, нымайæн къæцæлтæ, цифрæтæ 1, 2, 3; хъазæн фæз; карточкæ-шифровкæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Хъазын уарзут? Уæдæ базонгæ уæм ног хъазтимæ.

**Д/хъазт «У къæрцхъус».**

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй нымадмæ гæсгæ кæной фæлтæрæнтæ æмæ сын сæ фæткæвæрд бахъуыды кæной.*

**Хъ.** 1 – дзуццæджы æрбад.

2 – раст æрлæуу.

3 – уæлæмæ сис дæ къухтæ.

4 – къухтæй æмдзæгъд акæн.

5 – дæ къухтæ дæлæмæ æруадз.

6 – размæ санчъехтæ кæн.

7 – æрлæуу.

*(Дарддæр хъомылгæнæг нымайы, сабитæ та æххæст кæнынц фæлтæрæнтæ. Фæлтæрæнты фæткæвæрд цæмæй ма фехæла, ууыл архайынц. Хъомылгæнæг дæр сабитимæ иумæ санчъехтæ кæны. Хъазт фæлхатгонд цæуы 2 – 3 хатты. Хъазты кæрон сабитæй иутæ фæразæй вæййынц, иннæтæ фæсте аззайынц.)*

**Хъ.** Сымах тынг хорз бахъуыды кодтат æмæ æххæст кодтат

фæлтæрæнтæ. Фæлæ сабитæй иутæ фæразæй сты, иннæтæ та фæсте аззадысты. Цымæ цæмæн?

**С.** Сабитæй иутæ тагъд цыдысты, иннæтæ та сабыргай; иутæ бирæ санчъехтæ кодтой, иннæтæ та къаддæр; иутæ даргъ санчъехтæ кодтой, иннæтæ та – цыбыр.

*(Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Алкæмæн дæр йæ разы – альбомы сыф, сыфыл – «тын» ныв гонд).*

**Хъ.** *(æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æрæвæры гæххæтæй лыггонд санчъехтæгæнæг адæймаг).* Абон нæм уазæгуаты аргъауæй æрбацыд адæймаг, йæ бон у иухуызон къахдзæфтæй цæуын. Цæугæ та кæны фæндагыл – хаххыл. Мæнæ ис уыцы хахх. *(Æвдисы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл ныв гонд тын.)* Куыд хуыйны ацы хахх?

**С.** Тын.

**Хъ.** Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, цы зонæм тыны тыххæй?

**С.** Тынæн ис райдайæн, фæлæ йын кæрон нæй, вæййы искæцырдæм здæхт, арæзт.

**Хъ.** Алкæмæ дæр уæ ис альбомы сыф тынимæ. Равдисут тынæн йæ райдайæн.

*(Сабитæй иу æрмæгæвдисæн фæйнæгыл архайы, иннæтæ та – альбомы сыфтыл.)*

**Хъ.** Тын кæцырдæм здæхт у, рахизæрдæм æви галиуæрдæм?

**С.** Тын у рахизæрдæм здæхт.

**Хъ.** Ацы адæймаг балцы цæудзæн тыныл. Кæцырдæм ацæудзæн?

**С.** Рахизæрдæм.

**Хъ.** Мæнæ адæймаг æрыхъал æмæ хъуамæ араст уа балцы, уый кæцы рæстæг уыдзæн?

**С.** Райсомæй.

**Хъ.** Кæм райдайы йæ балц?

**С.** Тын кæм райдайы, уым.

*(Хъомылгæнæг стъæлфы – тыны райдайæны сæрмæ æрæвæры хæдзары силуэт.)*

**Хъ.** Тыны райдайæн – фæндаджы райдайæн. Æрæвæрæм дзы адæймагæн йæ хæдзар, уымæн æмæ цавæрфæнды балц дæр хæдзарæй райдайы. Æмæ кæд нырма хæдзары ис, уæд иунæг санчъех дæр нæма скодта. Уымæ гæсгæ йын йæ фæндаджы райдайæн фæбæрæг кæнæм цифрæ 0-æй. *(Фæндаджы райдайæн фæбæрæг кæны цифрæ 0-æй æмæ равдисы адæймаджы.)* Мæнæ ахæм санчъехтæ кæны адæймаг. Йæ санчъехы дæргъ ын нымайæн къæцæлæй абарæм. *(Сабитæй иу æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æххæст кæны хæслæвæрд.)* Дæргъмæ æмхуызон сты æви алыхуызон?

**С.** Дæргъмæ æмхуызон сты.

**Хъ.** Уæдæ адæймаджы къахдзæф æмæ нымайæн къæцæл сты æмиас. Уæ разы стъолтыл ис нымайæн къæцæлтæ. Дæргъмæ æмхуызон сты æви алыхуызон? Абарут сæ.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд æмæ скæнынц хатдзæг: къæцæлтæ дæргъмæ гæсгæ сты æмхуызон. Хъомылгæнæг «адæймаджы» тыны райдайæны æрæвæры. «Адæймагæн» йæ иу къах ис стъæлф 0-ыл.)*

**Хъ.** Цал санчъехы акодта адæймаг?

**С.** Иу санчъех.

**Хъ.** Райсут нымайæн къæцæл æмæ йæ тыныл афтæ æрæвæрут, цæмæй тыны райдайæн æмæ къæцæлы райдайæн баиу уой.

*(Хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ та – альбомы сыфтыл æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Уæдæ, адæймаг иу санчъех акодта, йæ санчъех та у нымайæн къæцæлы йас. Ныр февзæрдис мæнæ ацы стъæлфы. Фæбæрæг æй кæнæм цифрæ 1-æй. Мах тыныл фæбæрæг кодтам нымайæн къæцæлы дæргъæн лыггаг.

*(Хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ та – альбомы сыфтыл фæбæрæг кæнынц стъæлф æмæ йын йæ фарсмæ ныффыссынц цифрæ 1.)*

**Хъ.** Уыйфæстæ та адæймаг ноджыдæр иу ахæм санчъех акодта. *(Хъомылгæнæг «адæймаджы» иу санчъех рахизæрдæм ассоны.)* Цал санчъехы акодта ныр фæндаджы райдайæнæй?
**С.** Дыууæ санчъехы.
**Хъ.** Иу санчъех æмæ иу санчъех – æдæппæтæй дыууæ санчъехы. Адæймаг акодта дыууæ æмиас санчъехы. Уæдæ ма тынил æрæвæрын хъæуы ноджыдæр иу нымайæн къæцæл. *(Хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ та – альбомы сыфтыл æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Дыккаг санчъехы фæстæ кæм æрлæууыд, уым сæвæрæм стъæлф æмæ йæ фæбæрæг кæнæм цифрæ 2-йæ. Тынил мах фæбæрæг кодтам дыууæ æмиас лыггаджы.
*(Хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, сабитæ та – альбомы сыфтыл фæбæрæг кæнынц дыккаг стъæлф цифрæ 2-йæ. Уыцы хуызы фæбæрæг кæнынц иннæ стъæлф дæр – стъæлф 3. Хорз уаид, сабитæ сæхæдæг куы архаиккой, уæд).*
**Хъ.** Цал нымайæн къæцæлы æрæвæрдтат тынил?
**С.** Æртæ нымайæн къæцæлы.
**Хъ.** Лыггæгтæ та цал фæбæрæг кодтам тынил?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Цал санчъехы акодта адæймаг?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Цавæр цифрætæй йын фæбæрæг кодтам йæ санчъехтæ?
**С.** Цифрætæй 1, 2, 3.
**Хъ.** Адæймаг йæ санчъехтæй сбарста дæрддзæг (расстояние), мах та йæ цифрætæй фæбæрæг кодтам: иу санчъех (сабитæ æрæвæрынц иу нымайæн къæцæл) – сæвæрæм цифрæ 1; дыууæ санчъехы (сабитæ æрæвæрынц дыууæ нымайæн къæцæлы) – цифрæ 2; æртæ санчъехы (сабитæ æрæвæрынц æртæ нымайæн къæцæлы) – цифрæ 3. Дæргъмæ гæсгæ æмиас санчъехтæ æмæ нымайæн къæцæлты руад-

жы мах сбарстам дæрддзæг – адæймаджы фæндаг, нымадтам ын йæ санчъехтæ æмæ сæ цифрæтæй бæрæг кодтам. Адæймагæн йæ бон дарддæр ацæуын у?
**С.** О, цæйбæрц æй фæнда, уыйбæрц у йæ бон цæуын.
**Хъ.** Фæлæ дарддæрæй-дарддæр куы цæуа, уæд бынтон адард уыдзæн йæ хæдзарæй. Уымæ гæсгæ сфæнд кодта фæстæмæ йæ хæдзармæ рацæуын. Цы хъуамæ бакæна?
**С.** Фæстæмæ йæ фæндагыл раздæха.
**Хъ.** *(иннæрдæм разилы адæймаджы ныв).* Йæ хæдзары ’рдæм иу санчъех акодта.
*(Хъомылгæнæг – æрмæгæвдисæн фæйнæгæй, сабитæ та – альбомы сыфтæй, айсынц иу нымайæн къæцæл.)*
**Хъ.** Йæ хæдзармæ хæстæгдæр фæцис æви дарддæр?
**С.** Йæ хæдзармæ фæхæстæгдæр ис.
**Хъ.** Цал санчъехы ма йæ акæнын хъæуы, цæмæй йæ хæдзармæ бахæццæ уа?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** *(«адæймаджы» иу къахдзæф хæстæгдæр фæкæны хæдзары ’рдæм æмæ иу нымайæн къæцæл айсы).* Адæймаг та хæстæгдæр фæцис йæ хæдзармæ æви дарддæр?
**С.** Хæстæгдæр.
*Сабитæ хъомылгæнæджы æххуысæй скæнынц хатдзæг: тынил рахизæрдæм цæугæйæ санчъехты (лыггæгты) нымæц алы санчъехимæ 1 фылдæр кæны, фæлæ тынил галиуæрдæм (фæстæмæ) цæугæйæ санчъехты нымæц 1 къаддæр кæны.*

*Хъомылгæнæг æмæ сабитæ айсынц фæстаг нымайæн къæцæл: «адæймаг» йæ хæдзармæ бахæццæ.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та мах дæр акæнæм санчъехтæ.
**Физминуткæ.**

Æз цæуын, ды дæр цæуыс – иу, дыууæ, æртæ;
Æз зарын, ды дæр зарыс – иу, дыууæ, æртæ;
Мах цæуæм æмæ мах зарæм – иу, дыууæ, æртæ.

*(Сабитæ, дзургæйæ, къорды уаты санчъехтæ кæнынц æмæ, 1, 2, 3-йы нымадмæ гæсгæ, æмдзæгъд кæнынц.)*

**З/д хъазт «Бæлццон».**

*Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Алкæмæн дæр йæ разы – хъазæн фæз æмæ карточкæ. Карточкæтæ се ’ппæтæн дæр – иухуызон:*



**Хъ.** Адæймаджы фæнды сымахимæ ахъазын – хъазæн фæзы атезгъо кæнын. Уый лæууы, цифрæ 1 кæм ис, уыцы бур квадраты. Карточкæйыл та фатæгтæ æмæ цифрæтæй шифргонд æрцыд йæ балц. Фатæг æвдисы, кæцырдæм цæугæ у, уый, цифрæ та – санчъехты нымæц (санчъех – иу квадратæй иннæмæ ахызт). Адæймаг хъуамæ хъазæн фæзыл цæуа, карточкæйыл цы командæтæ шифргонд æрцыд, уыдонмæ гæсгæ.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хъомылгæнæг сын сбæрæг кæны сæ куыст – хъуамæ сабитæй алкæмæн дæр йæ «адæймаг» лæууа уыцы иу, сырх квадраты, цифрæ 1-имæ.)*

**Д/хъазт «Геометрион уыци-уыцитæ».**

**Хъ.** Уарзут уыци-уыцитæ? Нæ уазæг уын æрбахаста æнахуыр уыци-уыцитæ.

*(Хъомылгæнæг æвдисы 1-аг нывы. Сабитæ хъуамæ базоной, цал геометрион фигурæйы дзы æвдыст цæуы, уый. Уыйфæстæ æвдисы 2-аг ныв (зындæр, вазыгджындæр). Æххæст кæнынц раздæры хæслæвæрд.)*



1-аг ныв



2-аг ныв

**Хатдзæг.**
**Хъ.** Кæимæ базонгæ стут абон? Цы базыдтат ногæй? Адæймаг йæ санчъехтæ цæуыл барста? Æмхуызон уыдысты йæ санчъехтæ æви алыхуызон? Дыууæ къахдзæфы фæстæ кæцы ран уыдис, уый тынил равдисдзыстут? Æртæ къахдзæфы фæстæ та?

*12 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Фынджы уæлхъус хи дарыны æгъдау».**
**Темæ: «Барæнимæ зонгæ кæнын»** (Знакомство с меркой).
**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сабиты барæнæй пайда кæнын. Бамбарын сын кæнын: барæн цавæр у, уымæ гæсгæ уыдзæн барсты фæстиуæг дæр. Базонгæ сæ кæнын æрдзон дæргъбарæнтимæ. 10-ы онг нымад ныффидар кæнын. Барæны руаджы квадрат æмæ расткъуымонæн скæнын иртасынад.
– Дарддæр сæ зонгæ кæнын хуымæтæг сериациимæ: ахуыр сæ кæнын нывтæ кæрæдзийы фæдыл, сюжетмæ гæсгæ, раст равæрын.
– Рæзын кæнын сабиты хæдхъомад, сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ, зонындзинæдтæм цымыдис, сæ хъуыдыкæнынад.
– Сæ бон æмбырдæй иумæ архайын куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** 1–15 метры дæргъæн бæттæн.
**Райуаринаг.** Алыхуызон барæнтæ (мерки) – кърандæстæ, алыхуызон (дæргъмæ) къæцæлтæ; фишкætæ, цифрæтæ 2 æмæ 3 (цалдæргай карточкæйы), квадрат æмæ расткъуымон; сюжетон нывтæ (иу сюжет æвдисæг).

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Бæрæгбæттæ уарзут? Цавæртæ?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Аргъауæй цы Зæринæйы базыдтам, уымæн рæхджы (тагъд) йæ гуырæнбон уыдзæн. Бæрæгбонмæ алцыдæр цæттæ у, суанг ма стъолæмбæрзæн дæр æлхæд у. Фæлæ мæнæ иу бæллæх: стъолæмбæрзæн фæгыццыл – стъолæн не сбæззыд. Куыд баххуыс кæнæм Зæринæйæн?

**С.** Æндæр стъолæмбæрзæн балхæнæм кæнæ та йæ стырдæрыл баивæм.

**Хъ.** О, фæлæ уый та æгæр стыр куы разына? Цы бакæнын хъæуы?

**С.** Стъол сбарын хъæуы.

**Хъ.** Æмæ йæ куыд сбарæм? Цæмæй?

*(Стъолтыл сабиты раз – алыхуызон барæнтæ: кърандæстæ, къæцæлтæ æмæ а. д. Уыдонæй пайда кæнгæйæ, сабитæ барынц стъолы дæргъ. Хъомылгæнæг йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст архайой. Сабитæ цыппарæй архайынц къæйттæй. Фыццаг къай иухуызон барæнæй сбары стъолæн йæ иу фарсы дæргъ. Дыккаг къай та æндæрхуызон барæнæй сбары стъолæн йæ иннæ фарсы дæргъ. Къæйттæй архайгæйæ, сабитæй иу стъолыл æрæвæры барæн, иннæ сывæллон та барæны раз фишкæ æрæвæры. Сабитæ стъолы иу фарсы фишкæты бæрц абарынц (сравнивают), къæйттæ аразгæйæ, стъолы иннæ фарсы фишкæты бæрцимæ. Сæ бæрц æмхуызон нæ рауад.)*

**Хъ.** Афтæ цæмæн рауад? Сымах барстат стъолы æмиас фæрстæ, фæлæ барæнты бæрц иухуызон нæ рауад. Цымæ цæмæн?

*(Уынаффæ кæнгæйæ, сабитæ æрцæуынц иу хатдзæгмæ: барæнтæн сæ дæргъ уыдис алыхуызон. Уымæ гæсгæ фæстиуджытæ (результаты) рауадысты алыхуызон.*

*Сабитæ скæнынц хатдзæг: цæмæй дæргъ раст бæрæггонд æрцæуа, уый тыххæй барын хъæуы иухуызон барæнтæй.)*

**Хъ.** Раджы заманы-иу адæмы хъуымац кæнæ бæттæны дæргъ сбарын куы хъуыдис, уæд-иу барстой санчъехтæ кæнæ рæмбыныкъæдзтæй (æлмæринтæй).

*(Хъомылгæнæг, раздæр куыд барстой, уый æвдисы: бæттæны кæроныл хæцгæйæ, йæ къухыл тухы бæттæн æмæ нымайы, бæттæн рæмбыныкъæдзæй къухы онг цал таджы уыдзæн, уый. Уыцы бæттæн хъомылгæнæг ратты сабитæй иумæ æмæ йын зæгъы, цæмæй йæ уый дæр уыцы хуызы сбара. Фæстиуджытæ уыдзысты алыхуызон.)*

**Хъ.** Цæмæн нæм рауад алыхуызон фæстиуджытæ?

**С.** Уымæн æмæ хъомылгæнæг æмæ сывæллонæн сæ къухты дæргъ барын хъæуы иухуызон барæнтæй.

**Хъ.** Цы зæгъæм уæдæ Зæринæйæн?

**С.** Стъол хъæуы барæнæй сбарын æмæ уыцы барæнимæ дуканимæ ацæуын, цæмæй уым уыцы барæнæй стъолæмбæрзæны дæргъ сбара.

**З/д хъазт «Уæйыджы санчъехтæ».**

**Хъ.** Гауыз санчъехтæй куыд сбарæн ис?

*(Сабиты дзуæппытæ. Алыхуызон санчъехтæй барынц гауыз: уæйыджы санчъехтæ, хуымæтæг къахдзæфтæ, «мæлдзыджы къахдзæфтæ».)*

**Д/ хъазт «Барæнтæ».**

**Хъ.** Мах санчъехтæй сбарстам гауыз, нымайæн къæцæлтæй – стъол. Зæгъут-ма, стъолæн цавæр геометрион фигурæйы формæ ис: квадраты æви расткъуымоны?

**С.** Расткъуымоны.

**Хъ.** Уæдæ стъолæмбæрзæн дæр цавæр хъæуы?

**С.** Расткъуымоны хуызæн.

*Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус æмæ къæйттæй архайынц. Алы стъолыл дæр – квадрат æмæ расткъуымон æмæ цифрæтæ 2 æмæ 3 (цалдæргæйттæ).*

**Хъ.** Адон цавæр фигурæтæ сты?
**С.** Квадрат æмæ расткъуымон.
**Хъ.** Куыд æй базыдтат?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Сбæрæг æй кæнут. *(Зæгъы, цæмæй дыууæ фигурæйы сбарой нымайæн къæцæлтæй. Фигурæты ас хъуамæ уа ахæм: расткъуымоны – æртæ къæцæлы, йæ уæрх – дыууæ къæцæлы; квадраты фарс – 2 къæцæлы.)*
*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд æмæ геометрион фигурæты дæргъ æмæ уæрх цифрæтæй фæбæрæг кæнынц. Уыйфæстæ хъомылгæнæджы æххуысæй скæнынц хатдзæг æмæ сæ хъуыдыты растдзинад сбæлвырд кæнынц. Зæгъæм:*
**С.** Ацы фигурæйæн йæ дæргъ у æртæ къæцæлы, йæ уæрх та – дыууæ къæцæлы. Фигурæйæн йæ дæргъ уæрхæй стырдæр кæй у, уымæ гæсгæ уый у расткъуымон. (Кæнæ: Ацы фигурæйæн йæ фæрстæ иууылдæр сты æмхуызон, æмиас – фæйнæ дыгай къæцæлтæ. Уæдæ уый у квадрат.)
**Д/ хъазт «Логикон нывтæ».**
**Хъ.** Адæймагæн йæ царды алы хъуыддаджы дæр хъуамæ уа æгъдау æмæ уагæвæрд.
*(Алы сабийæн дæр лæвæрд цæуы къонверт. Къонверты ис 3 – 4 нывы. Нывтæ равæрынц раст, цаутæ кæрæдзийы фæдыл куыд цæуынц, уымæ гæсгæ. Уыйфæстæ дзурынц нывты сюжет. Спайда кæнæн ис зонгæ аргъæутты нывтæй.)*
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Кæмæн баххуыс кодтат абон? Цы базыдтат ногæй? Квадрат расткъуымонæй цæмæй хицæн кæны?

**Иумæйаг темæ: «Хæрзад æмæ пайда хæринаг».**
**Темæ: «Цифрæ 4-имæ зонгæ кæнын».**
**Нысантæ:**

– Нымæцон 4 куыд арæзт у, уый ныффидар кæнын. Базонгæ кæнын цифрæ 4-имæ. Сабиты ахуыр кæнын цифрæ предметты бæрцимæ æмахаст кæнын. Хæрхытæ алыхуызон миниуджытæм гæсгæ дæлхæрхытыл дих кæныны арæхстдзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын: æртæкъуымон æмæ цыппаркъуымон. Сабиты ахуыр кæнын, нымæцон тынæй пайда кæнгæйæ, нымæцон рæнхъмæ гæсгæ нымæцонтæ абарын.

– Нымæцон лыггагæн (числовой отрезок) анализ кæныны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын.

– Æмбырдæй иумæ архайын куыд зоной, сабиты уыцы хуызы хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** 4 тæлыйы; нымæцон тын.
**Райуаринаг.** Хойрæгты нывтæ (æхсыр, дзул, дзидза æмæ халсартæ); нымайæн къæцæлтæ, цифрæтæ 3 æмæ 4; 3 æртæкъуымоны, 4 цыппаркъуымоны.

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цæмæй æнæниз æмæ тыхджын уат, уый тыххæй цы хъæуы?
**С.** Зарядкæ кæнын, спорты архайын, хæрзад æмæ пайда хойрæгтæ хæрын.
**Д/хъазт «Хæрхытæ».**
*Гауызыл сабиты раз – алыхуызон хойрæгты нывтæ.*

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй нывтæ тæлытæм æрæмбырд кæной: иу тæлымæ – æхсыры хæринæгтæ, иннæ тæлымæ – дзидзайы, аннæмæ – дзулладжы хæринæгтæ. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ.** Цал тæлыйæ спайда кодтат?

**С.** Æртæ тæлыйæ: иу – æхсыры хойрæгтæн, дыккаг – дзулладжы хойрæгтæн, æртыккаг – дзидзайы хойрæгтæн.

**Хъ.** Æркæсут-ма, цавæр хойрæгты нывтæ ма баззад гауызыл?

*(Гауызыл баззадис халсарты нывтæ.)*

**С.** Баззадис дзы халсарты нывтæ.

**Хъ.** Халсартæ дзулладжы, æхсыры кæнæ дзидзайы хойрæгтæм хауынц?

**С.** Нæ хауынц. Уыдон сты халсары хойрæгтæ *(растительная пища)*.

**Хъ.** Уæдæ сæ æрæвæрæм æндæр тæлыйы.

*(Сабитæ ма иу тæлы райсынц æмæ халсарты нывтæ уым æрæвæрынц.)*

**Хъ.** Халсарты ис тынг бирæ витаминтæ, уыдон тынг пайда сты æнæниздзинадæн æмæ сæ æнæмæнг хæрын хъæуы. Тæлыты цы ис, уыдон иумæ куыд схонæн ис?

**С.** Хæрынæн бæзгæ хойрæгтæ!

**Хъ.** Цал уыдысты тæлытæ?

**С.** Æртæ.

**Хъ.** Цал тæлыйы ма сæм бафтыдтам?

**С.** Иу.

**Хъ.** Цал сты ныр тæлытæ?

**С.** Цыппар.

**Хъ.** Æдæппæтæй 4 тæлыйы. Кæд уæ исчи зоны, цифрæ 4 куыд фысгæ у, уый, уæд æй æрмæгæвдисæн фæйнæгыл ныффыссæд.

*Сабитæй иу æхххæст кæны хæслæвæрд. Уыйфæстæ хъомылгæнæг æвдисы цифрæ 4, сабитæ та нымайæн къæцæлтæй*

*гауызыл цифрæ 4 равæрынц.*

**Д/хъазт «Хъазæн фигурæтæ».**

*Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл дæр æмæ стъолтыл дæр – карточкæтæ цифрæтæ 3 æмæ 4-имæ (цифрæ 3 – галиу къуымы, цифрæ 4 та – рахиз къуымы) æмæ фигурæты модельтæ: фæйнæ 3 алыхуызон æртæкъуымоны æмæ фæйнæ 4 алыхуызон цыппаркъуымоны. Хъомылгæнæг равдисы фигурæ, сабитæ се стъолтыл ссарынц ахæм фигурæ.*

**Хъ.** Цавæр нымæцоны раз æрæвæрын хъæуы ацы фигурæ æмæ цæмæн?

**С.** Æртæкъуымон æрæвæрдзыстæм нымæцон 3-йы раз, уымæн æмæ йын ис æртæ къуымы. *(Кæнæ: Квадрат æрæвæрдзыстæм нымæцон 4-ы раз, уымæн æмæ йын ис цыппар къуымы; расткъуымон æрæвæрдзыстæм нымæцон 4-ы раз, уымæн æмæ йын ис 4 къуымы.)*

*Уыцы фæткыл хъомылгæнæг æмæ сабитæ æппæт фигурæтæ дæр равæрынц: нымæцон 3-йы фарсмæ – æртæ æртæккъуымоны, нымæцон 4-ы фарсмæ та – цыппар цыппаркъуымоны.*

**Хъ.** Цы ис цымыдисагæй нæ геометрион фигурæты æмбырдты?

*(Хорз уаид, сабитæ сæхæдæг куы бафиппаиккой: нымæцоон 3-йæн ма кæй ис иу нысаниуæг – æдæппæтæй æртæ æртæкъуымоны; нымæцон 4-æн та – цыппар цыппаркъуымоны.)*

**Хъ.** Ныр та нымæцонтимæ ахъазæм.

**Д/ хъазт «Нымæцонты сыхæгтæ».**

**Хъ.** Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл цы ныв ис, уымæ æрбакæсут.




**Хъ.** Кæцы нымæцонтæ бамбæхстысты?

*(Сабиты дзуæппытæ. Хъомылгæнæг æмбæхст цифрæтæ байгом кæны æмæ радыгай амоны цифрæтæм, 1–4, сабитæ та фæзæгъынц нымæцонты сыхæгты.)*

**Хъ.** Цыппарæй къаддæр цы нымæцонтæ сты, уыдон зæгъут. Зæгъут, цыппарæй къаддæр, фæлæ дыууæйæ фылдæр нымæцонтæ (æмæ а. д.). Цыппарæй иуы онг фæстæмæ ранымайут. Нымæцон тыныл нымæцонтæ куыд лæууынц, уымæ уæ хъус æрдарут: стыр нымæцонтæ – рахизæрдыгæй, гыццылтæ та – галиуæрдыгæй.

*14 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг».**
**Темæ: «Нымæц 3 æмæ нымæц 4-ы арæзт сæхицæй дыууæ къаддæр нымæцтæй».**
**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын нымæцтæ 3 æмæ нымæц 4-ы арæзтимæ. Бамбарын сын кæнын, ранымад предметтæ куыдфæнды куы равæрæм, уæддæр сæ нымæц кæй уыдзæни иу. Ахуыр сæ кæнын геометрион фигурæты сæйраг миниуджытæ бæрæг кæнын: хуыз, конд æмæ ас; лæвæрд миниуджытæм гæсгæ предмет ссарын. Дарддæр сæм рæзын кæнын тыгъдадон ахастытæ: предметæн йæ рахиз фарс, предметæн йæ галиу фарс.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ фæлгæнæн; хъазгæйæ къæрцхъус куыд уой; сæрмагондæй иртасæн куыст кæнын. Сæ хъуыдытæ дзурын æмæ хи цæстæнгасæн бындур æвæрыны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын.

– Гуырын кæнын сабитæм бæрнон æнкъарæнтæ (зæгъæм: цы бæрæгбон æрцæуы, уымæ цæттæ кæнгæйæ). Хъомыл кæнын сабитæм зæрдæхæлар ахастытæ кæрæдзимæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Дыууæ къоппы (рaсткъуымон арæзт) æмæ æртæ æмдыбылы (шартæ), сæ асмæ гæсгæ хъуамæ ахæмтæ уой: дыууæ шары иу къоппы куыд цæуа.

**Райуаринаг.** Дыууæ расткъуымоны – къоппыты модельтæ æмæ æртæ зиллаччы – шарты модельтæ; нымæцонтæ 1, 2, 3; стыр геометрион фигурæтæ: сырх зиллакк, сырх æртæкъуымон æмæ æрвхуыз æртæкъуымон; гыццыл геометрион фигурæтæ: сырх зиллакк; нымæцонтæ 2, 3, 4 (алы сабийæн дæр иу) æмæ доминойы фишкæтæ.

**Ахуыры нывæст**

*(Сабитæ гауызыл бадынц. Сæ размæ − афæдзы 4 афон æвдисæг нывтæ.)*

**Д/хъазт «Афæдзы афонтæ».**

Хъомылгæнæг зæгъы цавæрфæнды уыци-уыци зымæджы тыххæй, зæгъæм:

*Æрдз ныхъхъус, цыма ныджджих,*
*Цæугæдоны сæр ныййих.*
*Чи уæ зæгъдзæн, чи зоны,*
*Уыцы афон куыд хуыйны?*
*(Зымæг.)*

*(Сабитæ нывты ’хсæн ссарынц зымæджы ныв æмæ йæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæрынц.)*

**Хъ.** Зымæджы размæ та цавæр афæдзы афон уыдис?

**С.** Фæззæг.

*(Сабитæ ссарынц фæззæджы ныв æмæ йæ зымæджы фарсмæ галиуæрдыгæй æрæвæрынц.)*

**Хъ.** Зымæг куы фæуа, уæд та цавæр афон ралæудзæн?

**С.** Уалдзæг.

*(Сабиты ссарынц уалдзæджы ныв æмæ йæ зымæджы нывы фарсмæ галиуæрдыгæй æрæвæрынц.)*

**Хъ.** Цавæр афæдзы афоны ныв ма баззад гауызыл?

**С.** Сæрды ныв.
**Хъ.** Æрæвæрут сæрды ныв æрмæгæвдисæн фæйнæгыл.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: сæрды ныв æрæвæрынц уалдзæджы нывы рахиз фарс кæнæ фæззæджы нывы фарсмæ галиуæрдыгæй.)*
**Хъ.** Ныртæккæ та цавæр афæдзы афон у?
**С.** Зымæг.
**Хъ.** Уарзут зымæг? Цæмæн? *(Сабиты дзуæппытæ.)*
**С.** Уымæн æмæ зымæджы бæрæг кæнæм Ногбоны бæрæгбон.
**Д/хъазт «Сараз нымæц».**
*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй стъолты уæлхъус æрбадой. Стъолтыл æмæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – геометрион фигурæтæ: дыууæ растkъуымоны (къоппыты модельтæ) æмæ æртæ зиллаччы (шарты модельтæ.)*
**Хъ.** Дуканийы наз бæласæн балхæдтой æртæ хъазæны – шартæ, фæлæ сын уæйгæнæг æрмæстдæр дыууæ къоппы ратта. Алы къоппы дæр цæуы 2 шары. Цы хуызы сæ сæвæрæн ис къоппыты?
*(Сабитæ дзурынц сæхи дзуæппыты варианттæ æмæ сæ фæнысан кæнынц цифрæтæй.)*

*Зæгъæм:*



**Хъ.** Шартæ æдæппæтæй цал уыдысты?
**С.** Æртæ.
*(Сабитæ модельты рахизфарсæрдыгæй æрæвæрынц нымæцон 3. Дарддæр хъомылгæнæг æмæ сабитæ скæнынц хатдзæг: нымæц 3 – уый у 2 æмæ 1 кæнæ 1 æмæ 2.)*
**Хъ.** Æмæ къоппытæ æртæ куы уыдаиккой, уæд та?

**С.** Уæд алы къоппы дæр иугай шартæ æвæрд æрцыдаид.
**Хъ.** Уæдæ 3 – уый у 1, 1 æмæ 1.
*(Сабитæ сæ разы равæрынц нымæцонтæ. Уый фæстæ фигурæтæ æмæ нымæцонтæ стъолты кæрæттæм аиуварс кæнынц æмæ сыстынц уæлæмæ.)*
**Физминуткæ «Цæмæй аразæм нæ наз».**
**Хъ.** *(кæсы æмдзæвгæйæ скъуыддзаг.) Æмдзæвгæйы нымад цæуы алыхуызон предметтæ, кæцытæй саразæн ис, кæнæ нæй наз бæлас. Сабитæ лæмбынæг хъусынц. Хъомылгæнæг цы предмет зæгъа, уый кæд бæззы наз бæлас аразынæн, уæд сабитæ æмдзæгъд кæнынц, кæд нæ – уæд та сæ къæхтæй тъуппытæ кæнынц).*

Дисы нæ æфтауы раст
Ацы диссаджы бæлас.
Къахæй сæрмæ – судзинтæ,
Скæнæм ыл ныр хъазæнтæ.
Ауындзæм нæ бæласыл
Цæхæркалгæ фæрдгуытæ,
Гъе ныр ын йæ дарæсыл
Бафтауæм хъæдуртæ.
Алыхуызон тырысатæй
Сфæлындæм нæ наз.
Тырысаты хæд сæрмæ
Æрцауындзæм ныр баз.
Æркалæм назыл бибитæ,
Æрцауындзæм ыл чъиритæ.

*(Хъомылгæнæг сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды фæдыл æмæ сын зæгъы, цæмæй ног хъазтæй ахъазой.)*
**Д/хъазт «Ссар нымæцон».**
*Гауызыл, кæрæдзийæ дардгомау, нымæцонтæ 2, 3 æмæ 4. Алы сывæллонмæ дæр – доминойы фишкæ (нымæцтæ 2, 3 æмæ 4-ы арæзтимæ). Музыкæйы зæлтимæ сабитæ цæуынц æмæ сæ алчидæр йæ фишкæмæ гæсгæ хъæугæ нымæцоны*

*раз ærлæууы. Стæй сæ фишкæтæ баивынц æмæ ногæй хъазынц.*

**Д/хъазт «Равæр хæрхытыл».**

*(Сабитæ æрбадынц гауызыл. Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – геометрион фигурæтæ: гыццыл æмæ стыр сырх зиллæччытæ, стыр сырх æртæкъуымон æмæ стыр æрвхуыз æртæкъуымон.)*

**Хъ.** Ног азмæ ног фæлындæнтæ (украшения) æрмæст æлхæнгæ нæ фæкæнынц, фæлæ ма сæ хи къухæй дæр саразынц. Мæнæ ахæм хъазæнтæ наз бæласæн сарæзтой сабитæ. Стæй сæм уæд æркастысты æмæ, хъазæнтæм иудзинадæй цы ис æмæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц, уый бамбæрстой. Сымах та?

*Сабиты дзуæппытæ. Геометрион фигурæтæ алыхуызон миниуджытæм гæсгæ дыууæ хæрхыл равæрынц: хуызмæ гæсгæ – æртæ сырхы æмæ иу æрвхуыз фигурæ; кондмæ гæсгæ – дыууæ зиллаччы æмæ дыууæ æртæкъуымоны; асмæ гæсгæ – иу гыццыл фигурæ æмæ æртæ стыр фигурæйы.*

*Хатдзæгтæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл нымæцонтæй фæнысан кæнынц. Фæйнæгыл рауайы ахæм фыст:*

| | |
|---|---|
| 3 | 1 |
| 2 | 2 |
| 1 | 3 |

**Хъ.** Хъазæнтæ æдæппæтæй цал сты?

**С.** Цыппар.

*Сабитæй иу фæйнæгыл фысты рахиз фарс æрæвæры нымæцон 4. Хъомылгæнæг æмæ сабитæ скæнынц хатдзæг: 4 – уый у 3 æмæ 1; 2 æмæ 2; 1 æмæ 3.*

**Хъ.** Хъазæнтæ æдæппæтæй цал уыдысты? Мах хъазæнтæн сæ бынæттæ аивтам. Сæ нымæц аивта?

**С.** Сæ нымæц æ аивта.

*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ скæнынц хатдзæг: предметтæн сæ бынæттæ аивгæйæ сæ нымæц нæ ивы.)*

**Хъ.** Хъазæнтæ се ’ппæт алыхуызон куы уыдаиккой, уæд та куыд сарæзтаиккам нымæц 4?
**С.** 4 – уый у 1, 1, 1 æмæ 1.
**Хатдзæг.**
**Д/хъазт «Ахъуыды кæн æмæ базон».**
*Хъомылгæнæг дзуры логикон хынцинаг. Зæгъæм:*
*– Цы фылдæр у: бæлæстæ æвиназтæ?*
*– Цал хъусы ис дыууæ мыстæн?*
*– Рæвдауæндонмæ цыдис дыууæ лæппуйы, сæ размæ фæцис иу чызг. Цал сывæллоны цыдис рæвдауæндонæй?*
*– Сабитæ сарæзтой 4 миты къуыбылойы. Цал митын лæджы сæм рауайдзæн?*

*15 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг».**
**Темæ: «Нымæцон 5-имæ зонгæ кæнын, нымæц 5-ы арæзт иуæгтæй».**
**Нысан:**

– Ныффидар кæнын нымæц 5-ы арæзт. Сывæллætты базонгæ кæнын нымæцон 5-имæ æмæ нымæц 5-ы арæзтимæ иуæгтæй. Сабиты ахуыр кæнын нымæцон предметы бæрцимæ æмахаст кæнын. Ныффидар кæнын алыхуызон миниуджытæм гæсгæ хæрхытæ аразыны арæхстдзинæдтæ. Ныффидар кæнын геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ: æртæкъумонтæ æмæ цыппаркъуымонтæ. Ахуыр кæнын сывæллæтты, нымæцонты рæнхъы фæткæвæрдыл æнцойгæнгæйæ, нымæцтæ абарын, нымæцон тынæй пайда кæнын.

– Рæзын кæнын нымæцон лыггаг анализ кæныны арæхстдзинæдтæ.

– Хъомыл кæнын сабитæм иумæ æмзондæй архайыны арæхстдзинæдтæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Геометрион фигурæтæ: 5 зиллаччы æмæ 5 расткъуымоны; нымæцонтæ 1–5 онг.
**Райуаринаг.** Геометрион фигурæтæ, 5 зиллаччы æмæ 5 расткъуымоны; нымæцонтæ 1−5 онг; нымайæн къæбæлтæ, нымæцон тын; геометрион фигурæтæ æмæ иугай нымæцонтæ (3, 4 кæнæ 5) − алы сабийæн дæр.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, фылдæр цавæр афæдзы афон уарзут? Цæмæн?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Куыд хъуыды кæнут, хур фылдæр рæстæг кæцы афæдзы афон фæкæсы?
**С.** Сæрдыгон хур фылдæр рæстæг фæкæсы.
**Хъ.** Æмæ кæд сæрдыгон фылдæр рæстæг фæкæсы хур, уæд бон та цавæр вæййы, даргъ æви цыбыр?
**С.** Сæрдыгон бон даргъ у.
**Хъ.** Æмæ уæд сæрдыгон æхсæв та цавæр у?
**С.** Сæрдыгон æхсæв та цыбыр у.
Хъ. Мах дзырдтам сæрды тыххæй, фæлæ ныр та цавæр афæдзы афон у?
**С.** Зымæг.
**Хъ.** Зымæгон æхсæв цавæр у, даргъ æви цыбыр?
**С.** Зымæгон æхсæв даргъ у.
**Хъ.** Зымæгон бон даргъ у æви цыбыр?
**С.** Зымæгон бон цыбыр у: хур иучысыл ракæсы, тагъд æрталынг вæййы, æризæр вæййы, уыйфæстæ та æрæхсæв вæййы.
*(Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Стъолтыл æмæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – геометрион фигурæтæ æмæ цифрæтæ. Сабитæй у архайы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл.)*
**Хъ.** Хур иучысыл ракæсы, бон уайтагъддæр фæвæййы,

сабитæ алы бон дæр рацæуынц тезгъомæ. Иуахæмы та рацыдысты къуыбырæй дзоныгътыл хъазынмæ. Сывæллæттæ уыдысты мæнæ гъе уал (цифрæ 4).
*(Хъомылгæнæг æвдисы цифрæ 4, сабитæ та сæ разы, цифрæ цал амоны, уал зиллаччы равæрынц.)*
**Хъ.** Сывæллæттæй алкæмæ дæр уыдис дзоныгъ. Дзоныгътæ фæнысан кæндзыстæм расткъуымонтæй.
*(Сабитæ сæ разы равæрынц, зиллæччытæ цал сты, уал расткъумоны. Хъомылгæнæг сабиты хъус æрдары уымæ, цæмæй геометрион фигурæтæ къæйттæй æвæрой.)*



**Хъ.** Уый фæстæ ма иу чызг æрбацыд.
*(Сабитæ ма иу зиллакк æрæвæрынц.)*
**Хъ.** Цал сты ныр сывæллæттæ?
**С.** Сывæллæттæ сты фондз.
**Хъ.** Дзоныгътæ та цæйбæрц сты?
**С.** Дзоныгътæ та цыппар сты.
**Хъ.** Цы фылдæр у, нымæц фондз æви нымæц цыппар? Цал фылдæр?
**С.** Нымæц фондз иу фылдæр у цыппарæй.
**Хъ.** Æмбæрц сæ куыд скæнæм?
**С.** Чызгæн раттæм дзоныгъ.
*(Сабитæ æрæвæрынц иу расткъуымон.)*
**Хъ.** Æдæппæтæй сывæллæттæ цал сты?
**С.** Фондз сывæллоны.
**Хъ.** Дзоныгътæ та цал сты?
**С.** Фондз дзоныгъы.
**Хъ.** Алчидæр йе стъолыл ссарæд цифрæ 5 æмæ йæ æрæвæрæд йæ разы.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, уый фæстæ гауы-*

*зыл ӕрбадынц.)*

**Д/хъазт «Ахъуыды кæн æмæ банымай».**

*Хъомылгæнæг æмдзæгъд кæны кæнæ стъол хойы йæ къухæй, музыкалон гыццыл дзæбугæй æмæ а. д., сабитæ та нымайынц зæлты бæрц æмæ дзуапп цифрæйæ æвдисынц. Дарддæр хъомылгæнæг æвдисы цифрæ æмæ ратты цавæрфæнды хæслæвæрд банымайынмæ.*

**Хъ.** 3 хатты æрæмдзæгъд кæнут, 4 хатты æрбадут, 2 гæппы скæнут (æмæ а. д.)

*(Дарддæр сабитæ гауызыл нымайæн къæбæлтæй равæрынц цифрæ 5. Сабитæ сбадынц стъолты уæлхъус. Алы сабийæн дæр йæ разы − нымæцон тын, тыныл – цифрæтæ 0, 1, 2, 3, 4 нысангонд.)*

**Хъ.** Мæнæ адæймаг йæ хæдзарæй рацыдис атезгъо кæнынмæ. Скодта иу къахдзæф, уый фæстæ ма ноджыдæр иу. Цал къахдзæфы скодта æдæппæтæй?

**С.** Дыууæ къахдзæфы: иу æмæ иу.

**Хъ.** Дарддæр та скодта иу къахдзæф. Цал къахдзæфы скодта æдæппæтæй?

**С.** Æртæ къахдзæфы.

**Хъ.** Афтæмæй балцы цæуæг адæймаг бахæццæ цифрæ 4-ы онг, фæлæ дарддæр та цы кæна?

**С.** Фæстæмæ раздæха кæнæ размæ цæуа.

**Хъ.** Иу къахдзæф ма рахизæрдæм куы скæна (ома размæ), уæд цал къахдзæфы скæндзæн æдæппæтæй?

**С.** Фондз къахдзæфы.

*(Сабитæ нымæцон тыныл равæрынц цифрæ 5.)*

**Хъ.** Куыд рауадис фондз?

**С.** Цыппармæ иу бафтыдтам æмæ нæм 5 рауадис.

**Хъ.** Цыппар кæм ис, уырдæм та куыд раздæха?

**С.** Фæстæмæ иу къахдзæф скæнын хъæуы.

**Хъ.** Ранымайут нымæцтæ, æппæты къаддæрæй райдайгæйæ.

**С.** Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз.

**Хъ.** Алы иннæ нымæц дæр йæ размæлæуугæй цал фылдæр вæййы?
**С.** Иу фылдæр.
**Хъ.** Ныр та нымæцтæ иннæрдæм фæткæвæрдыл ранымайут, ома райдайут нымайын æппæты стырдæр нымæцæй.
**С.** Фондз, цыппар, æртæ, дыууæ, иу.
**Д/хъазт «Æрæмбырд кæн хæрх».**
*Стъолтыл – цифрæтæ 3, 4, 5 (алы сабийæн дæр – иу цифрæ). Сабитæ равзарынц кæцыфæнды цифрæ. Сæ хæслæвæрд – гауызыл æрæмбырд кæнын иу бæрæг миниуæгмæ гæсгæ (хуыз, ас, конд) геометрион фигурæты хæрх. Хæрхы элементты бæрц бæрæг кæны равзæрст цифрæ.*
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Цавæр цифрæимæ базонгæ стæм абон? Ранымайут, 5-æй къаддæр цы нымæцтæ сты, уыдон. Нымæцтæ ранымайут фыццаг раст, стæй та – иннæрдæм.

*16 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Националон дарæс».**
**Темæ: «Нымæц 5-ы арæзт йæхицæй дыууæ къаддæр нымæцтæй».**
**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын нымæц 5-ы арæзтимæ дыууæ къаддæр нымæцтæй. Ныффидар кæнын 1–5-мæ цифрæты зонынад; цифрæ предметы бæрцимæ æмахаст кæнын. Ныффидар кæнын тыныл раст æмæ иннæрдæм нымад 5-ы онг. Дарддæр сабитæн æмбарын кæнын, нымайгæйæ предметтæ куыдфæнды куы лæууой, уæд дæр нымады фæстиуæг кæй нæ ивы. Ахуыр сæ кæнын − геометрион фигурæты сæйрагдæр миниуджытæ бæрæг кæнын − хуыз æмæ конд; фигурæ лæвæрд миниуджытæм гæсгæ ссарын. Дарддæр сæм гуырын кæнын тыгъдадон ахастытæ:

*размæ, фæстæмæ.* Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ хъусдард, иртасæн куыст кæныны арæхстдзинæдтæ.

– Иумæйаг архайд кæнгæйæ сын кæрæдзиимæ зæрдæхæлар ахастытæ куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын. Гуырын сæм кæнын уарзондзинад райгуырæн бæстæмæ, нæ адæмы традицитæм.

***А*рхайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Сывæллæтты нывтæ – чызг æмæ лæппу ирон националон дарæсы, 3 чызджы зымæгон дарæсы; цифрæтæ 1–5-мæ, нымæцон тын.

**Райуаринаг.** 1–5-мæ цифрæтæ; нымæцон тын; карточкæтæ -схемæтæ; геометрион фигурæтæ: 3 урс зиллаччы, 1 æрвхуыз зиллакк, 1 æрвхуыз квадрат.

## Ахуыры нывæст

*(Сабиты раз чызг æмæ лæппуйы нывтæ ирон дарæсты.)*

**Хъ.** Чи сты адон?

**С.** Сывæллæттæ.

**Хъ.** Цавæр уæлæдарæсы сты?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Куыд хъуыды кæнут, цымæ ацы сывæллæттæ кæм цæрынц (цавæр республикæйы)?

**С.** Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы.

**Хъ.** Цавæр бæстæйы ис республикæ Алани?

**С.** Уæрæсейы.

*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры æртæ чызджы нывтæ зымæгон дарæсты.)*

**Хъ.** Чи сты адон?

**С.** Чызджытæ. Сывæллæттæ.

**Хъ.** Ацы чызджытæ та цавæр уæлæдарæсы сты?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Куыд хъуыды кæнут, цымæ кæм цæрынц?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
*(Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй ацы нывтæ, цавæрфæнды миниуæгмæ гæсгæ, дыууæ хæрхыл равæрой. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: иу хæрхы равæрынц, националон дарæс цы сабитыл ис, уыдоны нывтæ, иннæйы та – сабитæ хуымæтæг уæлæдарæсы кæм æвдыст цæуынц, уыцы нывтæ.)*
**Хъ.** Цал сабийы ис ирон дарæсты?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Ацы хæрхы фарсмæ æрæвæрут цифрæ 2. *(Сабитæ æрæвæрынц цифрæ 2.)*
**Хъ.** Цал сывæллоны ис хуымæтæг зымæгон дарæсты?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Ацы хæрхы фарсмæ æрæвæрут цифрæ 3. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Æдæппæтæй та цал сты сабитæ?
**С.** Фондз.
**Хъ.** Ацы хæрхытæ фарсмæ цифрæ 5 æрæвæрут. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Уæдæ 5 у 4 æмæ 1, кæнæ 1 æмæ 4. Ацы нывтæ сымах алыхуызон дæр равæрдтат. Цал уыдысты æдæппæтæй?
**С.** Фондз.
**Хъ.** Ныр та цал сты æдæппæтæй?
**С.** Фондз.
**Хъ.** Нывтæ равæр-бавæр кæй кодтам, уымæй сæ нымæц аивта?
**С.** Нæ аивта.
*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ хатдзæг скæнынц: предметтæн, сæ бынæттæ ивгæйæ, сæ нымæц нæ ивы. Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Алы сывæллонæн дæр йæ разы – геометрион фигурæтæ: 3 урс зиллаччы, 1 æрвхуыз зиллакк æмæ 1 æрвхуыз квадрат æмæ цифрæты æмбырд.)*

**Хъ.** Ӕдæппæтæй уæ разы стъолтыл цалгай геометрион фигурæтæ ис?

**С.** Фондз.

**Хъ.** Фигурæтæ сæ алыхуызон миниуджытæм гæсгæ *хæр*-хытыл равæрут æмæ сæ цифрæтæй фæнысан кæнут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд – геометрион фигурæтæ сæ хуызмæ кæнæ сæ кондмæ гæсгæ фæкъордтæ кæнынц æмæ скæнынц хатдзæг: 5 – уый у 2 æмæ 3; 3 æмæ 2; 1 æмæ 4; 4 æмæ 1.)*

**З/д. хъазт «Скæн уыйбæрц».**

*Сабитæ рæнхъæй лæууынц. Алкæй размæ дæр – дæлгоммæ фæлдæхт карточкæ (карточкæйыл 1–5-ы онг цифрæ). Сабитæ размæ санчъехтæ кæнынц: карточкæйы цифрæ цал амоны, уал санчъехы. Ӕххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ.** Ӕппæтæй дарддæр чи ацыдис? Цæмæн?

**С.** Фылдæр санчъехтæ чи скодта, ома 5 санчъехы, уый.

**Хъ.** Чи ма скодта уыйбæрц санчъехтæ?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Ӕмæ 5 санчъехтæ чи скодта, уыцы сабитæй иутæ дарддæр цæмæн ацыдысты, иннæтæ та фæстæдæр цæмæн аззадысты?

**С.** Сабитæй иутæ стыр санчъехтæ кодтой, иннæтæ та – гыццыл.

**Хъ.** Цæмæй фæстæмæ сæ бынæттæм раздæхой, уый тыххæй хъуамæ алчидæр цал санчъехы скæна?

*(Сабиты дзуæппытæ. Дарддæр сабитæ фæстæрдæм санчъехтæ скæнынц æмæ сæ бынæтты æрлæууынц.)*

**Хъ.** Уæ цифрæ цал амоны, уал гæппы скæнут. Ныр та иу фылдæр (къаддæр) тъуппы æркæнут къахæй. Цал тъуппы æркодтай? Ды та?

*Сабитæ гауызыл æрбадынц. Гауызыл − 1-æй − 5-ы онг цифртæ, алы сабийы размæ дæр − нымæцон тын, ахæм тын – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл дæр. Ӕрмæгæвдисæн*

*фæйнæгыл йæ райдайæны цифрæ 0-имæ нымæцон тын (иннæ цифрæтæ тыныл нысангонд не сты.) Хъомылгæнæг ратты фæрстытæ, сабитæ та нымæцон тыныл цифрæтæ равæрынц.*

**Хъ.** Сæрбæттæнæн цал къуымы ис?

**С.** Æртæ. *(Ссарынц цифрæ 3 æмæ йæ нымæцон тыныл æрæвæрынц.)*

**Хъ.** Хæдонæн цал дысы ис?

**С.** Дыууæ *(æрæвæрынц цифрæ 2.)*

**Хъ.** Нымæцон 2-йæ къаддæр цавæр нымæцон у?

**С.** Иу *(æрæвæрынц цифрæ 1.)*

**Хъ.** Къухыл цал æнгуылдзы ис? *(кæнæ: æрмкъухы цал æнгуылдзы ис?)*

**С.** Фондз *(æрæвæрынц цифрæ 5).*

**Хъ.** Фондзæй къаддæр, фæлæ æртæйæ фылдæр цавæр нымæцон у?

**С.** Цыппар *(æрæвæрынц цифрæ 4.)*

**Хъ.** *(зæгъы сабитæн, цæмæй нымæцон тыныл 1-æй –5-мæ æмæ фæстæмæ банымайой).* Нымæцон тын уын уæ зæрдыл цы æрлæууын кæны?

**С.** Хахгæнæн.

**Хъ.** Æмæ цæмæн хъæуы хахгæнæн?

**С.** Исты сбарынæн.

**Хъ.** Хахгæнæнæй цы сбарæн ис?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Д/хъазт «Раст сбар».**

**Хъ.** Нывты цал сывæллоны уыдис националон уæлæдарæсы?

**С.** Дыууæ.

**Хъ.** Иннæ сабитыл та цавæр уæлæдарæс уыдис?

**С.** Зымæгон дарæс.

**Хъ.** Цалæй уыдысты.

**С.** Æртæйæ.

**Хъ.** Ӕдӕппӕтӕй та цал уыдысты?
**С.** Фондз.
**Хъ.** Уӕдӕ 5 у 3 ӕмӕ 2, кӕнӕ − 2 ӕмӕ 3; куыд ма саразӕн ис нымӕцон 5?
**С.** 5 у 1 ӕмӕ 4, кӕнӕ 4 ӕмӕ 1.

*17 ахуыр*

**Иумӕйаг темӕ: «Транспорт».**
**Темӕ: «Цифрӕ 6-имӕ зонгӕ кӕнын».**
**Нысан:**

– Ныффидар кӕнын нымӕц 5-ы арӕзт. Базонгӕ кӕнын цифрӕ 6-имӕ, базонгӕ кӕнын сабиты 6-ы арӕзтимӕ иуӕгтӕй. Ныффидар кӕнын 6-ы онг раст ӕмӕ фӕстӕмӕ нымад. Сабиты ахуыр кӕнын предметты нымӕц цифрӕимӕ ӕмахаст кӕнын.
– Ныффидар кӕнын нымӕцтӕ 3, 4, 5-ы арӕзт дыууӕ къаддӕр нымӕцонтӕй.
– Ныффидар кӕнын практикон ӕгъдауӕй предметтӕ, иу иннӕуыл ӕрӕвӕргӕйӕ, дӕргъмӕ абарыны арӕхстдзинӕдтӕ. Дарддӕр сабиты ахуыр кӕнын нымӕцон тынимӕ архайын. Ныффидар кӕнын геометрион фигурӕты тыххӕй зонындзинӕдтӕ.
– Рӕзын кӕнын фӕзыл (на плоскости) ориентаци кӕнын, хи хъуыдытӕн хатдзӕгтӕ кӕныны зонындзинӕдтӕ.
– Фидар кӕнын зӕрдӕхӕлар ахастытӕ, иумӕ ӕмархайд кӕнгӕйӕ.

**Архайӕн фӕрӕзтӕ:**
**Цӕстуынгӕ.** Цӕгат Ирыстоны картӕ, транспорты хуызты нывтӕ: рог хӕдтулгӕ, автобус, поезд, мотоцикл, хӕдтӕхӕг, теплоход; 0–5-ы онг цифрӕтимӕ нымӕцон тын ӕмӕ 0 – 6-ы онг цифрӕтӕ; ӕртӕ бӕттӕны – хуызӕй ӕмӕ дӕргъӕй алыхуызон; пъолыл квадраттыл дихгонд хахныв – хъазӕн

быдыр; ӕртӕ хуызы геометрион фигурӕтӕ: сырхытӕ, ӕрвхуызтӕ ӕмӕ кӕрдӕгхуызтӕ.

**Райуаринаг.** 0–5-ы онг цифрӕтимӕ нымӕцон тын ӕмӕ 0 – 6-ы онг цифрӕтӕ; геометрион фигурӕты набор (6-ы бӕрц) хъазт «Геометрион «конструктор»-ӕн; хъазт «Нымӕц ӕрӕмбырд кӕн»-ӕн 0 – 5-ы онг стъӕлфытимӕ карточкӕтӕ.

## Ахуыры нывӕст

**Хъ.** Цавӕр горӕты цӕрӕм?
*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*
**Хъ.** Нӕ горӕт уарзут? Цӕмӕн?
*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*
**Хъ.** Кӕм ис нӕ горӕт?
**С.** Республикӕ Цӕгат Ирыстон-Аланийы.
**Хъ.** Нӕ республикӕйы горӕттӕй ма цавӕртӕ зонут? Картӕйыл сӕ бавдисут.
*(Сабитӕ ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд.)*
**Хъ.** Куыд хъуыды кӕнут, ӕрмӕстдӕр нӕ республикӕйыл ис абалц кӕнӕн?
**С.** Дунейы ӕппӕт горӕттыл дӕр абалц кӕнӕн ис.
**Хъ.** Ӕмӕ, цымӕ, хорз у балцы цӕуын?
*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*
**Хъ.** Балцы цӕугӕйӕ базонӕн ис тынг бирӕ ног цымыдисаг хабӕрттӕ ӕмӕ цаутӕ.
*(Сабитӕ стъолты уӕлхъус ӕрбадынц. Стъолтыл ӕмӕ ӕрмӕгӕвдисӕн фӕйнӕгыл − 0–5-ы онг цифрӕтимӕ нымӕцон тын ӕмӕ, хицӕнӕй, 1–6-ы онг цифрӕтӕ.)*
**Хъ.** Балцы цӕугӕйӕ ӕнӕмӕнг фӕхъӕуы картӕ. Нӕ горӕттыл абалц кӕнынмӕ картӕйӕн райсдзыстӕм тын. Тыныл равдисут нӕ балцы райдайӕн.
*(Сабитӕ ӕвдисынц цифрӕ 0-ӕй нысангонд стъӕлф.)*
**Хъ.** Балцы цӕуыл фӕцӕуынц?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Мах балцы цæуæм горæтæй горæтмæ. Фыццаг горæтæй – дыккагмæ, дыккагæй – æртыккагмæ, æртыккагæй – цыппæрæммæ, цыппæрæмæй – фæндзæммæ. *(Тынил æвдисы балцы фæндаг 0–5-ы онг.)* Ӕдæппæтæй цал горæты уыдыстæм?
**С.** Фондз горæты.
**Хъ.** Ныр та ма ноджы иу горæтмæ ацæуæм. Цал горæты уыдыстæм æдæппæтæй?
**С.** Ӕхсæз горæты.
*(Сабитæ нымæцон тынил æрæвæрынц цифрæ 6.)*
**Хъ.** Нымæц 6 куыд рауадис?
**С.** 5-мæ 1 бафтыдтам æмæ нæм 6 рауад.
**Хъ.** Фæстæмæ хæдзармæ аздæхын афон у. Цы хъуамæ бакæнæм.
**С.** Фæстæмæ ацæуæм.
*(Сабитæ тынил нымайынц 6–0-мæ.)*
**Хъ.** Иннæ къорды сабитæ дæр ацыдысты балцы. Уыдон раздæр уыдысты æртæ горæты, уый фæстæ ма ноджы иу горæтмæ ацыдысты. Кæцы горæты сты ныртæккæ?
**С.** 4-æм горæты.
**Хъ.** Уыдонæн дæр хæдзармæ цæуын афон у æмæ сын аххуыс кæнут.
*(Сабитæ тынил нымайынц 4–0-мæ, уый фæстæ гауызыл æрбадынц.)*
**Хъ.** Цæуыл ацæуæн ис иу горæтæй иннæмæ?
*(Сабиты дзуæппытæ. Сабитæ нымайынц транспорты хуызтæ, хъомылгæнæг та нывтæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры: автобус, хæдтулгæ, мотоцикл, поезд, хæдтæхæг, нау.)*
**Хъ.** Цы æвдыст цæуы ацы нывты?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Иу дзырдæй сæ куыд зæгъæн ис?

**С.** Транспорт.
**Хъ.** Цал рог хæдтулгæйы ис нæ разы?
**С.** Иу. *(Рог хæдтулгæйы нывы фарсмæ æрæвæрынц цифрæ 1.)*
**Хъ.** Автобустæ та цал сты?
**С.** Иу. *(Автобусы нывы фарсмæ æрæвæрынц цифрæ 1. Уыцы хуызы куыст цæуы хæдтæхæг, поезд, мотоцикл æмæ теплоходы нывтимæ дæр.)*
**Хъ.** Цал сты æдæппæтæй транспорты хуызтæ?
**С.** Æхсæз.
*(Сабитæ æмæ хъомылгæнæг скæнынц хатдзæг: 6 – уый у 1, 1, 1, 1, 1, 1.)*
**З/д хъазт «Хæдтулгæтæ – гаражтæм».**

| | Сырх | Æрв. | Кæрд. |
|---|---|---|---|
|  | | | |
|  | | | |
|  | | | |
|  | | | |

*(Пъолыл – квадраттыл дихгонд хахныв хъазæн быдыр. Вертикалон фæндæгтæ нысангонд сты ахæм хуызтæй: сырх, æрвхуыз, кæрдæгхуыз; горизонталон фæндæгтæ нысангонд сты геометрион фигурæтæй: зиллакк, квадрат, æртæкъуымон, расткъуымон. Хахнывы фарсмæ алыхуызон фигурæтæ. Алы сывæллон дæр райсы иу геометрион фигурæ. Хъомылгæнæг æмбарын кæны сабитæн хъазт: алыхуызон геометрион фигурæтæ – хæдтулгæтæ. Хæдтулгæтæ сæ хуыз æмæ сæ кондмæ гæсгæ равæрын хъæуы сæ бынæтты. Зæгъæм: сырх æртæкъуымон*

*хæдтулгæ хъуамæ лæууа дыууæ фæндаджы астæу, ома сырх фæндаг æмæ æртæкъуымонимæ фæндаг кæм баиу вæййынц, уыцы ран.)*
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Д/хъазт «Æртæ фæндаджы».**
*(Гауызыл – æртæ алыхуызон бæттæны, раст, зылын æмæ саст хæххытæ æвдисæг бæттæнтæ.)*
**Хъ.** Иу горæтæй иннæ горæтмæ цæуы 3 фæндаджы. Цавæр хæххыты хуызæн сты?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Цымæ фæндæгтæй цыбырдæр кæцы у?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Сбæлвырд кæнут уæ дзуапп.



*(Сабитæ, бæттæнтæ кæрæдзиуыл абаргæйæ, скæнынц хатдзæг: раст фæндаг у æппæтæй цыбырдæр).*
**Хъ.** Балцы цæугæйæ ис ахъазæн дæр.
**Д/хъазт «Æрæмбырд кæн нымæц».**
*Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Алы сывæллонмæ дæр – 1–5-ы онг стъæлфытимæ карточкæтæ æмæ 3 – 6-ы онг цифрæты æмбырд. Хæслæвæрд: стъæлфытимæ карточкæтæй æрæмбырд кæн цавæрфæнды нымæц. Зæгъæм, нымæц 4: иу стъæлф æмæ æртæ стъæлфы, кæнæ – дыууæ стъæлфы æмæ дыууæ стъæлфы. Уый фæстæ ссарын хъæугæ цифрæ (цифрæ 4). Карточкæты бæсты спайда кæнæн ис уæнгон хахгæнæнтæй (слоговые линейки с двумя рядами окошек).*
**Д/хъазт «Геометрион конструктор».**
*Сабитæ – стъолты уæлхъус. Стъолтыл – геометрион фигу-рæтæ. Сабитæ хуызæгмæ кæнæ сæхи фæндонмæ*

*гæсгæ геометрион фигурæтæй æмбырд кæнынц хæдтулгæ, гыццыл нау, хæдтæхæг – хæйттæй аразынц æнæхъæн.*

**Хатдзæг.**

**Хъ.** Абон цавæр цифрæимæ базонгæ стæм? Нымæц 6 куыд арæзт у? Зынæй уæм дзы цы фæкаст? Цавæр хъазт фæцыдис уæ зæрдæмæ?

*18 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Дæсныйæдты дуне».**

**Темæ: «Трапеци æмæ ромбимæ зонгæ кæнын».**

**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын трапеци æмæ ромбимæ. Ахуыр сæ кæнын фигурæты миниуджытæ дзурын æмæ сæ геометрион фигурæты ’хсæнæй рахицæн кæнын; цыфæнды уавæры дæр хи зонындзинæдты руаджы архайын. Нымæцон уадздзæгтæй (тынтæй) пайда кæнгæйæ сæ дарддæр зонгæ кæнын 6-ы онг алы нымæцоны арæзтимæ.

– Фæз æмæ тыгъдады ориентаци кæныныл сæ фæлтæрын (галиуæрдыгæй, рахизæрдыгæй, астæуæй). Дарддæр сæ ахуыр кæнын сериацион рæгъ аразын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон æмæ тыгъдадон хъуыдыкæнынад; ахуыр сæ кæнын геометрион фигурæты равæрдæн анализ кæнын. Дарддæр сæ фæлтæрын иртасæн куыст кæнын æмæ хатдзæгтæ кæныныл. Сериацион нывтæй пайда кæнгæйæ, сабиты ныхасы рæзтыл кусын.

## Ахуыры нывæст

*(Сабитæ гауызыл бадынц. Сæ размæ – геометрион фигурæты æмбырд.)*

**Хъ.** Зæгъут-ма, ныртæккæ кæм стут?

**С.** Рæвдауæндоны.
**Хъ.** Рæвдауæндонмæ цæуын уарзут?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Рæвдауæндонмæ уæ чи æрбакæны?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Æмæ уæ уæ ныййарджытæ рæвдауæндонмæ куы æрбакæнынц, уæд сæхæдæг та кæдæм ацæуынц?
**С.** Куыстмæ ацæуынц.
**Хъ.** Цавæр дæсныйæдтæ ис уæ ныййарджытæм?
**С.** Ахуыргæнæджы, хæринаггæнæджы, шофыры (æмæ а. д.).
**Хъ.** Цæмæй цавæрдæр дæсныйад райсай, уый тыххæй цы кæнын хъæуы?
**С.** Ахуыр кæнын, бирæ зонын æмæ алцæмæ арæхсын.
**Хъ.** Абон мах математикæйы æхххуысæй базонгæ уыдзыстæм цалдæр дæсныйадимæ. *(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры алыхуызон хæдзæртты нывтæ.)* Нæ горæт Дзæуджыхъæу бонæй-бонмæ стырдæр æмæ рæсугъддæр кæны, фæзыны дзы бирæ ног æмæ рæсугъд хæдзæрттæ. Уыцы хæдзæрттæ чи аразы?
**С.** Аразджытæ.
**Хъ.** Æмæ цымæ ахæм рæсугъд хæдзæрттæ хъуыды та чи ’ркодта, чи сæ сныв кодта?
**С.** Архитектор.
*(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын хъомылгæнæг йæхæдæг æмбарын кæны, архитектор чи у, уый.)*
**Хъ.** Архитектор суæвынæн хъæуы тынг бирæ зонын алыхуызон геометрион фигурæты тыххæй. Ацы хæдзæртты детальтæ (хæйттæ) цавæр геометрион фигурæты хуызæн сты?
*(Сабитæ дзурынц, цавæр геометрион фигурæты æнгæс сты хæдзæртты детальтæ, хæйттæ, уый фæстæ ссарынц уыцы фигурæтæ æмæ сæ равæрынц сæ разы.)*

**Хъ.** Ацы хæдзары сæр цавæр фигурæйы хуызæн у? *(Амоны, йæ сæр трапецигонд кæмæн у, уыцы хæдзармæ.)*
**С.** Ацы хæдзары сæр у трепецийы хуызæн.
*(Кæд æй сабитæ сæхæдæг нæ зæгъой, уæд сын æй хъомылгæнæг йæхæдæг зæгъы. Дарддæр сабитæ геометрион фигурæты 'хсæн ссарынц трапеци, йемæ иртасæн куыст бакæнынц, ома трапецийы контурыл æнгуылдз ауадзынц, банымайынц ын йæ къуымтæ, йæ фæрстæ æмæ фигурæйы ном цалдæр хатты фæзæгъынц. Дарддæр нымайæн къæбæлтæй трапеци равæрынц æмæ хатдзæг скæнынц: трапецийæн йæ бинаг кæнæ та йæ уæллаг фарс у даргъдæр.)*
**Д./хъазт «Архитектор».**
*Дарддæр сабитæ, сæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæй пайда кæнгæйæ, хæслæвæрд æххæст кæнынц: æртæкъуымонæй куыд ис трапеци саразæн. Сабиты хъуыдымæ гæсгæ, фигурæйæн йæ иу къуым акъæдз кæнæ алыг кæнын хъæуы æмæ дзы рауайдзæн трапеци. Уыцы хуызы расткъуымонæй дæр саразæн ис трапеци.*



*Афтæмæй, иртасæн куыст кæнгæйæ, сабитæ сбæрæг кæнынц æртæкъуымон æмæ трапецийы, расткъуымон æмæ трапецийы æнгæсад æмæ хицæндзинæдтæ дæр. Хъомылгæнæг дарддæр æвдисы æндæр геометрион фигурæтæ. Сабитæ уыдоны 'хсæн ромб ссарынц, уый фæстæ гауызыл нымайæн къæбæлтæй ромб равæрынц. Ромбы фарсмæ нымайæн къæбæлтæй равæрынц квадрат; сбæрæг кæнынц ромб æмæ квадраты æнгæсад æмæ хицæндзинæдтæ.)*

**Д/хъазт «Хæрх æрæмбырд кæн».**
**Хъ.** Фæнды уæ амайджытæн баххуыс кæнын?
**С.** О!
**Хъ.** Хæдзæрттæ амайынæн хъæуы æрмæстдæр цыппаркъуымонты хуызæн дуртæ. Геометрион фигурæты хæрхæй равзарут æрмæст цыппаркъуымонтæ æмæ, цавæртæ сты, уый зæгъут. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Дарддæр гегметрион фигурæтæ бафснайынц.)*
**Хъ.** Æмæ цымæ арæзтадмæ амайæн фæрæзтæ цæуыл æрбаласынц?
**С.** Хæдтулгæтыл.
**Хъ.** Чи скъæры хæдтулгæтæ?
**С**. Шофыртæ.
**З/д/хъазт «Шофыртæ».**
*Алы сабимæ дæр – маршрутон сыф (гæххæт). Уыцы маршрутмæ гæсгæ алы саби – шофыр дæр хъуамæ уаргъ бахæццæ кæна бæрæг арæзтадмæ. Маршрутон сыфыл маршрут амынд цæуы геометрион фигурæтæй. Пъолыл – стыр геометрион фигурæтæ, фатæгтæй амынд цæуы иу фигурæйæ иннæмæ змæлд, зæгъæм:*



*Кæд сабитæ маршрутмæ гæсгæ хорз ориентаци кæной, уæд пъолыл фатæгтæ ныв кæнын (кæнæ равæрын) нæ хъæуы. Сабитæ цæуынц иу фигурæйæ иннæмæ, бахæццæ вæййынц бæрæг хæдзармæ æмæ йын дзурынц йæ хуыз æмæ номыр. Хъазты цал сабийы архайы, уыйбæрц хъуамæ уой хæдзæрттæ (маршруттæ) дæр. Цифрæтимæ хæдзæрттæ хъуамæ уой 2–3 хуызы.*

*Ацы хъазтæй ахъазæн ис радыгай кæнæ, 2–3 къордыл адих уæвгæйæ, сабиты цæттæдзинадмæ гæсгæ. Хъомылгæнæгæн йæ бон у ахæм фæрстытæ раттын: «Дæ хæдзарæн рахизæрдыгæй (галиуæрдыгæй) цавæр хæдзар ис? Цавæр хæдзæртты астæу ис дæ хæдзар?» Æмæ а. д.*

**Хъ.** Хæдзæрттæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц асæй, кондæй, хуызæй, сæ сæртæй æмæ а. д. Хæдзары цал уæладзыджы уыдзæн, уымæн архитектор рагацау пълан скæны. Уый фæстæ сисамайджытæ райдайынц хæдзар аразын. Фæнды уæ хæдзар самайын? Æрбадут уæдæ стъолты уæлхъус.

**Д/хъазт «Амайджытæ».**

*(Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Стъолтыл – æрвхуыз уадздзæгтæ, сырх квадраттæ æмæ 1–6-ы онг цифрæтæ. Раздæр уал сабитæ цифрæтæ радыгай сæ разы равæрынц.)*

**Хъ.** Алы цифрæ дæр нысан кæны, хæдзары цал уæладзыджы уыдзæн, уый. Цифрæ 1 цал нысан кæны, уал сырх квадраты (уæладзыджы) йын æрæвæрут йæ сæрмæ. Дарддæр цифрæ 2-йы сæрмæ æрæвæрут, йæ размæ нымæц цал нысан кæны, уал æрвхуыз квадраты æмæ йæм иу сырх квадрат бафтаут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Цифрæ 3-йы сæрмæ æрæвæрут, йæ размæ нымæц цал нысан кæны, уал æрвхуыз квадраты æмæ йæм иу сырх квадрат бафтаут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Æмæ амад æрцæуынц 1, 2, ... 6-уæладзыгон хæдзæрттæ. Хъомылгæнæг*

*сабиты хъус ӕрдары, цӕмӕй ӕппӕт нымӕцтӕ дӕр ӕмӕ хӕдзӕртты уӕладзгуытӕ дӕр иу фылдӕргӕнгӕ цӕуой; стырӕй къаддӕрмӕ цӕугӕйӕ та – иу къаддӕргӕнгӕ. Дарддӕр хъомылгӕнӕг алыхуызон фӕрстытӕ ратты, сабитӕ сӕ ӕрмӕгмӕ гӕсгӕ дзуапп дӕттынц.)*

**Хъ.** Хӕдзӕрттӕй бӕрзонддӕр кӕцы у?

Цал уӕладзыджы дзы ис?

Хӕдзӕрттӕй ныллӕгдӕр кӕцы у?

Цал уӕладзыджы дзы ис?

2-йӕ 6-ы онг банымайут.

6-ӕй 1-ы онг банымайут.

4 фылдӕр цавӕр нымӕцтӕ сты?

3 къаддӕр цавӕр нымӕцтӕ сты?

Зӕгъут нымӕц 2 ӕмӕ 5-ы сыхӕгты.

4-ӕй куыд саразӕн ис 5?

4-ӕй куыд саразӕн ис 3?

4 ӕмӕ 6-ы астӕу цавӕр нымӕц ис?

Цавӕр нымӕц у 4-ӕй фылдӕр, 6-ӕй та къаддӕр?

**Д/хъазт «Логикон нывтӕ».**

**Хъ.** Хӕдзӕрттӕ самадтат, ныр та уӕ раст равӕрын хъӕуы нывтӕ кӕрӕдзийы фӕдыл ӕмӕ уын уӕд нывтӕ дӕр исты радзурдзысты.

*(Сабитӕ ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд: нывтӕ равӕрынц ӕмӕ нывтӕм гӕсгӕ цыбыр радзырдтӕ аразынц. Фӕстаг нывты сериаци хъомылгӕнӕг йӕхӕдӕг равӕры: нывты ӕвдыст цӕуы адӕймаджы рӕзт сывӕллонӕй зӕрондмӕ.)*

**Хатдзӕг.**

**Хъ.** Сымах куы сдынджыртӕ уат, куы сзонджын ӕмӕ арӕхсджын уат, уӕд нӕ горӕт цы ми кӕндзӕн?

*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*

**Хъ.** Цы кусдзӕн шофыр? Нӕ рӕсугъд ӕмӕ уарзон горӕты сымах самайдзыстут ӕмбисонды рӕсугъд хӕдзӕрттӕ, ӕмӕ нӕ горӕт уыдзӕн ноджы рӕсугъддӕр ӕмӕ аивдӕр.

**Иумæйаг темæ: «Спорт».**
**Темæ: «Цифрæ 7-имæ зонгæ кæнын».**
**Нысан:**

– Ныффидар кæнын нымæц 7-ы арæзт. Базонгæ сæ кæнын цифрæ 7-имæ. Нымæц 7-ы иуæгтæй арæзтимæ сæ базонгæ кæнын. Сабиты ахуыр кæнын, барæнæй (мерка) пайда кæнгæйæ, практикон æгъдауæй дæргъ барын. Ахуыр сæ кæнын бæрц æмæ цифрæ æмахаст кæнын; нымæцон тынæй пайда кæнгæйæ нымæцон рæнхъмæ гæсгæ нымæцтæ абарын.

– Дарддæр сæ ахуыр кæнын фæзы ориентаци кæнын. Геометрион фигурæты ориентаци кæнын. Геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Схемæтæй пайда кæнгæйæ сын рæзын кæнын логикон рæхыстæ амайыны арæхстдзинæдтæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Зымæгон спорты хуызтимæ баст дыууæ æнгæсджын нывы.

**Райуаринаг:** 0-æй 7-ы онг цифрæтимæ нымæцонтæ (дыууæ сабийæн – иу тын); æрвхуыз æмæ кæрдæгхуыз дарæсты гыццыл адæймæгтæ (человечки) (алы сабийæн дæр – иу); 1–7-ы онг цифрæтимæ кæрдæгхуыз æмæ æрвхуыз карточкæты æмбырд; геометрион фигурæтимæ схемæтæ (алы сабийæн дæр); æмиас лыггæгтæй арæзт схемæтæ фæндæгтимæ.

### Ахуыры нывæст

*(Сабитæ гауызыл бадынц.)*

**Хъ.** Абон куыд рæсугъд æмæ куыд хъæлдзæг стут уе 'ппæт дæр! Уæ худæндзаст цæсгæмттыл бæрæг у уæ зæрдæйы уаг

æмæ уе ’нæниздзинад. Æмæ æнæниз уæвын хорз у?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Адæймаг цæмæй æнæниз уа, уый тыххæй цы кæнын хъæуы?
*(Сабиты дзуæппытæ. Æрхæстæг сæ кæнын ахæм дзуапмæ: спорты архайын, алы райсом зарядкæ кæнын.)*
**Хъ.** Сымах рæвдауæндоны спортæй архайут? Куыдæй?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Мах зонгæ стæм, нымæцон тыныл цы гыццыл адæймаг санчъехтæ кæны, уыимæ. Абон нæм уыцы адæймаг æрбацыдис йе ’мбалимæ. Фæнды сæ æцæг спортсментау гæппытæ кæнын сахуыр уæвын. Сахуыр сæ кæнæм?
*(Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Стъолтыл алы сабиты къайы разы дæр − нымæцон тын æмæ дыууæ та, æрвхуыз æмæ кæрдæгхуыз, «адæймæгтæ». Сабитæй алчи йæхæдæг равзары йæхицæн «адæймаг».)*
**Хъ.** Раттæм сын нæмттæ – «æрвхуыз адæймаг» æмæ «кæрдæгхуыз адæймаг». Сæ дыууæйы дæр, нолæй кæцы ран нысангонд цæуы, уым æрæвæрæм. «Кæрдæгхуыз адæймаг» агæпп кодта 6 санчъехы. Кæм «æрлæууыд», ома цавæр цифрæйы раз февзæрд?
**С.** *(«кæрдæгхуыз адæймæгты» ассонынц).* Цифрæ 6-ы раз.
**Хъ.** «Æрвхуыз адæймаг» та агæпп кодта æмæ 1 санчъех дарддæр февзæрд.
*(Сабитæ ассонынц «æрвхуыз адæймæгты».)*
**Хъ.** Равдисут, кæм февзæрд, ома цавæр цифрæйы раз? Ацы цифрæ куыд хуыйны, уый чи зоны?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Æмæ цымæ нымæц 6 фылдæр у æви нымæц 7? Цал фылдæр у?
**С.** Нымæц авд иу фылдæр у æхсæзæй.
**Хъ.** Цæмæй «кæрдæгхуыз адæймаг» дæр «æрвхуыз адæймаджы» раз февзæра, уый тыххæй йæ цы бакæнын хъæуы?

**С.** Иу санчъех скæнын хъæуы.
*(Сабитæ «кæрдæгхуыз адæймаджы» 7-ы онг ассонынц.)*
**Хъ.** «Кæрдæгхуыз адæймаг» «æрвхуызы» æрбаййæфта?
**С.** О.
**Хъ.** Цы бакодта уый тыххæй?
**С.** Фыццаг 6 санчъехы агæпп кодта, уый фæстæ та ма − 1.
**Хъ.** Кæцы ран сты ныр сæ дыууæ дæр?
**С.** Цифрæ 7-ы раз.
**Хъ.** Нæ гыццыл адæймæгтæ тынып гæппытæ кодтой. Фæлæ ма ис ахæм спорты хуыз, кæцы хуыйны спортивон цыд. Адæм даргъ фæндæгтыл æмхуызон къахдзæфтæй, кæрæдзиимæ ерысгæнгæ, цæуынц. Æмæ нæ адæймæгтæ дæр гæппытæ нæ, фæлæ цæугæ куы кæной, уæд куыд бахæццæ уыдзысты цифрæ 7-ы онг?
**С.** Цифрæ 7-ы онг сæ хъæуы иугай санчъехтæ кæнын.
**Хъ.** Фæйнæ цал санчъехы скæнын сæ хъæуы?
**С.** Авд санчъехы.
*(Сабитæ «адæймæгты» фæстæмæ 0-ы онг раздахынц æмæ сæ радыгай, санчъехтæ нымайгæйæ, бахæццæ кæнынц 7-ы онг. Хъомылгæнæг æмæ сабитæ хатдзæг скæнынц: нымæц 7 – уый у 1, 1, 1, 1, 1, 1 æмæ 1.)*
**Д./хъаз «Фæд-фæдыл æрлæуут».**
**Хъ.** Спортивон ерыстæ вæййынц алыхуызон. Ныртæккæ мах скæндзыстæм æцæг ерыстæ. Уый тыххæй хъуамæ фæдих уæм дыууæ къордыл: кæрдæгхуызтыл æмæ æрвхуызтыл.
*Сабитæй алчи дæр райсы (кæрдæгхуыз кæнæ æрвхуыз) карточкæ цифрæтимæ æмæ уымæ гæсгæ дыууæ къордыл дих кæнынц. Дарддæр алы командæйы архайджытæ дæр сæ карточкæты номыртæм гæсгæ фæд-фæдыл æрлæууынц. Кæцы командæ тагъддæр алæууы, уый фæуæлахиз. Хъомылгæнæг сбæрæг кæны рæнхълæуд – сабитæ дзурынц сæ радон номыртæ раст æмæ иннæрдæм фæткæвæрдыл.*

*Дарддæр алы саби дæр ссары йæ карточкæйы цифрæмæ гæсгæ хъæугæ къонверт ахæм цифрæимæ. Къонверты – хæслæвæрдтæ иннæ ерыстæн (алкæмæн дæр – хицæн сæрмагонд хæслæвæрд.)*

**Д/хъазт «Къахдзоныгъты фæндаг».**

**Хъ.** Къахдзоныгътыл цæуджытæн ерыстæ куы вæййы, уæд арæзт æрцæуы къахдзоныгъты фæндаг (лыжная трасса). Фæлæ къахдзоныгътыл цæуджытæй алчи дæр, цæмæй тагъддæр ацæуа фæндаг, уый тыххæй равзары цавæрдæр нысантæ æмæ ориентиртæ. Æмæ ныртæккæ сымах дæр геометрион фигурæтæй «Къахдзоныгъты фæндаг» равæрдзыстут æмæ уыдоны хуызон ориентаци кæнын базондзыстут.

*(Сабитæ æрбадынц гауызыл. Алкæмæн йæ разы хуызæг – къонвертæй ист карточкæ æмæ геометрион фигурæты хæрх. Сабитæ геометрион фигурæтæй равзарынц, æрмæст сæ хæслæвæрдæн кæцытæ хъæуы, уыцы фигурæтæ æмæ равæрынц «Къахдзоныгъты фæндаг», фатæгтæм гæсгæ иу фигурæйæ иннæмæ цæугæйæ. Хæслæвæрд хъæуы райдайын фыццаг бинаг къуымæй.)*

**Карточкæтæ – хæслæвæрдты хуызæгтæ:**




**Д/хъазт «Спортивон ориентаровкæ».**

**Хъ.** Ис ма ноджы ахæм спортивон ерыс, кæцы хуыйны «Спортивон ориентировкæ бæрæг ран». Цæмæй спортсмен ацы ерысты фæуæлахиз уа, уый тыххæй йæ равзарын хъæуы

дугъы кæронмæ (финишмæ) æппæты цыбырдæр фæндаг. Æцæг спортсментау сымах дæр афæлварут финишмæ цыбырдæр фæндагыл бахæццæ уын.
*Сабитæ хъуамæ сæхæдæг фæфиппайой, фæндæгтæ куыд абарын хъæуы, уый. Уымæн æмæ алы фæндаг дæр арæзт у æмхуызон лыггæгтæй – барæнтæй. Сабитæ нымайынц лыггæгтæ æмæ алы фæндагыл дæр (лыггæгты бæрцмæ гæсгæ) æрæвæрынц хъæугæ цифрæ. Финиш нысангонд у тырысайæ, старт – гыццыл хæдзарæй.*
*Зæгъæм:*



**Д/хъазт «Ссар хицæндзинæдтæ».**
*(Сабиты раз – зымæгон спорты хуызтимæ баст дыууæ æнгæсджын нывы. Зæгъæм, къахдзоныгътыл цæуæг. Ссарын хъæуы дыууæ нывы æхсæн 7 хицæндзинады. Сабитæй алчи дæр, куыддæр ссары хицæндзинад, афтæ йæ разы æрæвæры иу нымайæн къæбæл. Хъазты кæронмæ алы сабийы разы дæр вæййы авд нымайæн къæбæлы. Уый фæстæ иумæ нымайынц, цы хицæндзинæдтæ ссардтой, уыдон.)*
**Хъ.** Ацы нывты æдæппæтæй цал хицæндзинады ссардтат?
**С.** Авд.
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Нымайæн къæбæлтæй цифрæ 7 равæрут.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

*20 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ».**
**Темæ: «Æмбарынад „къуыри“-имæ зонгæ кæнын».**
**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын æмбарынад «къуыри»-имæ.

Ахуыр кæнын сабиты къуырийы бонтæ кæрæдзийы фæдыл дзурын. Ныффидар кæнын авды онг радон нымад, 1-æй 7-ы онг цифрæты зонынад. Ахуыр сæ кæнын нымæц бæрцимæ æмахаст кæнын. Геометрион фигурæтæй пайда кæнгæйæ, фæзыл ориентаци кæнын. Нымæцон хахгæнæны руаджы хуымæтæг хынцинæгтæ халын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ хъусдард; геометрион фигурæтæй арæзт элементарон схемæйæн анализ кæнын сæ ахуыр кæнын.

– Иумæ æмархайд куыд кæной; сæ куыст, сæ архайды бæрнондзинад куыд æнкъарой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** 1-æй 7-ы онг цифрæтæ, нымæцон хахгæнæн.

**Райуаринаг.** 1-æй 7-ы онг цифрæтæ, 1-æй 7-ы онг стъæлфытимæ карточкæтæ. Игровизор, геометрион фигурæтимæ карточкæтæ хъазт «Уазæгуаты фæцæуæм»-æн; нымæцон хахгæнæн, фишкæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** *( дзуры сабитæм).* Ныртæккæ кæм стæм?

**С.** Рæвдауæндоны.

**Хъ.** Рæвдауæндон та кæм ис?

**С.** Дзæуджыхъæуы.

**Хъ.** Дзæуджыхъæу та кæм ис?

**С.** Цæгат Ирыстон-Аланийы.

**Хъ.** Цæгат Ирыстон-Алани та кæм ис?

**С.** Уæрæсейы.

**Хъ.** Цымæ Уæрæсейы арæнтæ чи хъахъхъæны?

**С.** Салдæттæ, æфсæддонтæ, арæнхъахъхъæнджытæ.

*(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд хъомылгæнæг*

*йæхæдæг зæгъы дзырд «арæнхъахъхъæнджытæ».)*

**Хъ.** Сæрд дæр æмæ зымæг дæр, къæвдайы дæр æмæ миты дæр, тæвд бон дæр æмæ хъызты дæр, алы бон дæр, арæнхъахъхъæнджытæ лæууынц æмæ хъахъхъæнынц нæ бæстæйы арæнтæ, цæмæй иунæг знаг дæр ма æрбахиза нæ бæстæмæ. Арæнхъахъхъæнджытæн сæ цард æмæ сæ куыст æвæрд у бæрæг фæткмæ гæсгæ. Гъе ахæм тызмæг фæткæвæрдыл хæцынц, абон цы авд æфсымæримæ базонгæ уыдзыстæм, уыдон дæр. Байхъусут уыци-уыцимæ:

*Ацы ’фсымæртæ сты авд,*
*Семæ зонгæ стут сымах,*
*Иудадзыг фæд-фæдыл иугай*
*’Нæрлæугæ цæуынц къуыригай:*
*Кæстæр нын хæрзбон фæзæгъы,*
*Хистæр ног салам фæдætты!*
*Цымæ чи сты уыцы æфсымæртæ?*

**С.** Къуырийы бонтæ.

*(Кæд сабитæ нæ базоной уыци-уыци, уæд сын хъомылгæнæг фæрстыты руаджы æххуыс кæны.)*

**Хъ.** Цавæр къуырийы бонтæ зонут?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Къуырийы цал боны ис, уый цæмæй базонай, уый тыххæй хъуамæ дæ зæрдыл æрлæууын кæнай, къуырийы мидæг алы бон дæр цы куыстай, уый. Æз бакæсдзынæн æмдзæвгæ, уыцы æмдзæвгæйы иу лæппу къуырийы мидæг алы бон дæр цы куыста, уый дзуры. Сымах лæмбынæг хъусут æмæ-иу къуырийы боны ном куы фехъусат, уæд-иу цифрæтæ фæд-фæдыл æрæвæрут. Цавæр цифрæйæ райдайын хъæуы?

**С.** Иуæй

*(Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Сæ разы 1-æй 7-ы онг цифрæты æмбырдтæ.)*

**Хъ.** *(кæсы æмдзæвгæ, сабитæ та цифрæтæ равæрынц).*

Уыдтæн къуырисæры æз цирчы,
Дыццæджы – ме ’мбæлттимæ парчы.
Æртыццæджы тынг ныффæлладтæн –
Нæ ræуæдимæ дугъы уадтæн.
Цыппæрæмы хызтон нæ фысты,
Уыдтæн æз майрæмбоны «хæсты»:
Фæдæн нæ уасæджы ахæсты.
Мæ маст раст сабатмæ дæр не ссыд,
Мæ цæф ма мын ныр дæр куы риссы.
Хуыцаубоны уыдтæн тæргай –
Мæ хо мын ахордта мæ хай.
Æнæхъæн къуыри кодтон кусгæ
Æмæ, дам, уæддæр ма кæн бустæ!

**Хъ.** *Æдæппæтæй цал боны ис къуырийы?*
**С.** Авд боны.
**Хъ.** Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, къуырийы фыццаг бон куыд хуыйны, уый.
**С.** Къуырисæр.
**Хъ.** Дыккаг бон та?
**С.** Дыццæг.
**Хъ.** Æртыккаг бон та?
**С.** Æртыццæг.
**Хъ.** Къуырийы фыццаг бон хуыйны къуырисæр, уымæн æмæ къуырийæн у йæ райдайæн, ома йæ «сæр». Дыццæг – дыккаг бон, æртыццæг – æртыккаг бон.
*(Уыцы хуызы æвзæрст цæуынц иннæ бонтæ дæр.)*
**Хъ.** Къуырийы бонтæ салдæттау лæууынц фæд-фæдыл.
**Д./хъазт «Къуыри».**
*(Гауызыл – цифрæтæ æвæрд. Сабитæй алчи дæр райсы иу цифрæ, уый уыдзæн йæ радон номыр, æмæ кæрæдзийы фæдыл 1-æй 7-мæ æрлæууынц. Сабитæ амонæгæн дзурынц сæ радон номыртæ æмæ номырмæ гæсгæ – къуырийы боны ном. Кæд сабитæ бирæ сты, уæд сæ дыууæ къордыл*

*адих кæнын хъæуы – 19-æм ахуыры хъазт «Фæд-фæдыл æрлæуут»-мæ гæсгæ. Дарддæр сабитæ фæйнæрдæм фæпырх вæййынц æмæ та фæд-фæдыл алæууынц, ног та амонæгæн дзурынц къуырийы бонтæ сæ радон номыртæм гæсгæ. Дарддæр хъомылгæнæг ратты фæрстытæ æмæ сабитæ бæстондæр сæ зæрдыл бадарынц къуырийы бонтæ.)*

**Хъ.** Цавæр къуырийы бон у абон?

**С.** Æртыццæг *(размæ рахизы æртыккаг сывæллон, ома– «æртыццæг» æмæ стæй фæстæмæ йæ бынаты æрлæууы.)*

**Хъ.** Райсом та цавæр къуырийы бон уыдзæн?

**С.** Цыппæрæм. *(«Æртыццæджы» фæстæ чи лæууы, уый размæ рахизы æмæ та фæстæмæ йæ бынаты æрлæууы).*

**Хъ.** Къуырийы мидæг улæфты бонтæ цавæртæ сты? *(Ома – рæвдауæндонмæ кæцы бонты нæ фæцæуæм.)*

**С.** Сабат, хуыцаубон. *(Размæ рахизынц «сабат» æмæ «хуыцаубон» æмæ фæстæмæ сæ бынæтты æрлæууынц.)*

**Хъ.** Цавæр у къуырийы фыццаг бон?

**С.** Къуырисæр.

**Хъ.** Къуырийы æдæппæтæй цал боны ис?

**С.** Къуырийы ис авд боны.

**Д/хъазт «Уазæгуаты фæцæуæм».**

*Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Стъолтыл, алы сабимæ дæр, игровизор альбомы сыфимæ. Альбомы сыфыл ис геометрион фигурæтæ нывгонд æмæ æххуысгæнæг писмо, уый руаджы сабитæ аразынц фæндаг, фатæгтæй йæ нысан кæнынц. Зæгъæм:*



*(Алы писмойы дæр хъуамæ уа 7 фигурæйы. Фигурæтæ хуызæй хъуамæ уой алыхуызон.)*

**Хъ.** Цавæр фигурæмæ æрбацыдтæ уазæгуаты? Ацы фигурæмæ цæмæй æрбахæццæ уай, уый тыххæй дын цавæр

фигурæтæ баххуыс кодтой? Дæ писмойы цал фигурæйы ис нывгонд? Равдис нымайгæйæ æртыккаг фигурæ.
*(Сабитæ – стъолты уæлхъус. Сæ разы – нымæцон хахгæнæн æмæ фишкæ. Сабитæй иу архайы фæйнæгыл. Хъомылгæнæг дзуры хæслæвæрдтæ, сабитæ та хахгæнæныл фишкæ ассонынц æмæ дзуапп дæттынц.*
*Зæгъæм:*



*1) Арæнхъахъхъæнæг скодта 3 санчъехы рахизæрдæм, уый фæстæ ма ноджыдæр – 2 санчъехы рахизæрдæм. Кæцы ран ис ныр?*
*2) Арæнхъахъхъæнæг лæууыдис 5-ы раз, скодта 2 санчъехы рахизæрдæм. Кæцы ран ис ныр?*
*3) Цы хъуамæ бакæна арæнхъахъхъæнæг, цæмæй 1-ы раз февзæра? Æмæ а. д.)*
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Зонут æй ныр, нæ бæстæ нын чи хъахъхъæны, уый?
**С.** Арæнхъахъхъæнджытæ.
**Хъ.** Алы бон дæр къуырийы мидæг, фыццаг бонæй фæстаг бонмæ, уыдон лæууынц нæ бæстæйы арæнтыл æмæ сæ хъахъхъæнынц. Ранымайæм къуырийы бонтæ.
*(Сабитæ сæ ранымайынц.)*
**Хъ.** Цал боны сты æдæппæтæй?

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг».**
**Темæ: «Цифрæ 8-имæ зонгæ кæнын».**
**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын цифрæ 8-имæ. Ныффидар кæнын нымæц 8-ы арæзт. Нымæц 8-ы иуæгтæй арæзтимæ сæ базонгæ кæнын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын къуырийы бонтæ дзурын. Ныффидар кæнын радон нымад 8-ы онг. Дарддæр сæ ахуыр кæнын геометрион фигурæтæ иртасын æмæ фæзыл ориентаци кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард æмæ логикон хъуыдыкæнынад.

– Сæ алфамбылай чи ис, уыдонмæ зæрдæхæлар цæстæй куыд кæсой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** 8 дæргъдымбылы (овал) æмæ 8 квадраты; 1-æй 8-ы онг цифрæтæ; къорды уаты пълан *(ахуырты дæргъы йæ скæнынц).*

**Райуаринаг.** 8 дæргъдымбылы, 8 квадраты; 1-æй 8-ы онг цифрæтæ; 1-æй 8-ы онг цифрæтимæ стыр карточкæтæ (алы сабийæн дæр – иу цифрæ); хъазт «Геометрион конструктор»-æн геометрион фигурæтæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** *(афæдзы афонты тыххæй дзуры цыфæнды уыци-уыци).* Ныртæккæ та цавæр афæдзы афон у?

**С.** Уалдзæг.

**Хъ.** Цæмæй хицæн кæны уалдзæг зымæгæй?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Сабитæ абон æрбацыдысты, цæмæй сæ мадæлтæн нывджын арфæйы гæххæттытæ (открыткæтæ) скæной æмæ

сын сæ 8-æм Мартъийы балæвар кæной.
*(Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Стъолтыл геометрион фигурæтæ: дæргъдымбылтæ æмæ квадраттæ æмæ 1-æй 8-ы онг цифрæтæ.)*
**Хъ.** Алы сывæллоны дæр дæргъдымбылæй фæнысан кæндзыстæм, арфæйы гæххæттытæ та – квадратæй. Сывæллæттæ цал уыдысты, уал дæргъдымбылы æрæвæрут уæ разы.
*(Сабитæ 7 дæргъдымбылы æмæ цифрæ 7 æрæвæрынц.)*
**Хъ.** Цал сты дæргъдымбылтæ?
**С.** Дæргъдымбылтæ сты 7.
*(Дарддæр сабитæ алы дæргъдымбылы комкоммæ æрæвæрынц квадрат.)*
**Хъ.** Цал сты квадраттæ?
**С.** 7 квадраты.
**Хъ.** Кæцытæ фылдæр сты: дæргъдымбылтæ æви квадраттæ?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Уый фæстæ ма иу чызг æрбацыдис.
*(Сабитæ ма иу дæргъдымбыл æрæвæрынц.)*
**Хъ.** Цал сывæллоны балæвар кæндзæн открыткæтæ сæ мадæлтæн?
**С.** Аст сывæллоны.
**Хъ.** Цифрæты ’хсæн ссарут цифрæ 8 æмæ йæ дæргъдымбылты фарсмæ æрæвæрут.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цал сты æдæппæтæй дæргъдымбылтæ?
**С.** Аст.
**Хъ.** Куыд рауадис нымæц аст?
**С.** Уыдис нæм 7 дæргъдымбылы, иу ма сæм бафтыдтам.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: дæргъдымбылтæ æви квадраттæ?
**С.** Дæргъдымбылтæ 1 фылдæр сты.
**Хъ.** Куыд сæ скæнæм æмбæрц?

**С.** Иу квадрат ма сæм бафтауæм, ома, цы чызг байрæджы кодта, уымæн скæнын хъæуы арфæйы гæххæтт.
*(Сабитæ ма иу квадрат æрæвæрынц.)*
**Хъ.** Ныр та кæцытæ сты фылдæр: дæргъдымбылтæ æви квадраттæ?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Се 'ппæт дæр скæндзысты сæ мадæлтæн лæвæрттæ?
**С.** О!
**Хъ.** Сымах дæр фæнды уæ мадæлтæн арфæ ракæнын, лæвæрттæ сын скæнын?
**С.** О!
**Хъ.** Ныййарджытæн ма, лæвæрттæй уæлдай, балæвар кæнæн ис уе 'ххуысы хай. Æххуыс фæкæнут уæ мадæлтæн?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Ныр та байхъусут, гыццыл чызг йæ мадæн куыд æххуыс кодта, уымæ:

*Къуырисæры æз тынг архайдтон,*
*Дыццæджы хорз мæ уат ныммарзтон.*
*Æртыццæджы фыхтон æз дзултæ,*
*Цыппæрæмы фесæфт мæ пурти.*
*Тæбæгътæ майрæмбоны 'хсадтон,*
*Ыстыр тъорт сабаты балхæдтон.*
*Цæмæй хуыцаубоны æрхонон*
*Сывæллæтты мæ гуырæн бонмæ!*

*(Ахуырты фæстæ, уæгъд рæстæг, сахуыр кæнын æмдзæвгæ.)*
**Хъ.** Нæ мадæлты ма ноджы сахуыр кæнæн ис алыхуызон хъæзтытæй хъазын – тынг хъæлдзæг уыдзæн уæд нæ бæрæгбон. Уымæй сын баххуыс кæндзыстæм æмæ сæ фæллад ссæудзæн. Фæлæ уал раздæр нæхæдæг сахуыр уæм хъæзтытæй хъазын.
**Д/хъазт «Къуыри».**
*(Гауызыл сабиты раз – 1-æй 8-ы онг цифрæтимæ*

*карточкæтæ. Сабитæй алчи иу карточкæ райсы æмæ карточкæты номыртæм гæсгæ радыгай æрлæууынц.)*

**Хъ.** Цалæй лæуут иу рæнхъы?

**С.** Астæй.

**Хъ.** Къуырийы та цал боны ис?

**С.** Авд боны.

**Хъ.** Уæдæ № 8 уыдзæн амонæг, иннæтæ та – къуырийы бонтæ.

*(Амонæг «базонгæ вæййы» къуырийы бонтимæ, ома йын алы сывæллон дæр йæ ног ном – къуырийы бон – зæгъы. Дарддæр, хъомылгæнæджы сигналмæ гæсгæ, æмбæхсынц сæ номыртимæ карточкæтæ æмæ къорды уаты алырдæм апырх вæййынц. Амонæг та сабитæй иуы ахсы. Куыддæр сæ иуы æрцахсы, афтæ иннæтæ фæстæмæ сæ бынæтты алæууынц. Амонæгмæ сæ номыртæ не 'вдисынц, афтæмæй сæ «нæмттæ», къуырийы бонтæ», дзурынц. Амонæг æй хъуамæ базона, цавæр къуырийы бон дзы нæ фаг кæны, ома кæцы къуырийы бон æрцахста. Сабитæ астæй фылдæр куы уой, уæд иннæ сабитæ æххуыс кæнынц амонæгæн. Кæнæ та сæ алыхуызон карточкæты руаджы дыууæ командæйыл адих кæнын хъæуы.)*

**Хъ.** Тынг хорз зонут хъазын! Ныййарджытимæ ма ахъазæн ис ахæм хъазтæй. Уæ лæвæрттæ къорды уаты бамбæхсут, уæхæдæг та саразут къорды уаты пълан æмæ пъланыл æнæмæнг фæбæрæг кæнут, уæ лæвар кæцы ран æмбæхст ис, уый. *(Хъомылгæнæг сабитæй иуы æрмæгæвдисæн фæйнæгмæ ракæны. Сабитæ æмæ хъомылгæнæг æрныхас кæнынц, кæцы ран сты дуæрттæ, рудзгуытæ æмæ сæ хуыздæр куыд ис фæбæрæг кæнæн. Цавæр геометрион фигурæты хуызæн сты диван, стъолтæ æмæ кæцы ран лæууынц. Æрмæгæвдисæн фæйнæджы раз уыцы сывæллон хъомылгæнæджы æххуысæй аразы къорды уаты пълан, сабитæ та сæ альбомы сыфтыл пълан ныв кæнынц.)*

**Д/хъазт «Ссар хъазæн».**

*(Хъомылгæнæг сабитæн пъланыл æвдисы, рагацау цы хъазæн бамбæхста, уый. Сабитæ та йæ пъланмæ гæсгæ ссарынц. Хъазт фæлхатгонд цæуы 2 – 3 хатты æмæ алы хатт дæр ссарынц ног хъазæн. Сабитæ ма иу хъазт акæнынц æмæ ссарынц къонверт хæслæвæрдтимæ.)*

**Д/хъазт «Геометрион конструктор».**

*(Геометрион фигурæтæй сабитæ аразынц: рог хæдтулгæ, гыццыл нау кæнæ хæдтæхæг, ома хицæн хæйттæй æмбырд кæнынц иу æнæхъæн предмет.)*

**Хатдзæг.**

**Хъ.** Бæрæгбон кæцы нымæцы уыдзæн, уый чи зоны?

**С.** Æстæм мартъийы.

**Хъ.** Сымах ныр зонут, цифрæ 8 куыд аразгæ у, уый. Цавæр геометрион фигурæтæй саразæн ис цифрæ 8?

**С.** Дыууæ зиллаккæй кæнæ дыууæ дæргъдымбылæй.

*(Сабитæ дыууæ зиллаккæй кæнæ дыууæ дæргъдымбылæй равæрынц цифрæ 8.)*

*22 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг».**

**Темæ: «Æмбарынад «бæрцуат»-имæ зонгæ кæнын».**

**Нысан:**

– Сабитæн бацамонын бæрцуаты (объем) тыххæй æмбарынад; мигæнæнтæ сæ бæрцуатмæ гæсгæ, иуæй иннæмæ æвгæнгæйæ, абарын. Ахуыр сæ кæнын бæрцуат барæнæй сбарын; барсты фæстиуæг барæны хуызимæ баст кæй у, уый сын бамбарын кæнын.

– 8-ы онг нымад ныффидар кæнын, хæйттæ æмæ æнæхъæны бастдзинад æмбарын. Афæдзы афонты тыххæй зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хæдхъомад, ахуыр сæ кæнын хъуыды кæнын æмæ хатдзæгтæ кæнын.

– Хъомыл сæм кæнын аудгæ ахастытæ æрдзмæ, зайæгойтæм; кæрæдзийæн æххуыс кæнын куыд зоной, ууыл архайын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** 3 уатон дидинæджы сæ къоппыты мидæг (къоппытæ – асæй алыхуызон) кæнæ сæ нывтæ; 2 авджын мигæнæны; барæн кружкæ; бæрцуат донæн; ведра; агуывзæтæ (сæ бæрцуат – алыхуызон); уидыг; вилкæ; сасир; 2 гыццыл ведрайы; 2 барæн кружкæйы (асæй – алыхуызон).

**Райуаринаг.** 2 хуызы карточкæтæ: сырхытæ æмæ æрвхуызтæ (алы сабийæн дæр).

## Ахуыры нывæст

*(Сабитæ гауызыл бадынц.)*

**Хъ.** Ныртæккæ цавæр афæдзы афон у?

**С.** Уалдзæг.

**Хъ.** Уалдзæг цавæр афæдзы афоны фæстæ ралæууы?

**С.** Уалдзæг ралæууы зымæджы фæстæ.

**Хъ.** Нæ зæхх нын тынгдæр кæд бахъарм кæны хур, зымæджы æви уалдзæджы?

**С.** Уалдзæджы хур тынгдæр хъарм кæны.

**Хъ.** Æмæ уæд æрдз та куыд аивы?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Уалдзæгимæ ралæууыд ног тыллæг байтауыны рæстæг. Нæ къорды уаты цы зайæгойтæ ис, уыдон дæр хъæуы æндæр ран ныссадзын (пересадить), базилын сæм хъæуы.

*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры 3 нывы уатон дидинджытимæ кæнæ – æцæг дидинджытæ).*

**Хъ.** Ацы дидинджытæ дæр расагътой, базылдысты сæм, фæлæ дидинæг куы расадзынц, уæд ма йын цы хъæуы бакæнын?

**С.** Хъæуы йыл дон ныккæнын. Стыр дидинджытыл хъæуы фылдæр ныккæнын дон.
**Хъ.** Æмæ къаддæр дидинæгыл тынг бирæ дон куы ныккæнæм, уæд цы кæндзæн?
**С.** Фесæфдзæн.
**Хъ.** Хъуамæ, дидинджытыл дон кæнгæйæ, уæ хъус дарат æмæ арæхсгай архайат. Зæгъут-ма, кружкæтæй кæцыйы ис дон фылдæр, кæцыйы – къаддæр?
*(Сабиты дзуæппытæ. Хъомылгæнæг равæры 2 авджын мигæнæны, сæ бæрзæнд – иу, сæ уæрх – алыхуызон. Стыр бæрцуатæй барæн кружкæ донæй байдзаг кæны æмæ йæ фыццаг мигæнæны ныккæны. Дарддæр та барæн кружкæйы дзаг дон сисы æмæ йæ дыккаг мигæнæны ныккæны, барæн кружкæ айсы иуварс.)*
**Хъ.** Кæцы мигæнæны ис дон фылдæр?
*(Сабитæ, мигæнæнтæй бæрзонддæрыл ориентаци кæнгæйæ, зæгъынц, дон дзы фылдæр кæй ис.)*
**Хъ.** Фыццаг банкæйы цал кружкæйы ныккодтон дон?
**С.** Иу кружкæ.
**Хъ.** Дыккаджы та цал кружкæйы нныккодтон дон?
**С.** Иу кружкæ.
**Хъ.** Уæдæ дзы фылдæр кæцыйы ис?
*(Сабитæ арæхдæр фæзæгъынц «æмбæрц». Фæлæ йæ кæд нæ бамбарой, уæд сын хъомылгæнæг зæгъы, цæмæй банкæтæй радыгай барæн кружкæйæ фæстæмæ дон равгæной æмæ сæхæдæг сбæрæг кæной, алы банкæйы дæр дон цæйбæрц уыдис, уый. Дарддæр хъомылгæнæг æмæ сабитæ хатдзæг скæнынц: иу банкæйы дæр æмæ иннæйы дæр дон уыдис æмбæрц – иугай кружкæтæ.)*
**Хъ.** Уæдæ, цымæ, бакæсгæйæ афтæ цæмæн зыны, цыма сæ иуы фылдæр ис дон?
*(Сабитæ сæ хъуыдытæ дзурынц æмæ скæнынц хатдзæг: мигæнæнтæ сæ кондмæ гæсгæ сты алыхуызон.)*

**Хъ.** Æмæ уæдæ уайтагъд раиртасæн ис, кæцы банкæйы ис дон фылдæр, уый?
**С.** Нæй.
**Хъ.** Уый тыххæй цы бакæнын хъæуы?
**С.** Дон сбарын хъæуы иу кружкæйæ.
**Хъ.** Ахæм кружкæ кæнæ мигæнæн хуыйны барæн мигæнæн *(мерная посуда).*
*(Стъолыл – алыхуызон предметтæ: гыццыл ведра, кружкæ, бæрцуатæй алыхуызон агуывзæтæ, уидыг, вилкæ, сасир.)*
**Хъ.** Кружкæ йеддæмæ ма цæмæй ис мигæнæны доны бæрц сбарын?
**С.** Цыфæнды къаддæр мигæнæнæй.
**Хъ.** Стыр ведрайы дон æнцондæр цæмæй сбарæн ис?
**С.** Гыццыл ведрайæ, банкæйæ кæнæ стыр кружкæйæ.
**Хъ.** Гыццыл кружкæйы дон та цæмæй сбарæн ис?
**С.** Гыццыл кæнæ стыр уидыгæй.
**Хъ.** Æмæ уæдæ цæмæй нæй дон сбарæн?
**С.** Дон нæй вилкæйæ æмæ сасирæй сбарæн.
**Хъ.** Ныр кæддæриддæр уæ бон суыдзæн дидинджытыл дон раст ныккæнын. Æмæ барæнæй æрмæстдæр тæнгъæд (жидкость) ис сбарæн?
**С.** Нæ, барæнæй сбарæн ис алыхуызон згъæлаг хойрæгтæ дæр: ссад, сæкæр, кърупатæ æмæ а. д.
**З/д./хъазт «Æмбæрц».**
*(Гауызыл – дыууæ хуызы карточкæтæ: сырхытæ æмæ æрвхуызтæ. Сабитæ райсынц фæйнæ карточкæйы æмæ уымæ гæсгæ дыууæ командæйыл адих вæййынц: сырхыты командæ æмæ æрвхуызты командæ).*
**Хъ.** Сабитæ фылдæр кæцы командæйы ис? Куыд æй сбæрæг кæнæм?
**С.** Иу командæйы дæр æмæ иннæйы дæр банымайын хъæуы сабиты кæнæ та сæ къæйттæй æрлæууын кæнын хъæуы.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Сырхыты командæйы ис 2 сывæллоны фылдæр.)*

**Хъ.** Цæмæй командæты сабитæ æмбæрц уой, уый тыххæй цы бакæнын хъæуы?

**С.** Сырхытæй иу сывæллон хъуамæ æрвхуызтæм бацæуа.

*(Командæтæ банымайынц архайджыты æмæ сæ къæйттæй абарынц – сабитæ æмбæрц сты. Сырхытæй иннæ командæмæ чи ахызт, уымæн йæ карточкæ æрвхуызыл ивд æрцæуы.)*

**Д/хъазт «Абар».**

*(Алы командæйы раз дæр − змисимæ бæрцуат æмæ дыууæ æмхуызон ведрайы.)*

**Хъ.** Ацы дыууæ ведрайы змис æмбæрц уыдзæн?

**С.** О! Уымæн æмæ ведратæ æмхуызон сты.

*(Алы командæйæн дæр лæвæрд цæуы барæн кружкæ. Кружкæтæн сæ бæрцуат у алыхуызон, фæлæ йæ сабитæ нæ зонынц. Барæн кружкæтæй байдзаг кæнын хъæуы ведратæ змисæй. Алы архайæг дæр æрбацæуы стъолмæ, кружкæ змисæй байдзаг кæны æмæ йæ ведрайы ныккæны, йæхæдæг йæ карточкæ, фишкæ, уым ныуувадзы. Хъазты кæрон алы командæ дæр йæ ведра дзаг кæны змисæй. Командæтæ банымайынц карточкæтæ, фишкæтæ, æмæ сбæрæг кæнынц, фишкæты бæрц кæй у алыхуызон: 8 æмæ 7. Цæмæн? Сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ: ведратæн сæ бæрцуат у алыхуызон, ома сæ иуы фылдæр бацыдис змис, иннæйы та – къаддæр. Куыд æй сбæрæг кæнæм? Сабиты алыхуызон варианттæ, зæгъæм: иу ведрайы ныккæнын дон æмæ йæ равгæнын иннæ ведрамæ. Кæд дыккаг ведра байдзаг уа, уæд ведратæ сты æмхуызон. Доны бæсты райсæн ис, цыфæнды згъæлгæ хойрæгтæ дæр кæнæ − змис. Сабитæ, змисæй архайгæйæ, сбæрæг кæнынц ведраты бæрцуат æмæ хатдзæг скæнынц – ведраты ас æмхуызон у, уæд барæн кружкæты бæрц алыхуызон цæмæн рауад?*

*Сабитæ хъуамæ сæхæдæг фæфиппайой, барæн круж-кæтæн сæ бæрцуат æмхуызон кæй нæу, уый. Дарддæр скæнынц хатдзæг: барæн мигæнæн цас стырдæр, егъаудæр уа, уыйбæрц къаддæр уыдзæн барсты фæстиуæг. Уæдæ афтæ: предметтæн сæ бæрцуат барынæн райсын хъæуы æмхуызон барæн мигæнæнтæ.)*

**Хъ.** Тæнгъæдтæ (жидкости) арæхдæр сбарынц уыцы иу барæнæй, кæцы хуыйны 1 литр.

*(Хъомылгæнæг æвдисы литруат банкæ.)*

**Хъ.** Хъуыды кæнын зонут?

**С.** О!

**Хъ.** Ныртæккæ йæ сбæрæг кæндзыстæм.

Ис нæм дыууæ бидоны – 1 литруат æмæ 7 литруат. Суадонæй æрбахæссын хъæуы 8 литры дон, ацы дыууæ бидонæй пайда кæнгæйæ. Куыд сæмбырд кæнæм 8 литры?

*Сабитæ дзурынц алы мадзæлттæ: 1 л + 1 л + 1 л + 1 л + 1 л + 1 л + 1 л +1 л æмæ дзы рауайдзæн 8 л. Кæнæ 7 л + 1 л кæнæ, 1 л + 7 л.*

**Хъ.** Тынг хорз!

**Хатдзæг.**

**Хъ.** Цы базыдтат ногæй? Цы уæм фæкасти зын?

*23 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз!»**
**Темæ: «Бирæкъуымонтæ».**
**Нысан:**

– Бирæкъуымонты тыххæй æмбарынад ныффидар кæнын сабиты зонды. Ахуыр сæ кæнын 8-ы онг нымайын æмæ хъæзты уагæвæрдмæ гæсгæ архайын. Къуырийы бонты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Мигæнæнты цас цæуы, уый абарын, фæзыл ориентаци кæнын зонын.

– Хахгæнæн æмæ къæрандасæй архайыны арæхст-

дзинӕдтӕ рӕзын кӕнын; сӕрмагондӕй бирӕкъуымонтӕй рӕгъ аразын. Рӕзын кӕнын сабиты логикон хъуыдыкӕнынад, хъусдард, зӕрдылдард; ныхас ӕмӕ хатдзӕгтӕ кӕныны арӕхстдзинадыл кусын.

– Зын сахат сӕ искӕмӕн аххуыс кӕнын куыд фӕнда, уыцы хуызы сӕ хъомыл кӕнын. Архайын къӕйттӕй дӕр ӕмӕ иунӕджытӕй дӕр. Царды ӕдасдзинады уагӕвӕрд ӕххӕст кӕнын.

**Архайӕн фӕрӕзтӕ:**

**Цӕстуынгӕ.** Нывтӕ: асин, дзӕбӕхгӕнӕн хос, 01 номыримӕ хӕтӕл, сосавӕндагыл хъазыны бар нӕ дӕттӕг нысан. Пурти. Стъол. Цай цымынӕн 4 чашкӕйы: 1 – стыр, 1 – рӕстӕмбис ӕмӕ 2 – гыццылтӕ, 4 салфеткӕйы.

**Райуаринаг.** Алы стъолыл дӕр – 8 карточкӕйы стъӕлфытимӕ: 1-аг карточкӕйыл – 1 стъӕлф, 2-аг карточкӕйыл – 2 стъӕлфы, 3-аг карточкӕйыл – 3 стъӕлфы ӕмӕ а. д. *(стъӕлфытӕ сты геометрион фигурӕты тигътӕ ӕмӕ сыл ис номыртӕ).* Хахгӕнӕн, кърандас.

## Ахуыры нывӕст

*(Сабитӕ, кӕрӕдзийы къухтыл хӕцгӕйӕ, цӕлхдымбылӕй лӕууынц.)*

**Хъ.** Кӕрӕдзийы къухты хъарм банкъарут. Ӕххуыс уӕ куы хъӕуа, уӕд кӕдфӕнды дӕр уе 'мбӕлттӕ уӕ фарсмӕ ӕрбалӕудзысты. Зӕгъут-ма, иунӕгӕй цӕрын ӕвзӕр у?

*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*

**Хъ.** Иунӕгӕй цӕрын ӕвзӕр нӕ, фӕлӕ ма тӕссаг дӕр у. Сымах ныр хъуамӕ ӕмбарат дзырд «тасдзинад». Цымӕ цӕмӕн у иунӕгӕй цӕрын тӕссаг?

*(Сабиты дзуӕппытӕ.)*

**Хъ.** Бӕллӕхы чи бахауы, уыдонмӕ фӕхъӕуы афойнадыл

баххуыс кæнынмæ æрбацæуын.

*(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – алыхуызон предметты нывтæ: асин, хос, 01 номыримæ хæтæл, сосавæндагыл хъазыны бар нæ дæттæг нысан æмæ а. д.*

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй радзурой, куыд баххуыс кæнæн ис:*

*1) Рынчын зæронд усæн?*

*2) Арф дзыхъхъы ныххауæг сывæллонæн?*

*3) Зынгирвæзт куы уа, уæд?*

*4) Сосавæндагмæ сæ пурти кæмæн ратылдис, уыцы сывæллæттæн?*

*Дзуапп дæтгæйæ, алы сывæллон дæр равзары хъæугæ ныв, йæ дзуапп бамбарын кæны.)*

**Хъ.** Махæй чифæнды дæр тæссаг уавæры куы бахауа, уæд хъуамæ æнæмæнг искæмæ æххуысмæ фæдзура. Байхъусутма, уæдæ, иунæгæй цы стъæлф цардис, уый хабармæ.

*(Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Алы стъолыл дæр – 8 карточкæйы стъæлфытимæ: 1-аг карточкæйыл – 1 стъæлф, 2-аг карточкæйыл – 2 стъæлфы, 3-аг карточкæйыл – 3 стъæлфы æмæ а. д. Стъæлфытыл – фæд-фæдыл номыртæ, стъæлфытæ сты геометрион фигурæты тигътæ, къуымтæ. Сабитæ къæйттæй архайынц.)*

**Хъ.** Цардис æмæ уыдис Стъæлф. Ссарут иу стъæлфимæ карточкæ. Иунæгæй йын уыдис зын цæрæн, æнкъард кодта. Уæдмæ йæм фæзындис æндæр стъæлф æмæ балымæн сты. Ссарут дыууæ стъæлфимæ карточкæ æмæ сæ кърандас æмæ хахгæнæнæй баиу кæнут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Дыууæ стъæлфы тынг балымæн сты æмæ кæрæдзийæн æххуыс кодтой. Уый фæстæ æрæмбырд сты æртæ стъæлфы, цыппар, фондз æмæ а. д. Баиу кæнут стъæлфытæ радыгай кæрæдзийы фæдыл.

*(Сабитæ æххæст кæнын хæслæвæрд, ома иу саби баиу кæны 3 стъæлфы, иннæ та – 4 стъæлфы; дарддæр иу саби баиу кæны 5 стъæлфы, иннæ та – 6 стъæлфы…)*
**Хъ.** Цавæр фигурæтæ нæм рауайдзæн?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Бирæ къуымтæ кæмæн ис, уыцы фигурæтæ та схонæн ис?
**С.** Бирæкъуымонтæ.
**Хъ.** Стъæлфытæ иумæ цардысты хæларæй æмæ алкæд кæрæдзийæн æххуыс кодтой. Ныр та карточкæтæ равæрут, геометрион фигурæты къуымтæ фылдæргæнгæ куыд цæуой, ахæм уагæвæрдыл. Уæллаг рахиз къуымы фыдæн æрæвæрут чашкæ. Асмæ гæсгæ йын цавæр чашкæ равзæрстат?
**С.** Æппæты стырдæр.
**Хъ.** Бинаг рахиз къуымы мадæн æрæвæрут чашкæ. Асмæ гæсгæ йын цавæр чашкæ равзæрстат?
**С.** Рæстæмбис.
**Хъ.** Уæхицæн æмæ уæ хойæн (æфсымæрæн) та чашкæтæ æрæвæрут уæллаг æмæ бинаг галиу къуымты. Уæ чашкæтæ асæй цавæртæ сты?
**С.** Æмхуызон.
**Хъ.** Куыд æй сбæрæг кæнын хъæуы?
**С.** Иу чашкæйæ иннæмæ цай æркæндзыстæм. Дыууæ чашкæйы дæр хъуамæ æмхуызон бацæуа цай.
**Хъ.** Раст загътат. Куыд æркæнын хъæуы тæвд цай?
**С.** Цай тынг тæвд у æмæ йæ арæхсгай кæнын хъæуы.
**Хъ.** Сывæллæттæ, цæмæй дæ цай адджын уа, уый тыххæй йыл цал уидыджы ныккæнын хъæуы цæхх?
**С.** Цæхх ыл куы ныккæнæм, уæд цай цæхджын уыдзæн.
**Хъ**. Цавæр мигæнæнæй нæй хæрæн?
**С.** Афтид.
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Алы чашкæйæн дæр йæ рахиз фарс салеткæ æрæвæрут.

Салфеткæ цавæр геометрион фигурæйы æнгæс у?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хатдзæг.**
**Хъ.** Абон цавæр фигурæтимæ базонгæ стут?
**С.** Бирæкъуымонтимæ.
**Хъ.** Фондз куымы кæмæн ис, уыцы фигурæ куыд хуыйны? 6 къуымы? 7, 8?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Уæдæ куыд федтам, афтæмæй бирæкъуымоны ном баст у йæ къуымты нымæцимæ. Цы уæм фæкаст цымыдисаг? Зын та уын цы уыди?

*24 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Зондджын машинæтæ».**
**Темæ: «Нымæц 9, цифрæ 9».**
**Нысан:**

– Базонгæ кæнын цифрæ 9-имæ æмæ нымæц 9-ы арæзтимæ; нымæц 9-ы иуæгтæй бæрцон арæз-тимæ. 1-æй 9-ы онг нымад. Хæрхы тыххæй зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын. Сабитæн бамбарын кæнын предметы бæрц нымады арæзтимæ баст кæй нæу, ома кæцырдæмфæнды нымайгæйæ дæр предметты бæрц нæ ивы; нымæц бирæкъуымоны къуымты бæрцимæ æмахаст кæнын. Ахуыр сæ кæнын сæрмагондæй нымæцон тынимæ архайын. Фæзыл предметы равæрд сбæрæг кæнын (галиуæрдæм, рахизæрдæм.)

– Хатдзæгтæ кæныны, анализ кæныны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын; сæрмагондæй къæйттæй архайын; рæзын кæнын сабиты хъусдард, зæрдылдард æмæ ныхас.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** «Зондджын машинæты» 9 предметон нывы (миксер, рыгцъирæн, телевизор, уазалгæнæн, компью-

тер, къофиссæн, магнитофон, фен, гæрзтæхсæн машинæ). Нывтæн сæ иннæ фарс, 3-йæ 9-ы онг къуымтимæ геометрион фигурæты нывтæ. 1-æй 9-ы онг цифрæты æмбырд æмæ хицæнæй – 9 иуæджы (единицы). Нымæцон тын. Тырысайы схематикон нывимæ карточкæ.
**Райуаринаг.** Нымайæн къæбæлты æмбырд, бæттæнтæ, 1-æй 9-ы онг цифрæтæ.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цавæр архайд кæнын зонут?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Æмæ хъуыды кæнын та?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Хорз, сымах стут зондджын сабитæ æмæ цымæ «зондджын машинæтæ» дæр вæййы?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
*(Гауызыл – нывты хæрх. Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй нывты хæрхæй равзарой «зондджын машинæтæ», сæ архайд æмбарын кæнгæйæ. Сабитæ равзарынц 8 ныйы, зæгъæм: миксер, гæрзтæхсæн машинæ, магнитофон, къофиссæн, уазалгæнæн, телевизор, компьютер, фен. Нывтæ равæрынц æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, иннæтæ та айсынц.)*
**Хъ.** Цал ныйы равзæрстат, банымайут сæ.
**С.** Æдæппæтæй аст ныйы.
**Хъ.** Гауызыл цы нывты хæрх уыдис, уый фæкъаддæр? Куыдæй фæкъаддæр?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** *(дзуры уыци-уыци).* «Уаты алырдæм цæуы,
Рыгтæ, быгъæтæ ’мбырд кæны». Уый цы у?
**С.** Рыгцъирæн.
**Хъ.** Рыгцъирæн «зондджын машинæ» у?

**С.** О!

*(Хъомылгæнæг равæры рыгцъирæны ныв.)*

**Хъ.** Цал нывы уыдис æрмæгæвдисæн фæйнæгыл?

**С.** 8 нывы.

**Хъ.** Цал нывы ма сæм бафтыдтам?

**С.** 1 ныв.

**Хъ.** Цал сты ныр нывтæ?

**С.** Фараст.

**Хъ.** Куыд рауад нымæц 9?

**С.** Астмæ иу бафтыдтам æмæ дзы фараст рауад.

**Хъ.** Рыгцъирæнимæ цал нывы райстам?

**С.** Иу. *(Нывы фарсмæ æрæвæрынц цифрæ 1.)*

**Хъ.** Гæрзтæхсæн машинæйы нывтæ та нæм цал ис?

**С.** Иу (æмæ а. д.).

*(Алы нывы фарсмæ дæр æрæвæрынц цифрæ 1.)*

**Хъ.** Нæ нывтæ æдæппæтæй цал сты?

**С.** Фараст нывы.

**Хъ.** Нывтæ сты иуæгтæ, æдæппæтæй та сты…

**С.** Фараст.

**Хъ.** Уæдæ фараст – уый у…

**С.** Фараст – уый у 1, 1, 1, 1, 1, 1, 1, 1, 1.

**Хъ.** Цифрæты ’хсæн ссарут цифрæ 9 æмæ йæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æрæвæрут. *(Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй нывтæ нымайой галиуæрдыгæй рахизæрдæм, рахизæрдыгæй – галиуæрдæм. Саби-тæ скæнынц хатдзæг: кæцырдæм фæнды нымайгæйæ: дæр фæс-тиуæг нæ ивы.)*

**З/хъазт «Ссар къай».**

*Алы сывæллон дæр йæ къухмæ райсы «зондджын машинæйы» ныв. Иннæрдæм сæ æрзилынц æмæ фе-нынц геометрион фигурæтæ (3-йæ 9-ы онг) кæнæ 1-æй 9-ы онг цифрæтæ. Уыцы хуызы дыууæ командæйыл дих кæнынц. Музыкæмæ гæсгæ сабитæ змæлынц æмæ сæхицæн*

*къæйттæ ссарынц – бирæкъуымоны къуымты бæрцмæ гæсгæ. Сабитæ æрбадынц æрмæгæвдисæн фæйнæджы раз, фæйнæгыл – нымæцон тын. Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй нымæцон тыныл равдисой нымæц 6 (7, 8, 9) куыд рауайы, уый. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, цæй æнгæс у цифрæ 9?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Зæгъут къуырийы фарæстæм бон.

**С.** Ахæм бон нæй – къуырийы ис 7 боны.

**Хъ.** Райсут 9 нымайæн къæбæлы æмæ хуызæгмæ гæсгæ тырыса саразут. Кæцырдæм здæхт у тырыса?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Ныр та иу къæбæл æндæрхуызон æрæвæрут, цæмæй тырыса уа галиуæрдæм здæхт.



*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хатдзæг.**

**Хъ.** «Зондджын машинæты» руаджы цавæр нымæцонимæ базонгæ стæм?

**С.** Нымæцон 9-имæ.

**Хъ.** Куыд рауадис нымæц 9?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Уæ зæрдæмæ цы фæцыдис? Зын уæм цы фæкаст?

*25 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Космос».**

**Темæ: «Конусимæ зонгæ кæнын».**

**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын конусимæ, йæ миниуджытимæ. Ныффидар кæнын куб æмæ шары

тыххæй зонындзинæдтæ. Базонгæ кæнын æмбарынад «хахныв»-имæ (чертеж).

– Рæзын кæнын 9-ы онг нымайыны фæлтæрддзинад; рæстæг æмæ тыгъдады ориентаци кæнын. Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад æмæ ныхас; сæ алфамбылай чи ис, уыдонæн сæ æххуыс кæнын куыд фæнда, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** 1 шар, 1 конус, 4 гыццыл кубы æмæ 2 стыр кубы, пирамидæ, гуыркъо, стъалынымайæджы худ (колпак), уырыдзы, геометрион фигурæтæн 2 гыццыл хæдзары.

**Райуаринаг.** 0-æй 9-ы онг цифрæтæ, геометрион фигурæтæ.

## Ахуыры нывæст

*(Сабитæ гауызыл бадынц.)*

**Хъ.** Ныртæккæ мах кæм стæм, цы ран?

**С.** Мах стæм планетæ Зæххыл.

**Хъ.** Нæ планетæ та кæм ис?

**С.** Космосы.

**Хъ.** Космосы æрмæстдæр мах планетæ ис?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Фæнды уæ æндæр планетæмæ атæхын?

**С.** О!

**Хъ.** Æндæр планетæмæ атæхынæн цы хъæуы?

**С.** Космосон нау кæнæ ракетæ.

**Хъ.** *(зæгъы сабитæн, цæмæй æркæсой гуырахстджын фигурæтæм: 1 шар, 1 конус, 4 гыццыл æмæ 2 стыр кубы).* Ацы фигурæтæй ракетæ саразæн ис?

**С.** О!

**Хъ.** Райсут сæ æмæ дзы саразут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд æмæ скæнынц хатдзæг: шар амайынæн нæ бæззы, уымæн æмæ йын нæй*

*тигътæ, фæрстæ.)*

**Хъ.** Ис нæм ракетæ. Цæттæ стæм тæхынмæ?

*(Зæлы космосон музыкæ.)*

**Хъ.** Къуырийы бонтæй кæцы у абон? Кæцы мæй æмæ нымæцы атæхдзыстæм? Райдыдтам фæстæмæ нымад.

*(Сабитæ кæрæдзийы къухтыл æрхæцынц æмæ сæ цæстытæ бацъынд кæнынц.)*

**С.** 10, 9, 8, …. 1, 0, старт!

*(Сабитæн сæ цæстытыл уайы, цыма «стахтысты», музыкæ куы фæцис, уæд та «æрбадтысты».)*

**Хъ.** Уæдæ фестадыстæм æндæр планетæйы. *(Сабиты раз – геометрион фигурæты хæрх.)*

**Хъ.** Цымæ ацы планетæ цы хуыйны?

**С.** Геометрион фигурæты планетæ.

**Хъ.** Цавæр фигурæтæ сты, ранымайут сæ.

*(Сабитæ ранымайынц, фигурæтæй кæцытæ зонынц, уыдон æмæ æрцæуынц хатдзæгмæ: иу фигурæ дзы нæ зонынц.)*

**Хъ.** Ацы фигурæ хуыйны конус. Цæй æнгæс у?

*(Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй æркæсой сæ разы уыцы предметтæм æмæ дзы, конусы хуызæн кæцытæ сты, уыдон равзарой. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд æмæ равзарынц: пирамидæ, назы гуыркъо, стъалыныма-йæджы худ, уырыдзы æмæ а. д.)*

**Хъ.** Дзырд «конус» рацыд грекъаг дзырд «гуыркъо»-йæ, уымæн æмæ конус у гуыркъойы хуызон. Нæ ракетæ цы фигурæтæй арæзт у, уыдон ацы планетæйы фигурæтæй истæмæй хицæн кæнынц?

**С.** О!

**Хъ.** Цымæ цæмæй? *(Райсы гæххæттæй арæзт ракетæйы корпусы модель. Конусы модель æрзилы, йæ цыргъ бын-æрдæм куыд уа, афтæ.)* Зæгъут-ма, конусы хуылфы, йæ мидæг исты сæвæрæн ис?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

*(Дарддæр хъомылгæнæг конусы модель стъолмæ нылхъывта æмæ конус æртъæпæн – йæ гуырахст фесæфта. Сабитæ хъомылгæнæджы архайдмæ сæ хъус дарынц.)*

**Хъ.** Ацы фигурæйы мидæг ма ныр исты сæвæрæн ис?

**С.** Нæ, уымæн æмæ æртъæпæн.

**Хъ.** Æцæгæйдæр, фигурæ æртъæпæн æмæ йæ гуырахст фесæфта. Гуырахст цы фигурætæн нæй, уыдон сты фæзон (плоские) фигурætæ. Уæдæ цавæр фигурætæ цæры ацы планетæйы?

**С.** Ацы планетæйы цæры фæзон фигурætæ.

**Хъ.** Нæ ракетæ та цавæр фигурætæй арæзт у?

**С.** Нæ ракетæ у гуырахстджын фигурætæй арæзт.

**Хъ.** Ацы планетæйы цæрджыты дæр фæнды ахæм ракетæ саразын.

*Цавæрфæнды фигурæйы формæ кæнæ конструкцийы сурæт скæнынæн дæр хъæуы спайда кæнын æртæ бакастæй: разæй бакаст, уæлæрдыгæй æмæ фæрсæрдыгæй (галиуæрдыгæй кæнæ рахизæрдыгæй) бакаст. Ахæм ныв хуыйны хахныв (чертеж). Хахныв скæнæн ис цæттæ геометрион фигурætæй.*

*Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц æмæ цæттæ фæзон геометрион фигурætæй аразынц конусы моделы хахныв, пайда кæнынц æмиас æмæ æмхуызон 2 æртæкъуымонæй æмæ зиллаккæй.*



*Уыцы хуызы иртасæн куыст бакæнынц гуырахстон фигурæ – кубæн, дарддæр цæттæ геометрион фигурætæй аразынц кубы моделы хахныв.*



*Дарддæр сабитæ ракетæ ног æрæмбырд кæнынц.*

**Хъ.** Ракетæ саразынæн та цавæр фигурæйæ не 'спайда кодтам?

**С.** Шарæй.

**Хъ.** Ахъуыды кæнут æмæ саразут шары хахныв.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Дарддæр хъомылгæнæг æмæ сабитæ скæнынц хатдзæг: гуырахстджын фигурæты хахнывтæ аразæн ис фæзон фигурæтæй.)*



**Хъ.** Алы деталы хахныв дæр сарæзтам æмæ ныр нæ бон у ракетæйы хуымæтæг схемæ кæнын.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд – фæзон фигурæтæй аразынц ракетæйы хуымæтæг схемæ.)*

**Хъ.** Мах иумæ сбæрæг кодтам, фигурæтæ кæй вæййынц фæзон æмæ гуырахстджын. Ацы планетæйы цæрджытæ – фигурæтæ кæрæдзийæ цæмæйдæр хицæн кæнынц. Цæмæй?

*(Хъомылгæнæг зæгъы, цæмæй æркæсой, стъолыл цы фæзон геометрион фигурæтæ ис, уыдонмæ. Фигурæтæ иууылдæр алыхуызон сты сæ хуыз, ас, конд, формæмæ гæсгæ, æрвхуыз квадраттæ æмæ сырх æртæкъуымонтæй фæстæмæ.)*

**С.** Ацы фигурæтæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц хуыз, формæ æмæ асæй.

**Д./хъазт «Ссар дæ хæдзар».**

**Хъ.** Геометрион фигурæтæн баххуыс кæнут сæ хæдзæрттæм бахауынмæ. *(Равдисы сабитæм дыууæ хæдзары.)*

**Хъ.** Ацы хæдзары цавæр фигурæтæ цæры? Ацы хæдзары цæры алыхуызон фигурæтæ, сырхытæ æмæ квадраттæй фæстæмæ, уымæн æмæ хæдзарыл уыцы нысантæ сты хахгонд.

**Хъ.** Дыккаг хæдзары та цавæр фигурæтæ нæ цæры?

**С.** Дыккаг хæдзары нæ цæры æрвхуызтæ æмæ

æртæкъуымонтæ, уымæн æмæ сæ нысантæ хаххгонд сты.
*(Сабитæ стъолæй райсынц фæйнæ геометрион фигурæйы æмæ сæ хæдзæртты «æрцæрын кæнынц» ома сæ хæдзæртты фарсмæ æрæвæрынц). Сæхæдæг дæр æрлæууынц, сæ фигурæтæ кæм «цæрынц», уыцы хæдзæртты фарсмæ. Уыцы хуызы сабитæ дих кæнынц дыуувæ командæйыл.)*
**Хъ.** Фигурæтæ æнæ нымайгæйæ нæ бон сбæрæг кæнын у, алы хæдзары дæр цал фигурæйы ис, уый?
*(Сабитæ сæхæдæг хъуамæ базоной, фæфиппайой, хæдзæртты фарсмæ лæууæг сабитæ цал сты, хæдзæртты уал фигурæйы кæй ис. Уымæн æмæ алы сывæллон дæр иу фигурæ æрæвæрдта. Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сæ хъомылгæнæг фæрсы: «Цал фигурæйы æрæвæрдта алы сывæллон дæр?» Уыцы хуызы сабитæ сбæрæг кæнынц, æнæнымайгæйæ, фигурæты нымæц. Дарддæр ссарынц хъæугæ цифрæтæ æмæ сæ хæдзæртты фарсмæ æрæвæрынц.)*
**Хъ.** Кæцы хæдзары ис фылдæр цæрджытæ, кæцыйы та – къаддæр? Цал фылдæр? Куыд æй сбæрæг кæнæм?
*(Сабиты дзуæппытæ.* Къæйттæй *æрлæууынц æмæ уыцы хуызы сбæрæг кæнынц, кæцы хæдзары ис фылдæр цæрджытæ æмæ цал фылдæр сты, уый.)*
**Д/хъазт «Зондабитæ».**
**Хъ.** Ацы планетæйы цæрджытæ хъазын нæ зонынц. Сахуыр сæ кæнæм?
*(Сабитæй алчи дæр райсы къонверт, къонверты – 0-æй 9-ы онг цифрæтæ, геометрион фигурæты хæрх æмæ хуызæг. Хуызæгмæ гæсгæ равæрын хъæуы ныв. Сабитæ хуызæгтæм гæсгæ аразынц нывтæ, цал геометрион фигурæйæ спайда кодтой, уый сбæрæг кæнынц æмæ йæ хъæугæ цифрæйæ фæнысан кæнынц.)*
**Хъ.** Ацы планетæйы цæрджытæ бирæ зонындзинæдтæ

райстой сымах фæрцы æмæ уын арфæ кæнынц. Сымахæн дæр уæ зæрдæмæ фæцыдис уазæгуаты?
**С.** О!
**Хъ.** Уазæгуаты хорз у, фæлæ хæдзары – хуыздæр. Махæн дæр фæстæмæ здæхын афон у.
*(Сабитæ та ракетæйы алыварс æрлæууынц, сæ цæстытæ бацъынд кæнынц æмæ фæстæрдæм банымайынц: 10-æй 0-ы онг, старт! Зæлы космосон музыкæ, стæй музыкæ фæхъус вæййы, æмæ сабитæ фæстæмæ Зæхмæ «æрыздæхынц», байгом кæнынц сæ цæстытæ.)*
**Хъ.** Уæ зæрдæмæ фæцыдис уæ балц? Цы базыдтат ногæй? Кæмæн баххуыс кодтат?

*26 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Мæргътæ».**
**Темæ: «Нымæц 10».**
**Нысан:**

– Ныффидар кæнын нымæц 10-ы арæзт. Сабиты базонгæ кæнын нымæц 10-ы нысанимæ, 10-ы иуæгтæй арæзтимæ. Ахуыр сæ кæнын, нымæцон тынæй пайда кæнгæйæ, нымайын 1-æй 10-ы онг æмæ фæстæмæ; фылдæр кæнæ къаддæр нымæцтæ ссарын. Ныффидар кæнын фæзон фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ. Дарддæр сæ ахуыр кæнын фæз æмæ тыгъдады ориентаци кæнын (рахизæрдæм, галиуæрдæм, уæлæрдæм, дæлæрдæм.)
– Рæзын кæнын логикон хъуыдыкæнынад, хъусдард, мысæнуат, ныхас. Ахуыр сæ кæнын хæстæ æмæ хæслæвæрдтæ æххæст кæнын, хатдзæгтæ кæнын, схемæтимæ архайын, хи хъуыдытæ дзурын.
– Куыд архайой, кæрæдзийы æмбаргæйæ æмæ кæрæдзийæн æххуыс кæнгæйæ уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын. Цардæгас æрдзмæ сæ цымыдис кæнын, аудгæ

цæстæй йæм куыд кæсой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** 10 алыхуызон мæргъты нывтæ, 0-æй 9-ы он8 цифрæтæ æмæ дæс иуæгтæ. Нымæцон тын. Нарæг æмæ фæтæн мигæнæнтæ, агуывзæ, нартхор кæнæ мæнæу (2 агуывзæйы). 10 квадратæй арæзт хъазæн фæз, квадраттыл фæд-фæдыл номыртæ æвæрд. Нымайæн къæбæлтæй хъазынæн хæдзары хуызæг.

**Райуаринаг.** Гуырахстджын фигурæтæ (шар-тымбылæг, куб, конус), уыцы фигурæтæн сæ «хуызистытæ» (хуызæй – иу). Хъазт «Гæркъæраджы ссар»-æн – схемæ-игровизор, хъазт «Цыппæрæм уæлдай»-æн – хæслæвæрдтимæ карточкæтæ, 10 нымайæн къæбæлы.

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Ныртæккæ цавæр афæдзы афон у?
**С.** Уалдзæг.
**Хъ.** Уалдзæджы æрдз куыд аивы?
*(Сабиты дзуæппытæ. Æрхæстæг сæ кæнын ахæм дзуапмæ: уалдзæджы мæргътæ хъарм бæстæй æрбаздæхынц. Сабитæ гауызыл æрбадынц æмæ æххæст кæнынц æнгуылдзты гимнастикæ.)*
**С.** Саджилкъæдзил зæрватыкк
Дард бæстæй æртахт.
Кæм уыд, уый нæ загъта,
Хæслæвæрд æрхаста.

*(Стыр æнгуылдзтæ кæрæдзийы æддæг-мидæг – уый у цъиуы сæр. Армытъæпæнтæ – базыртæ. Сабитæ къухызмæлдæй æвдисынц цъиуы тахт.*
*Гауызыл – алыхуызон нывтæ. Цъиуы ном чи фæзæгъы, уый йын йæ ныв фæйнæгыл авæры.)*

**Хъ.** Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æдæппæтæй цал цъиуы ис?
**С.** Фараст цъиуы.
*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры зæрватыччы ныв.)*
**Хъ.** Ымайгæйæ зæрватыкк кæцы у?
**С.** Нымайгæйæ зæрватыкк у дæсæм.
**Хъ.** Куыд рауадис нымæц 10?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Куыд нысангонд цæуы нымæц 10?
*(Сабиты дзуæппытæ. Сабитæй иу цифрæты хæрхæй равзары цифрæтæ 1 æмæ 0, кæцытæй нысангонд цæуы нымæц 10. Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры нымæц 10.)*
**Хъ.** Уæдæ æдæппæтæй æрмæгæвдисæн фæйнæгыл цал цъиуы ис?
**С.** Æдæппæтæй дæс цъиуы.
**Хъ.** Ранымайут фæд-фæдыл, цъиутæ цавæртæ æмæ цалгæйттæ сты, уый.
*(Сабитæ дзурынц: иу митмитгæнаг, иу сырддонцъиу, иу бæлон, иу цæргæс æмæ а.д. Дзургæйæ алы цъиуы нывы фарсмæ дæр æрæвæрынц цифрæ 1.)*
**Хъ.** Уæдæ дæс – уый у…?
*(Хъомылгæнæг амоны иуæгтæм, сабитæ та дзуапп дæттынц.)*
**С.** Дæс – уый у 1, 1, 1, 1, 1, 1, 1, 1, 1, 1.
*(Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры нымæцон тын.)*
**Хъ.** Нымæцон тыныл кæцы ран ис нымæц 10?
**С.** Нымæц 10 ис нымæц 9-ы рахиз фарс. *(Сабитæй иу нымæцон тыныл æвдисы нымæц 10.)*
**Хъ.** Нæ зæрватыкк 10-ы онг нымайын зоны. Цымæ нын цавæр дзуапп раттид, куы йæ бафæрсæм, 10-æй къаддæр, фæлæ 5-æй фылдæр цавæр нымæцтæ сты, зæгъгæ, уæд?

*(Сабитæ дзуапп дæттынц.)*
**С.** Уыцы нымæцтæ сты 6, 7, 8, 9.
**Хъ.** Ранымайут 3-йæ фылдæр, фæлæ 7-æй къаддæр нымæцтæ.
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Æмæ цымæ нæ зæрватыкк 10-æй 0-ы онг куыд банымаид?
*(Сабитæ цалдæр хатты, нымæцон тынмæ кæсгæйæ, 10-æй 0-ы онг нымайынц, уый фæстæ та – æнæ нымæцон тынæй.)*
**З/хъазт «Ссар дæ хæдзар».**
*(Стъолыл – карточкæтæ, карточкæтыл – гуырахстджын фигурæты (шар, куб, конус) «хуызистытæ», хуызæй – алыхуызон. Сабитæ райсынц фæйнæ иу карточкæйы. Гауызыл – гуырахстджын фигурæтæ, карточкæты фигурæтимæ хуызæй иу: шар (тымбылæг), куб, конус. Уыдон сты мæргъты хæдзæрттæ. Равзарынц амонæг – цæргæс. Зæлы музыкæ. Сабитæ-цъиутæ «тæхынц». Музыкæ фенцайы, æмæ сабитæ сæ хæдзæрттæм атындзынц – сæ карточкæтæ хæдзæртты фарсмæ æрæвæрынц. Амонæг – цæргæс сбæрæг кæны, кæддæра мæргътæ сæ хæдзæрттæ раст сардтой: «хуызистытæ» хъуамæ хуызæй дæр иу уой. Хъазт фæлхатгонд цæуы 2 хатты, амонæг ивд æрцæуы.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, мæргътæн хæринаг дæттын уарзут? Цы хæрынц мæргътæ?
*(Сабиты дзуæппытæ. Сабитæ гауызыл стъолы алыварс æрбадынц, стъолыл – нарæг æмæ фæтæн мигæнæнтæ. Сабитæй иу агуывзæ нæмыгæй байдзаг кæны æмæ йæ нарæг мигæнæны ныккæны, дарддæр иннæ сывæллон уыцы агуывзæ нæмыгæй байдзаг кæны æмæ йæ фæтæн мигæнæны ныккæны.)*
**Хъ.** Нæмгуытæ фылдæр кæцы ран ис?
*(Сабитæ сæ хъуыдытæ дзурынц æмæ хатдзæг скæнынц:*

*нæмгуытæ сты æмбæрц – фæйнæ иу агуывзæйы. Фæлæ мигæнæнтæн сæ формæ алыхуызон кæй у, уымæ гæсгæ æмбæрц нæ зынынц. Нæмгуытæ сты æмбæрц, уымæн æмæ сæм нæ æфтаугæ бакодтам, нæ дзы исгæ скодтам.)*
**Хъ.** Куыд сбæрæг кæнæм, нæмгуытæ æмбæрц сты, уый?
*Дзуæппыты варианттæ:*
*1) Фæстæмæ сæ æмхуызон мигæнæнтæм æркалыл;*
*2) Нæмгуытæ барæнæй сбарын.)*
*Сабитæ хъомылгæнæгимæ хатдзæг скæнынц: нæмгуыты бæрц мигæнæны формæимæ баст нæу.*
**Д/хъазт «Зæрватыччы ссар».**
*(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – 10 квадратæй арæзт хъазæн фæз, квадраттыл – номыртæ æвæрд.)*

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |

*Зæрватыкк, хъомылгæнæджы хæслæвæрдмæ гæсгæ, чырæгтыл (квадраттыл) цæуы рахизæрдæм, галиуæрдæм, уæлæрдæм, дæлæрдæм.)*
*Зæгъæм: Зæрватыкк бады 7-æм квадраты. Дарддæр атахт иу чырæг уæлдæр, 3 чырæджы – рахизæрдæм, чырæг – бынмæ. Кæцы ран ис зæрватыкк? (10-æмы). Уыцы хуызы хъомылгæнæг ратты 2-аг хæслæвæрд. Сабитæ сæ цæст дарынц (следят), зæрватыкк хъазæн фæзы кæцырдæм цæуы, уымæ. Дарддæр сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц, стъолтыл алкæмæн – зæрватыччы змæлды схемæ.*
**1. Хæслæвæрд.**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 ↑ | 2 → | 1 ↓ | 2 → | 1 ↑ | 3 ← |

**Хъ.** Ныртæккæ ис 2-аг квадраты.
**2. Хæслæвæрд.**

**Д/хъазт «Цыппæрæм – уæлдай».**

*(Игровизорæй пайда кæнгæйæ æмæ уæлдай предмет хахгæнгæйæ, сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

1) Æртæкъуымон квадрат, зиллакк, расткъуымон;

2) Трапеци, ромб, цыппаркъуымон, фондзкъуымон;

3) Æртæкъуымон, зиллакк, конус, трапеци.

*(Дарддæр сабитæ сæ архайд æмбарын кæнынц; цавæр фигурæ цæмæн ахахх кодтой.)*

**3. Хæслæвæрд.**

**Хъ.** Снымайут 10 къæбæлы æмæ, хуызæгмæ гæсгæ, мæргътæн хæдзар (скворечник) саразут. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** 2 къæбæлы дзы æндæрхуызон æрæвæрут, цæмæй хæдзар иннæрдæм æрзила.

**Хатдзæг.**

**Хъ.** Цавæр нымæцимæ базонгæ стæм абон? Куыд рауайы нымæц 10? Цы базыдтат ногæй? Цымыдисаг уæм цы фæкаст? Зын уæм цы фæкаст?

*27 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Сасчытæ».**

**Темæ: «Нысæнттæ « > » « < ».**

**Нысан:**

– Дарддæр сабиты ахуыр кæнын абарсты терминтæй пайда кæнын − «фылдæр», «къаддæр», «æмбæрц»; базонгæ сæ кæнын абарсты нысантимæ − «>», «<». Ныффидар кæнын нымайыны фæлтæрддзинад; геометрион фигурæтæй аразын «змæлгæ модельтæ» (подвижные модели), тыгъдад æмæ рæстæджы ориентаци кæнын *(рахиз, галиу)*, æмбарынæдтæ «знон», «абон», «райсом».

– Фидар кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынады быиндуртæ; анализ æмæ сын хатдзæгтæ кæнын амо-

нын; рæзын сын кæнын сæ фæлгæнæн, хъусдард, ныхас.

– Цардæгас æрдзмæ зæрдæхæлар æмæ аудгæ цæстæй куыд кæсой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** 0-æй 9-ы онг цифрæты æмбырд. Абарынæн нывтæ: 5 гæлæбуйы æмæ 4 гæлæбуйы, 3 мыдыбындзы æмæ 4 мыдыбындзы, нысæнттæ « > », « < ».

**Райуаринаг.** 10 æртæкъуымоны, нымайæн къæбæлтæ, цифрæтæ 3, 4, 4, 5, 6. Бæрæг геометрион фигурæты нывтимæ карточкæтæ 1-æй 10-ы онг. Æхсæз æмæ аст змæлгæ цæгтæй арæзт раст хæххыты модельтæ.

## Ахуыры нывæст

*Хъомылгæнæг сабиты гауызыл æрбамбырд кæны æмæ сын зæгъы, цæмæй байхъусой «нымайæнмæ» (считалка).*

**Хъ.** Лæмбынæг байхъусут æмæ зæгъут, знон нæм сасчытæй цал æртахт, уый.

*Знон Бындзоймæ уазæгуаты*
*Мыдыбындз фæзынд.*
*Йæ хæдфæстæ, дывдывгæнгæ,*
*Дыдын дæр уым уыд.*

*Стæй сæ фæстæ цъырцъыраг*
*Цъырцъыргæнгæ æртахт.*
*Уый фæстæ рæсугъд гæлæбу*
*Сабыргай æрбадт.*

*Уалынмæ фæзындысты*
*Хъæдхой æмæ сауцъиу;*
*Æмæ иумæ ’ртахтысты*
*Булæмæргъ, сырддонцъиу.*

**С.** Сасчытæ уыдысты цыппар, иннæ цыппар та уыдысты цъиутæ!
**Хъ.** Тынг хорз! Знон къуырийы цавæр бон уыдис?
**С.** Дыццæг.
**Хъ.** Цæмæн?
**С.** Уымæн æмæ абон у æртыццæг.
**Хъ.** Уæд райсом къуырийы цавæр бон уыдзæн?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
*(Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Стъолтыл æртæхъуымонты набор, нымайæн къæбæлтæ, цифратæ: 3, 4, 4, 5, 6.)*
**Хъ.** Сасчытæй цал банымадтат, уæ разы стъолтыл галиуæрдыгæй уал æртæкъуымоны æрæвæрут.
*(Сабитæ 4 æртæкъуымоны равæрынц.)*
**Хъ.** Æртæкъуымонтæ кæцырдыгæй ис фылдæр, рахизæрдыгæй æви галиуæрдыгæй?
*(Сабитæ æртæкъуымонты бæрц абарынц æмæ хатдзæг скæнынц – фигурæтæ æмбæрц сты.)*
**Хъ.** Нымайæн къæбæлтæй куыд равдисæм «æмбæрцад»?
*(Сабитæ фигурæты ’хсæн нымайæн къæбæлтæй равæрынц æмбæрцады нысан « = ».)*
**Хъ.** Цал æртæкъуымоны ис галиуæрдыгæй?
**С.** Цыппар æртæкъуымоны.
**Хъ.** Ссарут цифрæ 4 æмæ йæ галиуæрдыгæй уæ разы æрæвæрут.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цал æртæкъуымоны ис рахизæрдыгæй?
**С.** Цыппар æртæкъуымоны.
**Хъ.** Ссарут ма ноджы иу цифрæ 4 æмæ йæ рахизæрдыгæй уæ разы æрæвæрут. Цы уæм рауайдзæн?
**С.** Рауайдзæнис нæм ахæм фыст 4 = 4.
**Хъ.** Галиуæрдыгæй 1 æртæкъуымон бафтаут.
Æртæкъуымонтæ фылдæр кæцырдыгæй сты? Къаддæр та?

**С.** Ӕртæкъуымонтæ галиуæрдыгæй фылдæр сты, рахизæрдыгæй та – къаддæр.
**Хъ.** Нымайæн къæбæлтæй уый куыд равдисæм?
*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ. Сабиты æркæнын иу дзуапмæ: æртæкъуымонтæ фылдæр кæцырдыгæй сты, уыцырдæм нымайæн къæбæлтыл фæйнæрдæм ахæцын хъæуы (раздвинуть счетные палочки). Стъолыл рауайдзæн ахæм ныв:*



*Сабитæ æртæкъуымонтæ цифрætæй фæнысан кæнынц æмæ дзы рауайы ахæм фыст: 5 > 4. Уыцы хуызы архайгæйæ равæрынц фыст 5 < 6.*
*Хъомылгæнæг æмæ сабитæ хатдзæг скæнынц: нысантæ « > » æмæ « < » хъæуынц предметты бæрц æмæ алыхуы-зон нымæцтæ абарынæн. Хъомылгæнæг сабитæн ратты 2–3 хæслæвæрды: æрмæгæвдисæн фæйнæгыл, нымæцон тынæй пайда кæнгæйæ, нымæцты ‘хсæн сæвæрын нысан > кæнæ – < .*

3 … 4   6 … 5
3. … 4 … 5

*Сабитæй иу фæйнæгыл архайы. Хъомылгæнæг ратты ног хæслæвæрд: 5 нымайæн къæбæлæй саразын 1 цыппаркъуымон æмæ 2 æртæхъуымоны.*
**Змæлгæ хъазт «Ссар дæ хæдзар».**
*Ӕвзæрст æрцæуы амонæг. Иннæ сабитæй алчи йæ карточкæ райсы, карточкæтыл – геометрион фигурæты (предметы) нывтæ. Сабитæ сæ банымайынц æмæ музыкæмæ гæсгæ мыдыбындзыты змæлд æвдисынц. «Мыдыбындзытæн» гауызыл цифрæтæ æвæрд. Музыкæ фæхъус вæййы, æмæ сабитæ сæ хæдзæрттæм – цифрæтæм базгъорынц æмæ сæ карточкæтæ цифрæты фарсмæ æрæвæрынц.*
*Амонæг æркæсы æмæ сбæрæг кæны, мыдыбындзытæ*

*сæ хæдзæрттæ раст ссардтой æви нæ, уый. Хъазт фæлхатгонд цæуы 2 хатты.*

*Сабитæ гауызыл æрбадынц.*

*Гауызыл – раст хæххыты змæлгæ модельтæ. Алы раст хаххы модель дæр у æхсæз æмиас хайæ (цæгтæй) арæзт. Модельтæй иутæн сæ хæйттæ (цæгтæ) − даргъдæр (цыбырдæр) иннæ модельты цæгтæй. Алы сабимæ дæр – иу змæлгæ модель. Сабитæ къæйттæй архайынц: раст хæххыты модельтæн сæ дæргъ абарынц æмæ хатдзæг скæнынц: змæлгæ модельтæн кæд сæ цæгты бæрц æмхуызон у, уæддæр сæ дæргъ иу, ома æмхуызон, нæу, уымæн æмæ алыхуызон модельтæн сæ цæгты дæргъ алыхуызон у.)*

**Хъ.** Зæгъут-ма, мыдыбындзæн цал къахы ис? Гæлæбуйæн? Бындзæн?..

**С.** Æхсæз.

**Хъ.** Алы къах дæр фæнысан кæнæм змæлгæ моделы «цæгæй» æмæ саразæм геометрион фигурæтæ. Кæд саскæн 6 къахы ис, уæд фигурæйæн та цал фарсы уыдзæн?

**С.** Фигурæйæн 6 фарсы уыдзæн.

**Хъ.** Саразут уæдæ ахæм фигурæ. Цавæр фигурæ дзы рауайдзæн?

**С.** Æхсæзкъуымон.

**Хъ.** Ацы фигурæ æхсæзкъуымон цæмæн хуыйны?

**С.** Уымæн æмæ йын 6 къуымы ис.

**Хъ.** Фигурæйæн бирæ къуымтæ куы уа, уæд ахæм фигурæ куыд схондзыстæм?

**С.** Бирæкъуымон.

**Хъ.** Æмæ уæд æхсæзкъуымон фигурæйæн бирæкъуымон схонæн ис? Цавæр фигурæтæ ма схонæн ис бирæкъуымонтæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** *(амоны дыуулæ, асæй алыхуызон, æхсæзкъуымонмæ).* Ацы фигурæтæн сæ фæрстæ æмæ сæ къуымты бæрц æмхуызон у?

**С.** О, æмхуызон.
**Хъ.** Уæд асæй та цавæртæ сты?
**С.** Асæй алыхуызон сты. Иу – гыццыл, иннæ та – стыр.
**Хъ.** Цæмæн?
**С.** Стыр æхсæзкъуымонæн йæ фæрстæ даргъдæр сты, уымæ гæсгæ фигурæ дæр у стырдæр.
**Хъ.** Цавæр фигурæтæ ма саразæн ис ацы модельтæй?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Цавæр фигурæтæн нæй къуымтæ?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Хорз сарæхстыстут хæслæвæрдтимæ, ныр та байхъусут æмæ раст нымайут.

1) Донмæ хæстæг хæмпæлты
Иумæ цæрынц хъæндилтæ:
Лæппын йæ мад, йæ фыдимæ,
Цал уыдзысты цымæ иумæ?

2) 9 цъиуы нæм æртахтис
Сæ иу рудзынгыл æрбадтис.
Иннæтæ хæларæй иумæ
Стахтысты хæдзары сæрмæ.
Æмæ банымайæм ныр,
Цалæй бадынц цъиутæ уым?

3) Мæлдзыджытæ иумæ,
Рацыдысты зиумæ.
’Ртæйæ кæрдæджы хал хастой
Сæ иу хъæмпы хæлттæ ласта.
Аккой кодта сындз сæ иу,
Цал мæлдзыджы скодтой зиу?

**Хатдзæг.**
**Хъ.** Абон ногæй цы базыдтат? Цымыдисаг уæм цы фæкаст? Зынæй та уæм дзы цы фæкаст?

**Иумæйаг темæ: «Уæлахизы Бон»**
**Темæ: «Цилиндр».**
**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын гуырахстджын фигурæ «цилиндр»-имæ. Дарддæр сæ ахуыр кæнын абарсты терминтæй пайда кæнын: «фылдæр», «къаддæр», «æмбæрц» («æмиасад»). 10-ы онг раст æмæ фæстæрдæм нымад ныффидар кæнын.
– Предметтæ сæ асмæ гæсгæ стырдæр кæнæ къаддæргæнгæ раст равæрыны арæхстдзинадтæ ныффидар кæнын.
– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ активон архайд.
– Хистæртæн æгъдау дæттын æмæ кад кæнын куыд зоной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

## Ахуыры нывæст

*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ кæрæдзийæн салам раттынц. Сабитæ гауызыл æрбадынц.)*
**Хъ.** Цавæр бæрæгбон æрбахæстæг кæны?
**С.** Уæлахизы Бон.
**Хъ.** Æмæ цымæ уый цавæр бæрæгбон у?
**С.** Уыцы бон стыр арфæйы ныхæстæ фæкæнынц салдæттæн, афицертæн, æфсæддонтæн æмæ æппæт адæмæн, кæцытæ хæсты рæстæджы бахъахъхъæдтой нæ Райгуырæн бæстæ.
**Хъ.** Раст загътат, æмæ уæдæ уыдон мах дæр хъахъхъæдтой. Æмæ цавæртæ сты нæ салдæттæ?
*(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Уыдон хъуамæ тынг бирæ зоной æмæ алцæмæ дæр

арæхсой. Салдæтты хæсты рæстæг сæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ иу æмæ дыууæ хатты нæ бахъуыдысты. Тынг арæх-иу фехъусæн уыдис: «Салдæттæн се ’рхъуыдыдзинад баххуыс кодта». Уæдæ байхъусут, хæсты рæстæг цавæр цау æрцыд, уымæ. Не ’фсæдтæ æд хотыхтæ размæ куыд цыдысты, афтæ сæ развæндагыл цæхгæрмæ фæци немыцаг рæмыгъд танк æмæ сын ахизæн нæ уыд. Хъуамæ йæ фæндагæй фæиуварс кодтаиккой, фæлæ куыд? Хæстæг сæм ницавæр машинæтæ кæнæ механизмтæ уыдис, æрмæстдæр хуымæтæг хъайвантæ (сæ къалиутæ кæмæн æркъуырдтой, ахæм калд бæлæстæ). Ахъуыды-ма кæнут, цы ми бакодтаиккой?

*(Сабитæ дзурынц алыхуызон верситæ, фæлæ кæд сæхæдæг нæ арæхсой, уæд хъомылгæнæг дарддæр дзуры.)*

**Хъ.** Салдæттæй иу уыдис зондджын æмæ арæхстджын, йæ зæрдыл æрлæууыд: раджы кæддæр иу ранæй иннæмæ уæззау уаргъ баласыны тыххæй уаргъæн йæ быны бавæрдтой стыр тымбыл хъайвантæ. Уыцы хъайвантæ уыдис тулæн, ома уырыссагау «катить», уымæ гæсгæ сæ хуыдтой «катоктæ». «Каток» грекъаг æвзагыл нысан кæны «цилиндр». *(Гауызыл æрæвæры къопп æмæ дзы сисы цилиндртæ кæнæ кърандæстæ.)* Ацы фигурæтæ сты цилиндртæ. Хъайванты хуызæн сты?

**С.** О, сты!

**Хъ.** Уæдæ ацы къопп та у танкы хуызæн æмæ йын хъайванты руаджы йæ бынат аивæм.

*Сабитæ дзурынц сæхи хъуыдытæ. Кæд сæхæдæг нæ арæхсой цилиндртæй архайынмæ, уæд сын хъомылгæнæг бамбарын кæны хæслæвæрд æххæст кæныны алгоритм: 3– 4 цилиндрыл æрæвæр къопп æмæ йæ размæ тул.*

*Сабитæ хъомылгæнæджы æххуысæй æххæст кæнынц хæслæвæрд: цилиндртæ тулынц æмæ къопп размæ цæуы (змæлы). Цæмæй къопп дарддæр змæлгæ цæуа, уый тыххæй*

*сабитæ райсынц фæстаг (уæгъд) цилиндр æмæ йæ къоппы бын разæрдыгæй бавæрынц.*



**Хъ.** Гъе уыцы хуызы салдæттæ, хъайвантæ-цилиндрты руаджы, танк йæ бынатæй аиуварс кодтой. Æрбакæсут æмæ уæ зæрдыл бадарут гуырахстджын фигурæ «цилиндр». Цæй хуызæн у цилиндр?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Цымæ змисыл цилиндр цавæр фæдтæ ныууадзы? Гауызыл æрæвæры змисимæ бæрцуат. *(Сабитæ цилиндрæй змисыл алыхуызон фæдтæ скæнынц æмæ æрцæуынц ахæм хатдзæгмæ: фæрсæрдæм цилиндр ныууадзы расткъуымоны хуызæн фæд. Цилиндр иннæрдæм куы æрæвæрай, уæд та йæ фæдтæ рауайынц зиллæччыты хуызæн. Дарддæр – сабитæ саразынц цилиндры схемæ.)*



**Хъ.** Цилиндртæ цæй æнгæс сты?

*(Сабиты дзуæппытæ. Къорды уаты фæпырх вæййынц æмæ ссарынц цилиндртæ, цилиндры формæ кæмæн ис, ахæм предметтæ: хъомылгæнæг сæ рагацау къорды уаты алы рæтты æрæвæрдта – æдæппæтæй 10 цилиндры. Сабитæ цилиндртæ ссарынц æмæ сын ранымайынц сæ хицæндзинæдтæ: цилиндртæй иутæ уæрæхдæртæ*

*сты, иннæтæ – ныллæгдæртæ. Дарддæр сабитæ цилиндртæ бæрæг фæткæвæрдмæ гæсгæ равæрынц: раздæр – бæрзонддæрæй ныллæгдæрмæ, уый фæстæ та – ныллæгдæрæй бæрзонддæрмæ, стæй уæд – уæрæхдæрæй нарæгдæрмæ.*

*Сабитæ цилиндртæ раст æмæ фæстæрдæм нымад кæнынц æмæ хатдзæг скæнынц: цилиндртæ куыдфæнды æвæрд куы уой, уæддæр сæ бæрц нæ ивы.)*

**Хъ.** Хæсты рæстæг салдатæн алцыдæр тынг ахсджиаг уыд, уæлдайдæр та маскировкæ кæнын, ома æмбæхсын. *(Æвдисы ныв.)* Мæнæ ацы фигурæтæ дæр æмбæхсынтæй хъазынц. Ацы ныві цавæр фигурæтæ бамбæхстис, уыдон ранымайут.



**С.** 1 расткъуымон, 1 квадрат æмæ 1 æртæкъуымон.

**Хъ.** Нымайæн къæбæлтæй дæр равæрæн ис танкы, хæдтæхæджы кæнæ катеры силуэттæ.

*Ацы хæслæвæрд раттæн ис куыд хуызæгмæ гæсгæ, афтæ æнæ хуызæгæй дæр – сабиты цæттæдзинадмæ гæсгæ.*

*Зæгъæм:*

**Хъ.** Цал нымайæн къæбæлæй спайда кодтат? Нымайæн тыныл ссарут уыцы нымæц. Уыцы нымæцæй 1 къаддæр цавæр нымæц у? 2 къаддæр та? Цифрæтæ æмæ нысантæй нымаинæгтæ саразут.

*(Сабитæ, стъолты уæлхъус бадгæйæ, æххæст кæнынц хæслæвæрд: нымæцон тыныл нымæцтæ абарынц æмæ нымаинæгтæ абарынмæ равæрынц, зæгъæм:*

$5 < 6$

$5 = 5$

$7 > 6$

*Хъомылгæнæг æмæ сабитæ хатдзæг скæнынц:*

*Нымæцон тыныл нымæцтæ цæрынц бæрæг æгъдаумæ гæсгæ: нымæцон тыныл цас дарддæр цæуай, уыйбæрц нымæцтæ фылдæргæнгæ цæуынц.)*

**Хатдзæг.**

**Хъ.** Абон ногæй цы базыдтат? Уæ зæрдæмæ цы фæцыдис? Цы уæм фæкаст зын?

*29 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Сæрд».**

**Темæ: «Æнæхъæн нымæц 2, 4, 8 хайыл дих кæнын».**

**Нысан:**

– Сабиты ахуыр кæнын æнæхъæн нымæц 2, 4, 8 æмхуызон хайыл дих кæнын; ахуыр сæ кæнын хæйттæн сæ ас æмæ сæ бæрцы ’хсæн бастдзинад бæлвырд кæнын.

– Дарддæр фидар кæнын: къуырийы бонты нæмттæ; тыгъдадон ахастытæ *(рахиз, галиу)*; лæвæрд хæслæвæрдмæ гæсгæ хæрхытæ æмбырд кæныны æмæ предметты дæргъ барæнæй абарыны арæхстдзинæдтæ. Сабитæн амонын предметы дæргъ, барæны ас æмæ абарсты фæстиуæджы ’хсæн бастдзинад бæлвырд кæнын.

– Нымæцон тыныл иуæг æфтаугæйæ æмæ æппаргæйæ, сабитæм рæзын кæнын нымайыны фæлтæрддзинæдтæ.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, хъусдард æмæ ныхас. Фæлмæнзæрдæ куыд уой æмæ кæрæдзийæн æххуыс куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** 2 фæткъуыйы (кæнæ сæ нывтæ). Стыр геометрион фигурæты хæрх; карточкæтæ-символтæ, нымæцон тыны модель.

**Райуаринаг.** Хуызæй алыхуызон æмæ асæй æмхуызон æртæ расткъуымоны (спайда кæнæн ис цæттæ хуызджын гæххæтты сыфтæй), кърандас, барæн (мерка), лент, 1–10–онг цифрæтæ, нысантæ: « < », « > ».

### Ахуыры нывæст

*(Сабитæ гауызыл бадынц.)*

**Хъ.** *(æвдисы сывæллон чызг æмæ лæппуйы нывтæ кæнæ дыууæ куклайы).* Абон нæм куклаты театр «Саби»–йæ уазæгуаты æрбацыдисты чызг Зæринæ æмæ лæппу Хетæг. Театрмæ адæм цæмæн фæцæуынц?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Театры базонæн ис алыхуызон цымыдисаг цаутæ. Зæринæ æмæ Хетæджы хъæуы сымах æххуыс. Байхъусут-ма, цы сыл æрцыд, уымæ. Уыдис сæм дыууæ æмиас фæткъуыйы. Сæмбæлдысты сыл Хетæджы хæлæрттæ æмæ сæ бафæндыдис сæ фæткъуытæй уыдонæн дæр раттын. Алкæмæ дæр æмбæрц куыд æрхауа, ома фæткъуыйы æмбис, афтæ. *(Æвдисы дыууæ фæткъуыйы дихтæй кæнæ та сæ нывтæ.)* Зæринæ мæнæ афтæ адих кодта йæ фæткъуы *(дихгонд фæткъуыйы ныв)*, Хетæг та мæнæ афтæ *(раст дихгонд кæм нæу фæткъуы, ахæм ныв.)* Цымæ сæ дыууæйæ фæткъуы раст чи адих кодта, ома – дыууæ æмхуызон хайыл?

*(Сабиты дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Тынг хорз! Сабитæн баххуыс кодтат æмæ уын бузныг! Æмæ геометрион фигурæтæ куыд дих кæнын хъæуы, уый зонут? Хетæг æмæ йæ Зæринæйæн бамбарын кæндзыстут?

**Д/хъазт «Дихгæнæнтæ».**

*(Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Сæ разы – фæйнæ æртæ æмиас расткъуымоны: сырх, бур æмæ кæрдæгхуыз. Сабитæ расткъуымонтæ, кæрæдзиуыл сæ æрæвæргæйæ,*

*сæ асмæ гæсгæ абарынц æмæ, æмиас кæй сты, уый сбæрæг кæнынц. Дарддæр расткъуымонтæ се 'рддзжытыл къæдз кæнынц æмæ сæм цы хæйттæ рауад, уыдон æмхуызон кæй сты, уый сбæрæг кæнынц. Дарддæр сырх расткъуымоны æрдæг штрихахуырст кæнынц æмæ расткъуымон иуварс айсынц.)*

**Хъ.** Æмæ цымæ расткъуымон 4 хайыл дæр адих кæнæн ис?

*(Сабитæ дзурынц сæхи варианттæ, расткъуымон 4 хайыл куыд адих кæнæн ис, уый тыххæй. Дарддæр райсынц иннæ дыууæ расткъуымоны æмæ ма сæ ноджы иу хатт къæдз кæнынц, ома сæ 4 хайыл дих кæнынц. Дарддæр бур расткъуымон райхалынц, йæ цыппар хайæ йын иу штрихахуырст кæнынц æмæ расткъуымон иуварс айсынц.)*

**Хъ.** Зæгъут-ма уæдæ, цымæ цал хайыл адих уыдзæн кæрдæгхуыз расткъуымон, иу хатт ма йæ куы акъæдз кæнæм, уæд?

**С.** Ацы расткъуымон 8 хайыл адих уыдзæн.

*(Сабитæ ма кæрдæгхуыз расткъуымон ноджы иу хатт къæдз кæнынц, стæй йæ райхалынц æмæ, хæйттæ банымайгæйæ, сбæрæг кæнынц, расткъуымон 8 хайыл дихгонд кæй æрцыд, уый. Дарддæр расткъуымонæн йæ аст хайæ иу штрихахуырст кæнынц. Уый фæстæ сабитæ æртæ расткъуымоны сæ разы равæрынц æмæ сын сæ штрихахуырст хæйттæм æркæсынц: æрдæг, цыппæрæм хай æмæ æстæм хай.)*

**Хъ.** Кæцы фигурæйæн у стырдæр йæ штрихахуырст хай æмæ цæмæн?

**С.** Сырх расткъуымонæн, уымæн æмæ йæ æрмæст дыууæ хайыл дих кодтам.

**Хъ.** Уæдæ кæцы фигурæйæн у æппæты къаддæр йæ штрихахуырст хай?

**С.** 8 хайыл цы фигурæ дих кодтам, уыцы фигурæйæн. *(Хъомылгæнæджы æххуысæй скæнынц хатдзæг: хæйтты*

*нымæц цас къаддæр уа, уыйбæрц стырдæр сты хæйттæ.)*
**Хъ.** *(сабитимæ алыхуызон геометрион фигурæтæ дих кæны æндæрхуызон цыфæнды мадзæлттæй).* Зæгъут–ма, уæдæ цымæ нæ дихкæныны арæхстдзинæдтæ кæм бахъæудзысты?
**С.** Хæйттыл адих кæнæн ис къафетт, торт, фæткъуы æмæ афтæ дарддæр.
**Хъ.** Сабитæ, ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, Зæринæмæ йæ гуырæн бонмæ цал уазæджы æрбацæудзæн, кæд æмæ торт 8 хайыл адих кодта?
**С.** Зæринæмæ æрбацæудзæн 7 уазæджы, чызг йæхæдæг та уыдзæн æстæймаг. 7 æмæ 1 уыдзæн 8.
**Хъ.** Зæринæ йæ гуырæн бонмæ æнæхъæн къуыри цæттæ кодта йæхи.
*(Сабитæ, алыхуызон архайд имитаци кæнгæйæ, скæнынц физминуткæ.)*
**Д/хъазт «Къуыри»**
**Хъ.** Къуырисæры гæрзтæ ныхсадтон.
Дыццæджы хорз мæ уат ныхсадтон.
Æртыццæджы фыхтон æз дзултæ.
Цыппæрæмы фесæфт мæ пурти.
Тæбæгътæ майрæмбоны 'хсадтон.
Егъау торт сабаты балхæдтон,
Цæмæй хуыцаубоны æрхонон
Сывæллæтты мæ гуырæн бонмæ.

**Хъ.** Къуырийы цал боны ис? *(Авд боны.)* Цы куыста Зæринæ къуырисæры? *(Гæрзтæ 'хсадта.)* Куыд хуыйны къуырийы æртыккаг бон? *(Æртыццæг.)*
Зæринæ йæ гуырæн бон къуырийы бонтæй кæцыйы бæрæг кодта? *(Хуыцаубоны.)*
Сабат æмæ хуыцаубон куыд схонæн ис? *(Улæфты бонтæ.)*
*(Сабитæ дзуапп дæттынц ацы фæрстытæн.)*
**Хъ.** Зæринæ йæ уазджытæн æрцæттæ кодта алыхуызон

хъæзтытæ æмæ хæслæвæрдтæ. Фæнды уæ ахъазын?

**Д/ хъазт «Чи тагъддæр?»**

*(Сабитæ, сæхи фæндонмæ гæсгæ, дыууæ командæйыл дих кæнынц. Командæты архайджытæ хъуамæ æмбæрц уой.)*

**Хъ.** Командæты архайджытæ æмбæрц сты æви нæ, уый куыд сбæрæг кæнæм?

*(Сабиты алыхуызон дзуæппытæ: къæйттæй æрлæууын кæнæ архайджыты банымайын. Алы командæйæн дæр – йæхи хæслæвæрд лæвæрд цæуы: карточкæтæ-символты руаджы бæрæг хæрх æрæмбырд кæнын. Зæгъæм: алыхуызон фигурæты хæрх, расткъуымонтæй фæстæмæ; цавæрфæнды хуызы фигурæтæ æрæмбырд кæнын, сырх фигурæтæй фæстæмæ. Архайджытæй алчи дæр, гауызыл цы фигурæтæ ис, уыдонæй райсы иунæг. Хъазты кæрон, кæцы командæ фæуæлахиз, уый рабæрæг вæййы.)*

**Д/хъазт «Барæм раст».**

*Алы сывæллонмæ дæр иу лент. Зæринæ хъуамæ ссара æппæты даргъдæр лент. Сабитæ къæйттæй æрбадынц стъолты уæлхъус. Стъолтыл – алы сабийæн дæр барæн, се 'ппæт дæр – æмиæстæ; 1–10-йы онг цифрæтæ; нысæнттæ « > », « < ». Сабитæ барæнты руаджы лентытæ сбарынц: ленты дæргъы цал барæны ис, уый сбæлвырд кæнынц æмæ даргъдæр лент рабæрæг вæййы.*

*30 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Сæрд».**

**Темæ: «Хатдзæгтæ кæныны ахуыры сахат».**

**Нысан:**

– Хæрхытæм гæсгæ алфамбылай дунейы тыххæй сабиты зонындзинæдтæ уæрæхдæр æмæ фидардæр кæнын. Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ геометрион фигурæтæ æмæ хæххыты, ас, бæрц æмæ рæстæджы ахастыты тыххæй.

– Ныффидар кæнын 10-ы онг нымад, 10-ы онг нымæцты амад иуæгтæй æмæ 5-ы онг нымæцты арæзт дыгай къаддæр нымæцтæй.
– Рæзын кæнын предметтæ иу кæнæ цалдæр миниуæгмæ гæсгæ классификаци кæныны арæхстдзинæдтæ; сабиты ахуыр кæнын хæрхытæ æриу кæнын кæнæ иу хæрх къаддæр хæрхытыл дих кæнын.
– Сабитæ исты базонынмæ разæнгард куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

## Ахуыры нывæст

*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, цæлхдымбылæй лæууынц.)*
**Хъ.** Ныртæккæ цавæр афæдзы афон у?
**С.** Уалдзæг.
**Хъ.** Тагъд уалдзæг фæуыдзæн æмæ ралæудзæн…
**С.** Сæрд.
**Хъ.** Сæрд уарзут? Цæй тыххæй?
*(Сабиты дзуæппытæ – æрхæстæг сæ кæнын ахæм дзуапмæ: иумæ хъазæм, тезгъо кæнæм.)*
**Хъ.** Нæ къорды цал лæппуйы ис?
**С.** Аст.
**Хъ.** Уый бирæ у æви гыццыл?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Лæппуты хæрх. Чызджытæ та нæм цал ис?
**С.** Авд.
**Хъ.** Чызджыты хæрх. Кæцы хæрх фылдæр у? Цал фылдæр?
**С.** Лæппуты хæрх чызджыты хæрхæй у 1 фылдæр.
**Хъ.** Куыд æй сбæрæг кæнæм?
**С.** Чызджытæ æмæ лæппутæ хъуамæ къæйттæй æрлæууой.
*(Сабитæ къæйттæй æрлæууынц æмæ сæ хъуыды сбæрæг кæнынц.)*

**Хъ.** Чызджытæ æмæ лæппуты иу хæрхы баиу кæнæн ис?
**С.** О. Уый уыдзæни сабиты хæрх.
**Хъ.** Нæ алыварс ис бирæ алыхуызон хæрхытæ. Ранымайут, цавæр хæрхытæ уынут, уыдон. *(Сабиты дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Мæнæ ацы ран та цавæр хæрх ис?
**С.** Геометрион фигурæты хæрх.
**Хъ.** Цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ ацы фигурæтæ?
**С.** Фигурæтæй иутæ сты фæзон (плоские), иннæтæ та – гуырахстон (объемные).
**Хъ.** Фигурæтæ дыууæ хæрхыл ахицæн кæнут: фæзон æмæ гуырахстон, стæй мын, алы гуырахстон фигурæ дæр куыд хуыйны, уый зæгъут.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Дарддæр дыууæ хæрхы алы миниуджытæм гæсгæ дих кæнынц дæлхæрхытыл – подмножество.*
*I вариант: хуыз, конд кæнæ асмæ гæсгæ.*
*II вариант: хæслæвæрд фæвазыгджындæр кæныны тыххæй – дыууæ миниуæгмæ, зæгъæм, хуыз æмæ кондмæ гæсгæ. Хъомылгæнæг æмæ сабитæ скæнынц хатдзæг: хæрхытæ баиу кæнгæйæ кæнæ сæ фæкъордтæ кæнгæйæ саразæн ис æндæр хæрхытæ.)*
**Д/ хъазт «Геометрион конструктор».**
*(Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Стъолтыл сæ разы цы геометрион фигурæтæ ис, уыдонæй равæрынц цæрæгойты, мæргъты æмæ зайæгойты силуэттæ. Дарддæр сабитæ хъомылгæнæджы æххуысæй хатдзæг скæнынц: иу хуызы хæрхытæй саразæн ис æндæр хуызы хæрхытæ, ног миниуджытæм гæсгæ сæ куы къордтæ кæнæм, уæд.)*
**Д. /хъазт «Ныв».**
*(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – геометрион хæххыты хæрх. Сабитæ фæйнæгмæ æрбалæууынц æмæ хæххытæ ранымайынц.)*



**Хъ.** Ацы хæххытæ бæрæг уагæвæрдмæ гæсгæ куы равæрæм, уæд дзы рауайдзæн ныв. *(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл ныв æрæвæры. Сабитæ йæм лæмбынæг кæсынц æмæ, цавæр геометрион фигурæтæ æмæ хæххытæй арæзт у, уый дзурынц.)*

**Д/хъазт «Бирæкъуымонтæ».**

*(Сабитæ гауызыл æрбадынц. Алы сабимæ дæр къонверты мидæг – алыхуызон бирæкъуымонты хæрх. Сабитæ фигурæтæ равæрынц, сæ къуымтæ æмæ фæрсты бæрц фылдæргæнгæ куыд цæуа, уыцы хуызы.)*

**Хъ.** Царды мидæг алцæмæн дæр ис уагæвæрд. Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, кæм хъæуы уагæвæрд æмæ фæтк? Зæгъæм, хæдтæхджытæ тæхынц карз ранывæзтмæ (расписание) гæсгæ. Кæм ма ноджы?

*(Сабитæ: Поездтæ æмæ наутæ дæр цæуынц карз ранывæзтмæ гæсгæ; скъолайы урочытæ цæуынц ранывæзтмæ гæсгæ; бон æмæ æхсæв кæрæдзи ивгæ цæуынц уагæвæрдмæ гæсгæ: къуырийы бонтæ кæрæдзи фæдыл уагæвæрдмæ гæсгæ цæуынц.)*

**Д/хъазт «Къуыритæ».**

*(Гауызыл – æвдгай дыуугæ хуызы цифрæтæ. Сабитæ райсынц фæйнæ цифрæйы æмæ къорды уаты фæпырх вæййынц. Цифрæ кæмæ не ’рхаудис, уый у амонæг. Сабитæ номыртæм гæсгæ дыуугæ рæнхъæй æрлæууынц. Хъомылгæнæджы сигналмæ гæсгæ сабитæ алырдæм фæпырх вæййынц æмæ дарддæр иннæ сигналмæ гæсгæ ногæй кæрæдзи фæдыл алæууынц. Амонæг зилы æмæ сбæрæг кæны, алчи йæ бынаты раст лæууы æви нæ, уый.*

*Дарддæр сабитæй алчи амонæгæн зæгъы йæ ног «ном», ома йæ номырмæ гæсгæ кæцы къуырийы бон у, уый. Зæгъæм: фыццаг номыр – къуырисæр, дыккаг – дыццæг æмæ а. д. Хатдзæг скæны амонæг: командæтæй тагъддæр кæцы алæууыд æмæ йæ рæдыдтытæ къаддæр кæцыйæн уыдысты, уый фæзæгъы.)*

**Д/хъазт «Анымаинаг»**

*(Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æмæ стъолтыл – нымæцон тынтæ. Сабитæ аразынц нымаинæгтæ æмæ сæ нымæцон тыныл банымайынц. Сабитæй иу архайы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл. Зæгъæм: Æртæмæ ма дыууæ бафтыдтой æмæ дзы рауадис 5.)*

**Д/хъазт «Логикæ»**

*(Сабитæ логикон хынцинæгтæ халынц – решают).*

**Хъ.** Дзых ын нæй, фæлæ у дæндагджын. Цы у?

**С.** Хырх.

**Хъ.** Дыууæ фæткъуыйы ис стъолыл. Иу фæткъуы дзы дыууæ ’мбисы фæкодтой. Цал фæткъуыйы ма ис стъолыл?

**С.** Дыууæ фæткъуыйы дæр сты стъолыл, фæлæ сæ иу æнæхъæн нал у.

**Хъ.** Зæгъут-ма, цæуыл ацæудзыстæм ныртæккæ?

**С.** Пъолыл.

# Хуымæтæг математикон зонындзинæдты диагностикон картæ
## Хистæр къорд

| № | Сабийы М. Н.ФН. | Бæрц | | Геометрион фигурæтæ | | | Ас | | | Уавæр зонын (ориентировкæ кæнын) | | | Рæстæг зонын (Рæстæджы ориентировкæ кæнын) | | Хатдзæг |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Нымæцты æмахаст; 1-æй 10-ы онг нымад | Нымæц 5-ы арæзт дыууæ йæхицæй къаддæр нымæцæй. Нымаинæгтæ кæнын | Гуырахстон æмæ фæзон фигурæтæ | Хæрхытыл дих кæнын | Логикон рæхыстæ | Даргъ – цыбыр | Барæны руаджы абарст | Фæзыл: рахизæрдыгæй-галиуæрдыгæй, уæле, дæле | Гæххæтты сыфы (галиу-рахиз, уæллаг-бинаг, астæуккаг) | Тыгъдады: рахизæрдыгæй-галиуæрдыгæй, дарддæр-æввахсдæр, разæй-фæстейæ, фæстæ, сæрмæ, бынмæ | Суткæйы æмбарынад: знон, абон, райсом | Къуырийы бонтæ | Баллтæ | |
| | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | |

*Учебно-методическое издание*

**Марина Викторовна Маркина**

**Валентина Юрьевна Шашлова**

# Развитие элементарных математических представлений

МЕТОДИЧЕСКОЕ ПОСОБИЕ
(КОНСПЕКТЫ ЗАНЯТИЙ)

Перевод *Т. К. Хохоевой*

Редактор *Е. М. Кочиева*
Компьютерная верстка *Б. А. Келехсаевой*

Сдано в набор 28.06.2012. Подписано в печать 20.07.2012
Усл.п.л. 13,5. Бум. 65 гр.
Гарнитура шрифта «Times».
Печать цифровая. Формат 60 x 84 1/16
Тираж 30 экз.

Отпечатано с готовых диапозитивов в издательстве СОГПИ,
362003, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, 36